# Орга
## № 9-10. 2016

***Пачхьалкхан бюджетан учреждени***
***«Литературин-исбаьхьаллин журнал «ОРГА»***

Арадолу 1958 шарахь дуьйна

***Шен ненан мотт халкъо,***
***Сий ойбуш, Іалашбахь,***
***Цу халкъан пергІато***
***Цхьаммо а хьошур яц.***

***Мамакаев Мохьмад***


***сайташ: www.orgajournal. ru***

***эл. почта: orgagroz@mail.ru***

***Коьрта редактор***
***Минкаилова Хьава Эльбрусовна***

Редакцин кхеташо:

Алиева Зарина
Бурчаев Хьаьлим
Минкаилов Эльбрус
Сумбулатов Дени
Цуруев Шарип
Шамсудинов Бувайсар

Журнал диллинарг:

Нохчийн Республикин къоман политикин, арахьарчу зІенийн, зорбанан а, хаамийн а Министерство

364060 НР, Соьлжа-гІала,
Дудаев С. бульвар, 5, Радион цІа

***Журнал кхаа баттахь цкъа арадолу***

Редакце схьалушйолу произведенеш зорбатоьхна хила еза. Журнала тІе ца тоьхначу произведенийн маххадор а, уьш авторшка юхаялар а редакцино шена тІе ца лоцу.

Суьрташ даьхнарш, дехкинарш:
Минкаилов Э., Шавхалова А.

Журнал арахоьцучун (редакцин адрес): 364051 Нохчийн Республика, Соьлжа-гІала,
В. Маяковскийн урам, 92
Зорбатоха дІаделла 15. 12. 2016 ш. Арахеца куьг яздина 19.12. 2016 ш.

## ЧУЛАЦАМ

ДАКАЕВ СаьIидбек
Сан даймохк!.. *Стихаш*..... 3
БIаьрла лар. Къоман культурехь, литературехь, Iилманехь бIаьрла лар йитина нохчий зударий. Кечйинарг Аболханов Хьаькам. ..... 7

## ПРОЗА

БЕКСУЛТАНОВ Муса
Дийцахьа, Яхьйа, дийцахьа суна. *Дийцар*. ..... 12
ЭЛЬДИЕВА Марет
Я суна дага ца догIу-техьа?. *Дийцар*. ..... 17
САРАЛИЕВА Табарк
Йовха пазаташ я ненан йовхо… *Дийцар*. ..... 19

## ДРАМАТУРГИ

АХМАДОВ Муса
Нохчийн маттахь, нохчийн махкахь (шолгIа гайтам). *Пьеса*. ..... 21

## ПОЭЗИ

МАЛАКОВ Ваха
Хуур ду хьуна… *Стихаш*. ..... 51
ЯХЬЯЕВ Салавди
Дог а а селла карзахдаьлла. *Стихаш*. ..... 55
СУЛЕЙМАНОВА Зайнап
Пхьрмат. *Легенда*. ..... 57
МУРТАЗОВ Iадлан
Нохчийчоь ю-кх хьо… *Стихаш*. ..... 70

## ГОЧДАРШ

ЛЕРМОНТОВ Михаил
Мцыри. *Поэма*. Гочйинарг Ахматукаев Адам. ..... 73

## ЮБИЛЕЙ

Яричев Iумар
Иза дагахь волу ду шовзткъе пхи шо… *Стихаш. Гочйинарг Кусаев Iадиз* . .... 83
Дакаев СаьIидбекан 65 шо кхачарна
Поэзин говзаллин лакхенаш. *Статья*. ..... 87
Дикаев Мохьмадан – 75 шо
Даймохк «даго лоькху зурма» яра поэтан. *Статья*. ..... 92

ДАКАЕВ СаІидбек

## Сан Даймохк!...

Сан Даймохк! –
Хьан ву со,
Хьан дегІан
Дагах схьаваьлла.
Цхьа цІий ду,
КІежтуьйсуш,
Вайшиннан
Пхенашкахь кхехкаш.
Ненан аз товжийна,
Аганан илли ахь аьлла,
Мерзачу набаро
Іехийна,
Хьан марахь техкаш.
Шелвелча, со вохвеш,
Хьайн дегІан
Йовхо а елла,
Хьаьстина,
Догъэцна,

Некъ хьоьхуш,
Ваькхина новкъа.
Мацвелча –
Вузийна,
Хьайгара
Комаьрша делла
Куьг лаьцна,
ГІаттийна,
Валийна
Дахаран шовкъе,
Сан даймохк,
Баркалла-м
Хьан цІарах
КІезиг ду ала,
Суна и ца хетта,
Кхачаме,
Дагна ма-хетта…
ХІора хьан
ДегІан чо –
Давис-кха! –
Дешица кхала,
ДІа ца вовш,
Хьох хьерча, дІо маьлхан
Серлонах кхетта.
ХІай латта,
Даймехкан
Сийдолу,
Куцдолу латта,
Сан кого кхоамца
Хьан дегІан
ХІора цинц хьоьшу.
Дог сецна,
Вужур техь, хьан дуьхьа
Йиш йоцуш гІатта?
Дайн цІийца
Хьанделла
Хьо доцург,
ХІун дарба оьшу?
ХІун марзо
Хир яра,
Хьол ара
Кхевдина, леха?
Хьол сирла
ХІун гур ду
БІаьргашна,
Хьох хераваьлча?
Харц хир ду,
Варкъ хьаьхна,
Сан деган
Готтачу хьехахь
ДАЙМОХК! –
И доккха дош
Язделла
Карор дац, аьлча…

## Нене

«Къанъяллалц яьхна кхерч
ДІатаса атта дац», – бохуш,
Хьо еха лаьмнашкахь
Уьйрех га тесначу юьртахь.
Генара, гергара
Некъ эцна хьаша-да вогІуш,
Комаьрша, догцІена
Хьаша тІеэцначу кертахь.

Мел хаза хан яра! –
Дахарехь йицлойла доцуш:
Цхьатерра, хІусамехь
Барт болу доьзал а кхиъна,
(Деношм-м дІауьдура,
Марзонех шайн йогІург оьцуш)
Да Іара тамхилла,
УьйтІарчу дитта кІел хиъна.

Шун берийн куьйгашца
Хьанала къинхьегам гора,
Яхь-гІиллакх, сий-ларам
Дехара, дегнашца лелаш.
Кханенна хьаштхиндерг
Дас-нанас берашна лора,
Хьехамийн аз гІиттош,
Олура: «Варийлаш, бераш…»

Вайн кертах болу некъ
Кхолламо, гаьннашка боькъуш,
Цхьацца нхьа кхийсина,
Вай хІинца цхьацца нхьа деха.
Хьо-м цигахь цхьаъ йиси,
Буйнаца юткъа гІаж лоьІуш,
ДІадевлларш, сатуьйсуш,
Ойланийн хьегамехь лиэха.

КІеж тесна кхехкачу
Дахаран мерза аз дезна,
Ден-миска Іожалло,
Катоьхна, вадийра шеца.
Геннара забаршца
Мохь бетташ, массарна езна
Ден йиша кхин ягІац –
Самукъне «Гу тІера Деца»

ГІа санна, лестина,
Со а кху сайн гаьн тІехь веха,
Кхолламан лехамаш,
Іийдалуш, белшаш тІе Іенаш.
Са огу ойланаш
Тийналлехь лестало цІехьа,
Вайн жима юрт толлуш,
ТІегулдан ширделла гІенаш…

Дитта тІехь гулделла
ДогцІена хьозарчий санна,
Йиш-ваша, гергарнаш,
ДІадевлларш ойланехь туьйсуш,
Вон-дика деанчохь
Гулло вай кІеззигчу ханна,
Кхуьуш я ца кхуьуш,
Вовшашца марзонаш оьцуш.

ХІун дер ткъа… Иштта ю
Сацаран тембоцу зама.
Массо а, сахаьдда,
Заманан кхес лаца гІерта.
Ткъа иза-м, йиъларахь
Берг туьйсуш, дІауьду пана,
Лаамийн хетаршна
ЙогІуш, я ца йогІуш берта.

Уьйрашца гІелвелла,
Дог цаьрга ца кхийдош цкъа а,
Цхьа де тІех ца туьлу,
Кхеталахь, сан мерза нана.
Ас сайна ца лоьху
Мах боцу, декъаза дакъа.
Диканна гІуьтту со,
Иэхьан къих ца ваггал кхана.

Хьан юьхь тІехь хебарша
Яздина йозанаш доьшуш,
Схьаэккхал сабІарзлой,
Сан кийрахь цІе марсаюьйлу.
Сан воккхахиларна
Хьан марзо хьалхачул оьшу,
Цундела эгІаза хьан дегІ ас
Сайн мара къуьйлу.

…Бер санна, хьаьстина,
Доккхачу дехаре ваьлла,
Юха а ас хьоьга:
«Со волчохь Іахьара» – олу.
«Къанъяллалц яьхна кхерч
ДІатаса атта дац», – аьлла,
Сан лаам дІатоьттуш,
Хьоьгара и цхьа жоп долу.

## Нохчийн йоІе

Іадсанна, дуьйлина
МаргІала дуткъа дегІ,
Хьо йогІу, дайдина
ГІургІезан болар.
БІаьрг тилош, маьлхан нур
Даьржина хьуна тІехь –
Малхана лиъна-те
Яккха шен дола?
Зезагал хазъелла,
Нохчичун тешамехь
Хьо кхиъна хьекъалах,
ГІиллакхах юьзна.
КІедачу хьежарехь,
Хьан деган эшарехь
Вацара хьоьгара
Шога дош хезнарг.
Дозаллех ларйина,
Амалех марзйина,
БІаьстенах тарйина,
ЛадоьгІу хьоьга.
Сатийсам хьегабеш,
Йовхонах вагавеш,
Нуьре бос багабеш,
Хьан беснеш йогу.
Ойланех тийсалуш,
ГІенашка Іийдалуш,
КІенташа, Іехалуш,
Хьан безам муьйлу.
Ойлано ийзавеш,
Саготте хьийзавеш,
Сатийсам къийзабеш,
Хьо даг чу къуьйлу.
Дахаро ирс хьехна,
Безамо некъ лехна,
Нус хилла, юссур ю
Хьо цхьанна-м керта.
Дуьненах йоккхаеш,
Доьзалах хІоттаеш,
Къонахчун хІусамехь
Ехийла бертахь.

## ТІаьххьара буьйса

Сагатдеш, дІайоьду
Декабран тІаьххьара буьйса,
Сиркхоно даздина,
Цхьажимма дегІ могаш дац.
Ойланаш, гулъелла,
ДІадаьлла шо кегош, хьуьйсу,
Уьш тховса, дош аьлла,
Шайниг ца хьахийча Іац.

Шена чохь мел лелларг
Яьгначу марзонца оьхьуш,
Деладо, делхадо
Даьгначу шаро сан дог.
Тховса цо тІаьххьара
Керлачех некъ-гечо хьоьхуш,
Керлачу шаре ас юха а кховдабо ког.

Атта дац дІатаса
Хан йоккхуш чохь ваьхна пенаш –
Сан некъан хІусам, ас
Дийнна шо даьккхинарг чохь.
Цкъа маца, генара,
Цунна сайн сингаттам Іенаш,
Аз гІиттош, айвелла,
Ас цуьнга тухур бу мохь.

Хазделла, къонделла,
Тховса со шега дІавоьхуш,
Керла шо тІекхийда,
Самукъне шен бІаьцаш еш.
Витахьа ойла ян…
Гой хьуна, гІайгІанехь оьхьуш,
Даханчу шаро шен
ТІаьххьара суй багабеш.

# БІаьрла лар

## Къоман культурехь, литературехь, Іилманехь бІаьрла лар йитина нохчийн зударий

**Исаева Асет**, актриса, Россин Федерацин хьакъйолу артистка, йина 1915-чу шеран сентябрь беттан 5-чу дийнахь Лаха-Неврехь. Нохчийн театран юьхь йолийначарех а, цуьнан юьхь хилла чекхъяьллачарех а цхьаъ ю А. Исаева. І928-чу шарахь дуьйна цо дакъалоцу Яндаров Мохьмада вовшахтоьхначу драмкружкехь. І93І-чу шеран І-чу майхь драмкружокехь Нохчийн пачхьалкхан драмтеатр йича, цигахь болх бан кхайкхинчу І9 артистана юккъехь яра Асет. ХІетахь дуьйна цуьнан дахар, хада йиш йоцуш, Нохчийн театраца дозаделла дара. Дукха ю цо театран сцени тІехь ловзийна ролаш. Цхьатеррачу кхиамца дакъалоцура Кавказерчу авторийн, оьрсийн а, дуьненан а классикийн пьесаш тІехь хІиттийначу спектаклашкахь. Хьовсархошна дагахь дисинчех ду «Мекхаш-Мирза», «Марнана», «Аршин-Мал-Алан», «КІентий лечу хенахь», «Лийрбоцурш» спектаклашкара ЦІахьпатун, Жанатин, Джанаханан, ненан, Бикатун васташ. Амма актрисин кхолларалли дахарехь уггаре боккха кхиам лара догІу І.Хамидовн «Бож-Іела» спектаклехь Исаева Асета ловзийна Маймин роль. ХІетахь дуьйна хьовсархойн иэсехь Майма хилла яха йисира Исаева Асет.

Исаева Асет дІакхелхина І97І-чу шеран март беттан 5-чу дийнахь.

**Чентиева Марем**, нохчийн зударех дуьххьарлера меттан Іилманча, филологин Іилманийн кандидат, йина І9І6-чу шеран март баттахь Хьалха-МартантІехь. І936-чу шарахь Москвахь Центральни Іилманан-талламан институтехь аспирантура чекхъяьккхинчул тІаьхьа белхаш бо Нохч-ГІалгІайн историн, меттан, литературин Іилманан-талламан институтехь Іилманан белхахочун, декъан доладархочун, Институтан директоран декхарш кхочушдеш.

І939-І943-чуй шерашкахь Нохч-ГІалгІайн АССР-н серлонан министр лаьтта.

Нохчийн мотт, литература таллуш бинчу а, литература хьехаран методикина леринчу а Іилманан дуккха а белхийн автор а ю иза.

ДІакхелхина 2000-чу шеран юьххьехь.

Шайн цIерш яха хьакъболу зударий кхин а дуккха а бу вайн: нана-турпалхой, Iилманчаш, лоьраш, хьехархой... Шуна бовзийтинарш царех цхьаберш бен бац.

Коьртаниг къомо а шайх дозалла дан хьакъболуш эзарнаш зударий вайн хилар ду. Дала сийдойла церан!

**Айдамирова Марем,** халкъан йишлакхархо, Россин Федерацин хьакъйолу артист, йина I924-чу шеран январь беттан I-чу дийнахь Теркан кIоштан Бена-Юьртахь.

Дуьххьара йоккхачу сцени тIе ялар хилира пхоьалгIачу классехь доьшуш йолуш. ХIетахь цо дакъалецира Пятигорскехь дIаяьхьначу Кавказан къаьмнийн халкъан кхолларалли олимпиадехь. Эшарш лакхар ца дитира дерриге къомаца цхьаьна Юккъерчу Азе кхалхийначохь а. ТIаьхьуо Казахийн оперни театре балха кхойкху иза. Театран труппица, концерташ луш, чекхъелира Казахстанан дуккха а гIаланашкахула, ярташкахула. Нохчийн эшаршца цхьаьна цо кхочушйора казахийн, гIиргIизойн эшарш а.

I957-чу шарахь дуьйна шен дахаран тIаьххьара де кхаччалц артисткас хьанал къахьоьгу Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан филармонехь. Халкъалахь езаш тIеэцна яра цуьнан дуккха а эшарш: «Бэлин йиш», «Дуьне дитина боьду можа малх», «Нохчийн йоI», «ДIасакъастар», «Кийрара дилха дог», «Ма хазахета тIейогIу суьйре», «Кегийрхойн йиш», «Гуобаькхина лам бу ала», иштта кхин а.

Къоман музыкальни культура ларъярехь, кхиорехь цуьнан белхан лаккхара мах хадош, цунна еллера «Нохч-ГIалгIайн АССР-н халкъан артист», «РСФСР-н сийлахь артист». ДIакхелхина I992-чу шарахь.

**Ахматова Раиса**, Нохч-ГIалгIайн АССР-н халкъан поэтесса, йина I928-чу шеран декабрь беттан 30-чу дийнахь Соьлжа-ГIалахь (дIакхелхина I992-чу шарахь). Дешна Соьлжа-ГIаларчу хьехархойн училищехь, Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан хьехархойн институтехь, Москвара лакхара литературин курсаш а яьхна.

Стихаш язъян йолаелла училищехь доьшуш йолуш. Цуьнан байтийн хьалхара «Хьоме республика» гулар араелира I958-чу шарахь. ХIетахь дуьйна нохчийн а, оьрсийн а меттанашкахь 30 сов стихийн гулар зорбане яьлла поэтессин («Дикалла», «Сан седа», «Цхьаьнакхетар», «Откровение», «Лунной тропою», «Поющая чинара», «Шовданан йистехь», иштта кхин а). Ахматова Раисин кхолларалле хь

йоккха меттиг дIалоцуш ю нохчийн зударийн дахаррий, ойланашший, сатийсамашший гайтаран тема. Къаьсттина дагах хьакхалуш бу цо шен дукхахйолчу говзаршкахула чехбоккху Даймахке, нене болу безам.

Р. Ахматовас жигара дакъалоцура республикин культурин а, юкъараллин а дахарехь. Дуккха а шерашкахь Нохч-ГIалгIайн яздархойн союзан правленин председатель а, Нохч-ГIалгIайн АССР-н Лакхарчу Советан председатель а лаьттира иза.

**Насуханова Ляля**, нохчашлахь дуьххьарлера зуда-летчица, СССР-н спортан хьакъйолу мастер, йина I939-чу шарахь Йоккхачу-АтагIахь. ТIехдика дешарца чекхъяьккхина Саранскера летчикийн училище. I96I-I978-чуй шерашкахь белхаш бина Махачкаларчу аэроклубехь (летчик-инструктор), ДОСААФ-н Соьлжа-ГIаларчу авиацин центрехь (летчик-инструктор, авиацин звенон командир). Оцу хенахь кечвина 200 сов летчик, I00-за сов парашютаца кеманна тIера чукхоссаелла, 2560 сахьте кхочу цо хIаваэхь яьккхина хан. I963-чу шарахь кхиамца дакъалоцу хIаваакеманийн спортан СССР-н чемпионатехь. Божаршна юккъехь хиллачу къийсадаларшкахь шолгIа меттиг а, оццу шарахь зударшна-летчикашна юккъехь хиллачу чемпионатехь кхоалгIа меттиг а йоккху. Спортехь гайтина хьуьнарш билгалдаьхна «СССР-н спортан хьакъйолу мастер» сийлаллин цIе яларца.

Заочни кепара доьшуш чекхйоккху Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан филологин факультет. I978-чу шарахь дуьйна партин, профсоюзийн органашкахь болх бо. Итт шарахь гергга КПСС-н Грозненски райкоман секретарь лаьтта, I988-чу шарахь дуьйна культурин белхахойн профсоюзан республикин комитетан председатель йолуш болх бо.

ДIакхелхина 2000-чу шеран январехь.

**Багалова Зулай,** актриса, Россин Федерацин хьакъйолу артистка, йина I945-чу шеран июнь беттан 2-чу дийнахь Юккъерчу Азехь. Дешна Х. Нурадиловн цIарахчу нохчийн пачхьалкхан драмтеатран школехь-студехь, I977-чу шарахь чекхъяьккхина А.В.Луначарскийн цIарах йолу театран искусствон пачхьалкхан институт (ГИТИС). Еххачу хенахь болх бина Х. Нурадиловн цIарахчу нохчийн пачхьалкхан драмтеатрехь. 60—80-чуй шерашкахь нохчийн театр Ерриге россехь а тоьллачарех цхьаъ хилла дIахIоттарна юкъа йоккха хазна йиллинчех цхьаъ ю Багалова Зулай. Дукха ролаш ловзийна

цо нохчийн театран сцени тIехь. Хьовсархошна къаьсттина дагахь дисинчех ду цо кхоьллина васташ: Алпату («Цхьана юьртахь», М. Мусаев), ПетIамат («ПетIамат», С. Бадуев), Миллер Луиза («Ямартло а, безам а», И. Шиллер), Асель («ЦIен йовлакх тиллина сан акхтарг», Ч. Айтматов), Бусана («Бешто», С. Будуев, М. Солцаев), Совдат («Совдат а, Дауд а», I. Хамидов), Зулай («Бож-Iела», I. Хамидов), иштта кхин а. Багалова Зулайс сцени тIехь кхоьллина зударийн васташ нохчийн театран искусство кхиорна юкъайиллина шатайпа хазна ю. Карарчу хенахь Зулайс боккха болх бо нохчийн ламасталлин культура шуьйра йовзийтарна тIехьажийна.

**Хасбулатова Зинаида**, химин Iилманийн доктор, профессор, Нохчийн Республикин Iилманан хьакъйолу деятель, йина I956-чу шеран март беттан 27-чу дийнахь Казахстанан Алма-Атан областан Текели-гIалахь.

I979-чу шарахь чекхъяьккхина Казахски пачхьалкхан университетан химин факультет.

I972-I982-чуй шерашкахь школехь хими а, биологи а хьоьхуш болх бо (Казахстанан Талды-Кургански областехь). I982-чу шарахь Даймахка – Нохчийчу – цIайоьрзу. I982-I987-чуй шерашкахь Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан биоорганически химин кафедрехь ассистентан даржехь болх бо.

I987-I99I-чуй шерашкахь Д.И. Менделеевн цIарахчу Московски химико-технологически институтан аспирантурехь доьшу. Цул тIаьхьа I995-гIа шо кхаччалц Нохчийн Республикин университетан биоорганически химин кафедрехь лакхара хьехархо йолуш болх бо. I995-чу шарахь дуьйна таханлера де кхаччалц Нохчийн пачхьалкхан хьехархойн институтан химин а, хьехаран методикин а кафедрин куьйгалхо ю.

I995-чу шарахь кхиамца чIагIйо химин Iилманийн кандидатан диссертаци, ткъа 20I0-чу шарахь нохчийн зударшлахь дуьххьара химин Iилманийн доктор хуьлу З. Хасбулатовах. Iилманан I30 сов белхан автор, иштта цо кечвина Iилманийн ши кандидат. Россин естествознанин академин декъашхо-корреспондент а ю иза. Iилманан а, юкъараллин а белхан лаккхара мах хадош, 20II-чу шарахь «Нохчийн Республикин Интеллектуальни центр» регионални юкъараллин организацис шен «Дато бухIа» совгIатан лауреат кхайкхина Хасбулатова Зинаида.

**Махмудова Люба,** технически Iилманийн доктор, профессор, йина I966-чу шеран июнь беттан 2-чу дийнахь Соьлжа-ГIалахь. Шен схьавалар ГIойтIара хилла цуьнан ден Ширванин.

I988-чу шарахь тIехдика дешарца чекхйоккху академикан М.Д.

Миллионщиковн цIарах йолу Соьлжа-ГIалара мехкадаьттан институт.

I988-I99I-чуй шерашкахь оццу институтан «Мехкадаьттанах гIуллакхдаран технологи» кафедрин очни аспирантурехь доьшу. I993-чу шарахь кхиамца чIагIйо технически Iилманийн кандидатан диссертаци а. Иштта, нохчийн зударшлахь дуьххьара технически Iилманийн докторан диссертаци чIагIйинарг ю Махмудова Люба.

Iилманчин къинхьегаман некъ ша дешначу институтаца бозабелла бу. I-чу курсехь йолуш дуьйна институтан Iилманан-талламан лабораторехь болх бина йоIа. I993-чу шеран февраль «Мехкадаьттан а, газан а химически технологи» кафедрехь ассистент йолуш дIаболабо Л. Махмудовас хьехаран-Iилманан болх. Тахана оцу кафедрин доладархо а, нефтетехнологически факультетан декан а ю иза. Iилманан бIе сов белхан автор а, Нохчийн Республикин Интеллектуальни центран «Дато бухIа» совгIатан лауреат а ю технически Iилманийн доктор Махмудова Люба.

АБОЛХАНОВ Хьаьким

## Проза

БЕКСУЛТАНОВ Муса

# Дийцахьа, Яхьйа , дийцахьа суна…

Ламанца дахар хала хуьлу-кхи, лахенца санна, хьелаш а доцуш, дерриг а шен куьйга даккха дезаш: марс а, мангал а, гуота а, я шо кхаба гуьйре гуьйренна дуьхьал а ца хIуттуш – ялтин цинц ца тоьара, Йоккхачу Нохчийчу чIана вахана ца веъча, цхьацца шира мохь а, дума а эцна, кIина цинцах я мекхан пунтах хийца.

Ялта дерриг а ца охьура, дуо беттанашца бекъний бен, тIаьхьадисина беттанаш а лоьруш.

Хинхьера шеран коьртехь, сецна йоцуш, хьийзаш хуьлура, бутт батте хьежорца наха кхоьхьучу цу цинцашца.

Цхьанна хала дара – хьархочунна – дейбуьйсий шенна дIакхехьа.

Хьархо шиъ хуьлура, хийца-хийцалуш, рогIрогIана: маьркIажехь а кхочура стаг, буьйса юкъал тIехъяьлча а, шайн варрийн кожмаш тIехь кенаI бохьуш, мекхан цинц я хьаьжкIийн тIоьрмиг.

Ялта шен-шенна ахьа дезара, хIоразза а хьера цIан а еш, жIаьло гуй мацIандарра, тIаьхьара мотт хьокхуш санна.

Яхьйас де дайича, буьйса Висхас йоккхура – Яхьйа кхул воккхох вара.

Хьера-м ша а хьийзар яра, цхьа а хьархо ца хилча а, наха шайн ялтана тIера масех кана тIаьхьа а юьтуш. ХIетте а, хьер – хьер яр-кх, галъялар а, йохар а долуш, я массо а – хьера вогIург – бол буьтий а ца воьдура: болан дакъа байшна а дара, юьрто йинчу ваIдица, хIу хаьддачу къаношна а.

Воккха ши стаг воккха вара, шайн доьзалш а, доьзалийн доьзалш а болуш, цу шиннах дозуш дисна кертахь цхьа а дезар а доцуш, дуьххьала бIаьргаIуналла доцург.

Изза Iуналла кхузахь а дара, кху хьерахь, сингаттамна хан екъар, ялта доцуш де-буьйса деъча, хи апарера дIа а дерзош, цхьацца нхьа куьйгаш Iиттар,

юха, хилларг а, лелларг а дуьйцуш, де буьйсанца Іехор а.

Яхьйа суьпа вуьйцура наха, даим доІанашца вехаш, Пайхамаран (С.І.В) асхьабаш хьахийначохь, бІаьргара догІу хи а ца соцуш.

Висха, ламаз-мархица, доьналла долуш стаг хьахавора, тІаьхьуо болийначу доьзалехь пхеа йоІаца цхьа кІант а волуш, иза уггар а жима а, пхийтта-ялхийтта шарера.

КІант цхьаъ бен къеначу Яхьйан а ца хиллера, кІентан кхо кІант а волуш; мехкарийн бераш Висхин а дара.

Шайн берийн бераш кху шинна дика а девзара, шаьш вовшашка дукха дийцина, церан хабарш а, амалш а цхьаьна, дегабаамаш а, хІилланаш а.

– Дала, малик санна, цІена кхуллу-кх бер, – велааьшна дуора Яхьйас.

– ЦІена, ца цІена-м ца хаьа суна, бакъду, харцахьа лелаш маликаш-м ду уьш! – Висхас шениг дуьйцура.

Иштта, вовшашца ечу забаршца, дагалецамашца, Іожаллин бен, кхин кхерам а боцуш, вовшашца ийна, ши ваша санна и шиъ воллуш, Яхьйан керта вон деара, хьуьнха, хен баккха ваханчохь, тІе дечиг кхетта, цхьаъ бен воцу кІант а вийна.

Тезет къаьхьа а, йоккха а яра, къоьжа къанбелла къаной а боьлхуш.

Дуьххьара Яхьйа хьера веъча – кІант кхелхина бутт баьллера, – хІара шиъ цхьаьна вилхира, Яхьйа шен кІантана а воьлхуш, хІара Яхьйан къинна а.

Цул тІаьхьа дуьйна, хІоразза а, Яхьйас шен кІант вуьйцура, шен кІентан хаза гІиллакхаш а дуьйцуш, цуьнан шеца хилла къинхетам а.

Висхас хІоьттина ла а дугІура, сих-сиха корта ласторца, юккъе дош а далош, Яхьйан кІентан цІе а йохуш.

– Дера вара – Яхьйас дІалоцура, – бер долуш дуьйна схьа-м вара иштта, цхьа воккха стаг санна, массо а хІуманна бала болуш, соьга тхан дай а, дендай а хоьттуш, гергарлонаш карладохуш, – дуьйцура Яхьйас, ша-шега санна, меллаша, кІант дуьхьал лаьтташ санна, хьажар цхьанхьа лаца а лой.

– Дика мел хуьлу, хала ву-кх доьзалхо, – дог оьцура Висхас, цкъа а вист а ца хуьлуш, ладегІар башха гІиллакхехь а ца хетий.

– Дика-м вара хьуна, хІета, – Яхьйас кхин а дуьйцура, – берхІиттара ваьлчахьана, шен ненахой дІаийцир-кх цо соьгара, вонна-диканна гучувалар бен, ас кхин невцалла лело а ца дезаш.

– Дера хилла хьан кІант, дика кІант, – Висха меллаша хьалаайлора, хьерахь ша хийца веанчу Яхьйан Іодикаян ца хІуттуш, цІа ваха са а хьаьвзий.

– Дика ву бохург дан а дацара…цкъа – Дела хьан аьлла – ша жима стаг волуш дуьйна схьа, эвлаюкъехь буса хьевелла, соьга цкъа сагатдайтина-м вацара, дера вацара, вацара-те, – бала балхабора Яхьйас, Висха хьоьжуш лаьтташ а хуьлуш.

Я сарахь, я Іуьйрана, Яхьйа хийца хІара хьера веъча, сахьт а, ши сахьт а долура дІа, цІа ваха ваьлла Яхьйа, кхунна дуьхьал воьрзуш, кІант вийца а хІуттий.

ХІара Іадда лаьттара, иза юкъахваккха а ца лууш, хьера баьхкинчу нехан яппарш хазарна кхоьруш, лерса а ирдой.

– Цхьана а буса, Висха, цхьана а буса, соьга хІума а яийтина, сан гІайба а

нисбина, сан гоь а тойина, сан когаш дIахьарчош, сан буьйса декъалайиний бен, шен доьзал болчу чу вахана кIант-м вацара хьуна иза, – бIаьргаш тIунлора Яхьйан, дIаваха, аьлла, охьаволавелча, юха-юха а, юха а дуьйцуш.

ХIара меллаша тIаьхьа оьхура, цхьацца ког а боккхуш, геннара ша ладегIа сецча, кхунна кIордийна моттаделла, Яхьйас шена дегабаам барна а кхоьруш.

Юха сарахь я Iуьйрана, хIора а дийнахь вовшах кхетча (бутт а, кхо бутт а бен а доцуш), керла-керла хIума карадора Яхьяна шен кIантах дийца, цкъа а кхачалур дуй-те, аьлла а хоьтуьйтуш кхунна.

Цкъа а кхача-м ца луора.

Яхьйас, Дала доуьйтучу массо а дийнахь вуьйцура шен кIант кхунна, иза бер долуш дуьйна схьа – дIакхалххалц, юха хIора буса, гIенакхоьлахь, иза шена гар а дуьйцуш.

Вон-дикане дIасавахана, ша юхавеъча:

– ХIара дуьне мел лаьтта ша ваха веъна хилча санна, хьошаллаш тийсана-м хиллера цу кIанта, Висха, кху ДегIастанахь-м…со дIакхаьч-кхаьчначу тезетахь я новкъахь, воьду-вогIуш, хьенехан да вуй хьо, бохуш, соьга кадамаш беш, сан дог хьоьстуш, оцу вайн кIентан гIиллакхаш дуьйцуш, цу наха сан оьцу дог, – салам дала а вицлой, шен кIант вийца хIуттура Яхьйа.

ХIара соцура, ша беш болу болх а буьтий, нагахь цхьамма салам делла я ламазна молла кхайкхина, шаьш юкъахваккхаре сатийсарца, Яхьйан хабар дIа а ца хедаш.

Бутт, ши бутт а, ахшо даьлча а, шен кIантах дийца хIума дохьура Яхьйас кхунна, кIентан суьлхьанаш а, пес а гойтуш, цхьамма цунна делла хилла долу киснахь лелон дато сахьт а.

– Дела реза хуьлда-кх цунна, дика нах бу-кх, дика нах, дика совгIат делла а ма хилла, – олура кхуо, хьеран дуо цIанбечуьра болх юкъах а ца боккхуш, нагахь ша минотана а сацахь, белхан де дайний а хууш.

Иштта, Яхьйас шен кIант а вуьйцуш, хIара гIиллакхах ца вуоха гIерташ – шена цунах куьйла яьллашехь, – ладогIа а соьцуш, цхьа шо а даьлла, шолгIа шо куога дирзича, Яхьйа мелла а тийра, кIирнахь я баттахь бен, кIентан цIе а ца йоккхуш, доIанашна чу а вирзина.

Хьалха санна Iара хIара шиъ цул тIаьхьа, Яхьйан кIант кхалхале санна, цхьацца хилларш а, лелларш а дуьйцуш, жималла а хьехош, дар-дацарш карла а дохуш.

Яхьяс кхунна, Висхина, жайни тIера хьекъале дош а дуьйцура, Нохь-пайхамара – Делера салам хуьлда цунна – шен кIантана дина весет а дуьйцуш, Лукъмана шечунна дитина хилла хаза хьехар а хьахош.

Цхьана суьйрана, малх бузале, ламаз дина а ваьлла, уьйтIарчу тIулга тIехь хIара суьлхьанаш дохуш Iаш, ши-кхо стаг велира кетIа, салам делла, бисмилла а даьккхина: «АлхьамдулиллахIи раббил Iаламийн», – аьлла, доIа дан а волалуш.

Кхуо Амин элира.

– Дала гечдойла цунна, Висха, вон кхаъ бохьуш даьхкина-кх тхо, Дала декъалвойла хьан кIант… ша юхалург елла хазна, хан чекхъяьлча, дIаяхьар бен, хьоьгара хIума ца яьхьна-кх АллахIа, собаре хилалахь, – элира кхуьнга, –

АллахI собаре хиллачуьнгахьа ву хьуна, – аьлла.

КIант хиллера велларг, кхуьнан цхьаъ бен воцу кIант, доттагIчун йоссийна зуда цIа ялош, замолха вахча, говр а къаьхкина, чувужуш, корта тIулгах а кхетта.

Тезет а дIайирзира, нах шайн-шайн чу а боьлхуш, ков тIекъевлча, арахьдерг, нехан вон хиларе терра.

Кхуо чохь бутт а ца баькккхира – садуьллийла яйинера наха, доIа-кадамашца хаддаза дехьа-сехьара схьахIуьттучу.

Вуоха ца вуоха хала дара, шен чохь садетта а, доьзалх бIаьрг моссаза кхета, Iана гIерта хиш сецо а.

Кхин нахала ца волуш, ши кIира даьлча, тезет дIа а ерзийна, цхьана дийнахь, волавелла, Яхьйа волчу хьера хьалавахара хIара: хьерахь дегайовхо яра, Яхьйа вара хьерахь.

Яхьйас дог оьцур дара, дог хьостур дара Яхьйас, Iехор дара, хаза дийцина, шен кIант а вуьйцуш, кхуьнан кIант а.

Яхьйас:

– Хьалавеа хьо, хьенех, – олуш, вист а хилла, – дIабаха-кх уьш, Висха, ший а дIаваха-кх, – элира, хьалхехь дуьйна долийна хилла цхьа шира хабар дерзош санна.

Кхунна иза ца тоьира.

Иза кIезиг дара.

Синхьаам ца хуьлура.

Дагна Iехадала лаьара, доьлхучу дагна Iехадала.

Кхунна шен кIант вийца лаьара, Яхьйас а, кхечара а шена шен кIант вуьйцийла, шен кIентан гIиллакхаш а дуьйцуш, иза цхьаъ бен цахилар а, Делах эхь хеттал, иза кхунна чIогIа дукхавезар а.

Яхья вист а ца хуьлура, узамаш а беш, лелара, цхьацканхьа куьйгаш а Iуьттуш, моллала а кхойкхуш, юха кхуьнца жамIат а деш.

Кхуьнан кийра богура, кхехкара чуьра, эккха санна, гатлуш.

Кхунна шен кIант вийца лаьара, шен кийра цкъа дIабассо, дIаIано, буога санна.

Яхьйа вист ца хуьлура, Дела хьан, аьлла, бага гIаттийна, кхуьнан кIант цавийцарх, шен кIант мукъа хьахийна а.

– Дийцахь, Яхьйа, дийцахь суна, – олура кхуо кест-кеста, – хьайн кIентан гIиллакхаш дийцахь суна, – олий, шен кIант ала тар ца луш, цуьнга кIант хьахавайта, цхьа шо хьалха Яхьйас и шен кIант дукха вийцарна шена цунах яьлла хилла куьйла дегаIийжамца дагахь а лаьтташ, хIинца-хIинца бен ша цунах боккъал а кхетта а воцуш.

Яхьйа вист а ца хуьлура, велааьшна деш – дIадоьвллера уьш-м, – бохуш санна, дайн куьг ластор бен, шен а, кхуьнан а кIант а ца вуьйцуш.

ХIара хьуьнха я Iин чу, дехьа-сехьа волуш, шенна велха а воьлхий, цунах тоам а ца хуьлуш, хьаьвззий Яхьйа волчу юхавогIура, шен бала цуьнца биэкъа лууш, кIант вийца лууш, хесто.

– Дийцахь, Яхьйа, – олура кхуо – хьайн кIентан хаза гIиллакхаш дийцахь суна, – олий, Яхьйас шен кIант вийцича а, тоам хир буй хууш шена, шен

кхехкачу синна гIоле а.

Яхьйас цхьацца дош олура, Делан кхел а, зама а, олуш.

Кхунна иза ца тоьара.

Кхунна шен кIант вийца лаьара, иза шена дукхавезар дийца, иза цхьаъ бен цахилар, иза кхалхарца, шен хаьдда хIу а.

Кхунна Яхьйа дагаоьхура, шен кIант вийца шена дагадеъча, Яхьйас шена еш хилла куьйла, шен кIант цо дукха вийцар, кIорда цадар, дестор, шена цунах вада лаар, Яхьйа гича – къайлавала.

ТIаккха кхуо, гIийлла, синхьааме са а тосий, кхин цкъа а олура иштта, доьхуш санна, хьасталой:

– Дийцахь, Яхьйа, дийцахь суна, вайн берийн беролла йийцахь, церан хIумнаш дийцахь суна, гIиллакхаш, – олий.

Яхьйа вист а ца хуьлура, ша Iаччохь IаддаIар бен, гIийлла корта а лестош кхуьнга – Яхьйан чов лезна яьллера, лацаеллера, муо хьаьвзаш, шад хуьлуш, чIагIъеллера, хIара дуьне хIинцачул тIаьхьа молханах эккхарах, я лаза а, делха а доцуш…

Висхин чов цIийх Iенара, чов керла яра, хIинц-хIинца хилла, чов Iийжара, даI санна, сенчу цIарах йогура чов…

2016 шо, 17 ноябрь

***I.Кена – овес.***

ЭЛЬДИЕВА Марет

# Я суна дага ца догIу-техьа?

— Нана, суна дагадогIу, со жима йолуш бердах яхана. Со чIогIа лазийна карийча, хьан йоьхна хьовзар. Буьйсана со, кагбина пхьаьрс лозуш йилхича, ахь суна юххе агIор а яьлла, сан лерехь цхьа гIийла-гIийла узам бира. Со йоьлхучуьра сецира хIетахь. Цецъяьлла. ХIетахь ца кхетара стенах цецъяьлла, хIинца хаьа; сан пхьаьрс хьан даг чохь сайчул а чIогIа лазарх цецъяьлла хиллера.

Хьо тхоьгара диканиг даьлча а йоьлхура. ДагадогIу суна, нана. Со деша дIахIоьттина, чIогIа самукъадаьлла цIаеъча хьо йилхина. Цул тIаьхьа ваша деша вахча а. ТIом болуш массо а хIуманах девлла дисича, хьайна ас лергах ухку дашо чIагарш эцча, хьо цкъа йилхира, тIаккха дов дира. Хьайнаш яйна , хьо чIогIа халахетта хиларна ийцира ас хьуна уьш. Уьш-м яккхий а яцара, дукха ахча а ца деллера царах…

Ахь цкъа а хьайн дагара ца дуьйцура доьзалшка, хIумма а цаьрга хетта а ца хоьттура, амма хьуна шадерг а даиман царах дерг хаьара. Ахь тхо стаг волчохь хьаста а ца хьостура, човха а ца дора, гIиллакх лардеш. Тхан деваша хезаш волуш цкъа а тхоьга, тхан цIе йоккхуш, мохь тоьхна кхайкха а ца кхайкхира хьо. Ишколехь тхо хастийна, хьайна баркалла олуш цхьацца совгIат деш хилча, цкъа а и схьаэца тIе ца йоьдура. Хьо юьртахь тIееана нус яра, и несалла хьайн болчу ницкъаца лелийра ахь, юьртахь мел волчух кIант, йоI, ваша, деца олуш, хьаьнггахь а неIарехьа соьцуш, массарна а екхаелла, елаелла йолуш. ДагадогIу суна, оха кегий долуш, хьаша-да веъча оьккхуьйтуш хила къап-къарс. Ахьа-м цхьа дош ца олура хьалха цхьаъ хилча, и тхуна хаьара…

Хьо елха а ца йоьлхура, нахана гуш. Чохь лер-алар хилла хьайна вас хилча а ца хоуьйтура. Вайн цхьа жима бер делча, со саца а ца луш, йилхина дагадогIу суна. Адам даларх ца кхетара хьуна со, нана. Хьан бIаьргаш чохь гулбелла лазам дагах чекхбуьйлура. Кхано буса, вай ваьш дисча, со бердах яханчу хенахь ахь сайна санна, ас хьан лерехь узам бира: «Ва-а нана, сан миска нана, са ма гатделахь», - бохуш. И-м узам барий а хаац, делахь а суна моьттура-кх айса цхьаъ леладо. Жимачу беро санна, белш чу а озийна, чIогIа эга а еш, хьо ехха йилхира. ХIетахь со юха а цецъелира. Ас-м хьан дог эца беш ма бара узам. Ткъа сан узамо хьо елхийра.

Суна дагадогIу уьш.

Вешин дакъа машена чохь а долуш, сой, жимахволу ваший цу машенах а гIоьртина, хоьга и ца алалуш, доьлхуш лаьттина дагадогIу суна. Лулахой, гергарнаш – массо а къайлаваьллера, хьуна дуьхьалхIоьттина, и шийла кхаъ баккха ца луш. Тхойшиъ латта диснера, цхьа дош ца алалуш. Хьуна-м даго хьехна хиллера. «Нана яла шун. Шиъ цIадеа, кхозлагIниг а вохьуш,- аьлла, дуьхьалъелира,- схьа чу ван нана яларг». Сан хIинца а дог шелло, хьан юьхь

дагаеъча. Ахь чIогIа садиттира, ца йоьлхуш. Ваша дIавуллучу дийнахь со хьастаелира: «Со йоьлхур яцара, барма лацийтийша соьга»,- аьлла. Суна пурба делира. Ваша дIахьажийна юхайирзича, хьо гира, цIийбелла бIаьргаш а болуш. Хьуна тIехьаьрчина елха а лиъна, хьох ца хIуттуш, со Деле кхайкхича, ахь барт туьйхира: «Саца! Эхь а ца хетий хьайна а, цхьа пIелг санна, цхьа висинчу вешех»,- аьлла. ХIетахь дуьйна хьо чIогIа хийцаелира. Цхьайолчу хенахь хьоьга хьаьжча, суна хьо, дегIан чарх хилар доцург, сица кIантаца лаьхьти чу йирзича санна хеталора. Иштта ехира хьо, тIамо дуьне хьашшалц. ТIом баьлча шадерриге а хийцаделира. Ахь ламаз тIехь даим къинхетам бар доьхура Деле. Уггар а чIогIа цхьаъ бен воцу кIант воьхура. Ас бехк баькхира хьох цу хьокъехь. «Шу йиъ ма ю, и цхьаъ бен ма вац. НеI цакъовлар, кIур цабайтар, шу еанна децIа ма ду ас доьхург»,- аьлла, жоп делира ахь.

Ма дукха дара-кх уьш - хьо елхийна а, йилхина а хIумнаш. ДагадогIу суна, нана.

Да кхелхича, со дикка йоккха яра. Со цIахь а йоцуш, суна ца хууш, дIаверзийнера и. Со цIаеъча, ахь цу буса соьга и ца хаийтира. Хьалха санна хиллехь-м, суна хаа а мегара. Иштта тIаьхьависина цхьаъ цIакхаьчначохь адам гуллора. ЦIийнах-цIарах девлла, тIамах девдда лелачу вайн тезет а, легашкахь сецна балин шад хилла, дIадирзина хиллачух тера дара. Ас чIогIа мерза наб йира цу буса. Iуьйрана со самаяьлча, мела бIаьрхиш а Iенош, хьо чухула дIасхьа лелаш яра. И дагадогIу суна… Со хьайга кхайкхича, ца хезаш санна, хьо араелира. Соьга вашас хаийтира. Соьга елхаран мохь баьлча, хьо суна юххе а хиъна, гIийла тийжира: «Нана яла хьан, сан миска буо, ма дог дохий-кха хьан Делан кхиэло!»,- бохуш. Суна вас хиллера, аша сайга буьйсана ца аьлла. ХIинца-м суна хаьа, и буьйса ахь сох бина къинхетам хиллийла.

ДагадогIу суна… Ас хьуна ХьаьжинЦIера еана юхку коч эцнера, хьоьгахь и муха товр ю дуьхьал а туьйсуш, суо сайна къежаш, цIа кхечира. Хьо урчакх хьийзош Iаш яра. Коч тIейохий гайта аьлла, ас хьуо хьовзийча, ахь и тIеюьйхира. Хьоьгахь товш яра и. «Ва, нана, ма хаза товш ю и!»,- аьлла, тхо хьайна гонаха хьаьвзича, хьо йилхира. Йилхира аьлча а… хьо, къежаш яра, бIаьрхиш дар-кха шайна ма-луъу юьхь тIехула охьаэгаш.

Ас хьоьга хаьттина дагадогIу суна: «Ахь дагара хьаьнга дуьйцу, нана?»- аьлла.

«Охьадоьдучу хине, цIаре, догIане, лайга, уггар Коьртачуьнга – Деле»,- элира ахь. Суна и башха жоп а ца хийтира х1етахь. ДоттагIашца дагарадуьйцуш, уьш хьоме, тешаме хеташ, айса лелориг дош хеташ яра со цу хенахь. ХIинца-м хIора ламаз тIехь, ахь бIаьргаш хьабдина деш хилла хьан доIанан шабарш дагадогIу суна. Со кхетта хIинца-м, ахь цаьрга дагара дуьйцуш хIунда хилла. Хено, замано кхетий со.

Соьх-м хийлазза, сан къоналлехь, хьекъал ца хиларна, хьуна вас йийриг а делира. Сайн аьрхалла бахьана долуш со елха а йоьлхура. Суна дагадогIу… Сайна бохам баьлча а, айса хьуна вас йича а, со хьан когашкахь дIаюьжура. Хьан когаш маракъевлина, гIайби тIе бIаьрхиш Iенош со йолуш, ахь хьайна наб кхетта моттуьйтура. Суна-м хаьара, хьо а йоьлхуш юйла. Вайшиннен а

вовшашна къинтIераялар а, гечдар а дара иза. Дешнаш ца оьшура. Вайша кхетара…

Ахь тхан хIораннан а ага техкийра, дахаран некъан лорах доIанаш, бIаьрхиш Iенийра ирсе а, сингаттаме а. Хийла Деле дийхира тхо, хийла тхан гIовлахь тхан наб ларйира, хийла… хийла… хийла… ма дукха дара уьш… и хийла хилларш.

Сайх нана хилла, дахар довза йоьлча, хьуна суо диканца бекхам бан кхуьур юй-техьа бохуш, ойла йора ас. Тийса-м елира со. ХIетте а ца кхиира.

Ма ца кхетара хIетахь, нана. Хьоьца хаддаза, дей-буьйсий ца лоьруш, дагарадийца-м ца хилира сан хан. Кхуьур ю моьттура. Со едда-хьаьддачуьра сецча, дуьне духур ду моьттура. ХIинца-м ю сан и хан хьох ойла ян а, лаахь, сайн кхачамбацарш луьстуш, буьйсана наб йоцуш, дийнахь тем боцуш, дуьне Iаддол сица мохь бетта а. ХIинца со кхетта хьуна, нана, Азаллера Абаде кхаччалц дерг - хеттарш дуй, вайн дахаран некъ беккъа-цIена таллам буй а. ХIун дийр ду тIаккха, хIумма а дац-кх. Далла дика хаьа, ша хьанна ло, хIун ло, стенна ло.

Делахь а, хIинца со цIакхача сиха а ца хуьлу. Дуьне а, шен гуобохуш, хьийзаш ду. Цхьаммо а, со ца гуш ши сахьт бен ца даьллехь а, шина кIиранах бIаьрга гина яц а ца олу, суна дов а ца до… кхин а дуккха а ца… ца… ца…

Айса-сайца ас ден къамел а Абадехь дIадов, цакхетачарна гIовгIа хуьлий, кхетачарна лазам хуьлий.

Хьан чуртан тIулго леррина ладугIу. Сан лазаман узам баьржа десачу дуьненахь.

Нана, дахар сел чаьмза хир ду аьлла дийцинерий ахь суна?

Я суна дага ца догIу-техьа?

САРАЛИЕВА Табарик

# Йовха пазаташ я ненан йовхо…

– Сан нанас юцар сацийчхьана йовха пазаташ ца хилла-кх сан, – боху, пеша уллерчу паднара тIехь Iачу воккхачу стага, шен зудчо юьйцина керла йовха пазаташ кога а юхуш. Пазаташ шатайпа кIайчу басахь ю, бертигаш леккха хьалайовлуш, кIажий, бертиггий можа бос бетталучу тIергIах а йолуш. Пазатийн юцар а цхьа шатайпанчу бустамца ду – цкъа шуьйра лолам, тIаккха готта лолам бохуьйтуш. Леррина, тIебаьлла морса чо куьйгаца дIабижош, бертигаш хьалаозош, цкъа аьтту кога тIехь, тIаккха аьрру кога тIехь дIанисйо воккхачу стага пазаташ.

– Тхан нанас Тахлас йора-кх тIергIан пазаташ хьовха, каранаш, мангалан куйнаш, пхьуьйшашдоцургаш, бIегIаган чоэш, вертанаш. Кхечу ярташкара а нах лаьттара тхоьгахь. Суна йийриг хIуъа елахь а шатайпана хуьлура. Суна тIехь иза мел гинчо а, «Дуогална санна яхьара суна а», – олура. Тхан нана

елакъежара, амма «Дуогална санна» ца нислора цхьанна а, цкъа а.Тахлин пазаташа сан когаш бохбина ца Іара, сан са доходора цара. Бакъду, Казахстанехь Тахла дІайирзинчул тІаьхьа-м ца хилла ишттанаш. Пазаташ-м дера хилла, хІорш а ма ю, амма сан нанас еш хилларш санна-м, ца хилла… .

Леррина цхьаьнга деш доцу шайн ден къамел доладелчахьана а стоьлана гонаха Іаш долу кхеран кІант, йоІ дІатийнера. Церан бист ца хуьлуш, вовшашка хьаьжначу бІаьргаш чохь дешалора: «Дадинаш шалха даьІначу эхангах йина ма ю, лекха бертигаш а йолуш! Бос а бу шекаран санна, дукха кІайн хиларна, сийно хеталуш! Ткъа бертигаш а, кІажош а нелхан басахь. Хетарехь, шарахь ца хуьйцуш, мачаш чохь лелийча а, нужур хьоврдоцуш, шатайпана юьйцина – тІаккха а пазаташ яц! Ткъа тхайнаш, дадас лелийнарш схьа а яьстина, жимма карла а яьхна, басардина, бамбин эхангаш а тоьхна ю, хІетте а мел аьхна ю!».

Цхьабарт хилча санна, шайн пазаташка хьаьжира ши бер, тІаккха шайн дега-нене, юха а вовшашка.

Пешахь догучу дечиган бен гІовгІа йоцуш, тийналла хІоьттира чохь. Пеша хьалха, лохачу гІантахь Іачу зудчо, кхерча дечиг тилла схьайиллинчу неІарехула схьаетталучу йовхонна а, серлонна а дуьхьал шен даима а тІаргІа лелийна шарделла, чекх са гуш долу куьг лоций, тІетадо воккхачу стеган дешнаш: «Деллахь, ма бакълоь хьо, стаг!».

Ши бер юха а вовшашка хьожу, цІоцкъамаш хьаж тІе хьаладовду цу шиннан, бІаьргаш чуьра цецдовлар лачкъа ца ло цаьрга. Хезаш а, гуш а долчух ца тешаш, доьІу са а сацийна, къайла ца яккхалучу шеконца шайн дега-нене леррина хьоьжу ши бер.

Пеша хьалха эккха кечъелла тийналла. Мискъазарратал йоьхна ца го зуда. Цо, дог а даьтт1а, дечиг пеша а кхоьссина, неІ тІе ца туьйхира. Мел лерина кхушимма ладоьгІча а, ца хезира ненан дегабаамца дегадо аз а: «Аса йинарш ца мега хьуна? ХІун оьшуш ю уьш, хьан уьнашарахь хиллачарал? Ца вашахь, эцца базарара схьаэца хьайн пенсех, мах белларш, са дохдеш, дика хир ю хьуна!».

Ножан дечигах бохь боккхуш, кхерчахь гІала а йина, гІара ца хозуьйтуш, пешан неІ тІе а чІаьгІна, воккхачу стагехьа схьайирзира зуда.

И шиъ, минотана вовшашка а хьаьжна, сецира, шиммо а цхьана даггара доккха са а даьккхира… .

– Къахьштун дечиг кхачийна вайгара, – боху зудчо, – цхьа мадар ца яхь ер яц, буха тилла и ца хилахь, цІе дІа ца юлу ножах.

Стоьлана гонаха Іийраш, вовшех бІаьргаш а лечкъош, бендоцчуха, маьркІажан бодано кхолийначу корехьа дІабирзира.

## Драматурги

АХМАДОВ Муса



# Нохчийн маттахь, нохчийн махкахь
**(шолгIа гайтам)**

***Дакъалоцурш:***
***Аспирант Мансур***
***Библиотекарь Зайнаь***

### I сурт

Библиотека. Чохь Iаш йоI-библиотекарь. Чуволу аспирант.

АСПИРАНТ. Де дика дойла хьан, йоI!
ЗАЙНАЪ. Далла везийла!
АСПИРАНТ. Муха Iаш ду? Могуш дуй? Да-нана хIун деш ду? Муха бу церан болх?
ЗАЙНАЪ. Дика Iаш бу. Бехк ма билалахь, вайшиъ девзаш дуй?
АСПИРАНТ. ХIунда боху ахь?
ЗАЙНАЪ. Ахь сел тIекереваьлла, могуш-паргIат хоьтту дела…
АСПИРАНТ. Девзаш ду дера. Массийтазза суна гина хьо.
ЗАЙНАЪ. Мичахь?
АСПИРАНТ. Сайн гIенашкахь.
ЗАЙНАЪ. ХIинца суна хьайн бегаш дIа ма болабелахь, хьо библиотеке соьца къамелаш дан веъна хир ма вац?
АСПИРАНТ. Сих ма ло , йоI, со стенна веъна а дуьйцур ду. Со аспирант ву, нохчийн литературех а, цхьаболчу вайн яздархойх а диссертаци язъян дагахь а

волуш. Царах цхьаъ ю - Исаева Марем. ХIумма а ешний ахь цуьнан?

ЗАЙНАЪ. Цуо язйинчу цхьана-шина книгах бIаьрг -м кхетта сан , бакъду, ешна- м яц ас царех цхьа а.

АСПИРАНТ. Еша еза-кх.

ЗАЙНАЪ . Ишколехь нохчийн мотт ца Iамийна ас.

АСПИРАНТ. Iамо беза. ХIинцца шортта хан ма ю хьан нохчийн мотт хьовха, китайский мотт Iамо а. Шун кху чувогIуш наггахь бен стаг а вац.

ЗАЙНАЪ . Цхьаъ дийр ду ас. Хьайна оьшург алий валахьа.

АСПИРАНТ. Суна уггар хьалха Исаева Марьяма мел язйина киншка еза, цул тIехь цунах язйина статьяш, рецензеш, доцца аьлча, и мел хьахош долу йозанаш: газеташ, журналаш, Iаматаш.

ЗАЙНАЪ . Жимма собарде, хIокху минотехь схьайохьур ю тхайн кху чохь ерг.

Зайнаъ дIайоьду. Аспирант охьахуу шен тептар схьа а доьллий, цхьацца йозанаш деш. Дукха хан ялале, киншкаш, газеташ, журналаш дохьуш схьайогIу йоI.

ЗАЙНАЪ. ХIорш ю-кх Исаева Марьямах кху библиотекехь мел йолу материал.

АСПИРАНТ. Баркалла .

ЗАЙНАЪ. Хьайн цхьа хаза хIума карадахь, суна а дийцалахь.

АСПИРАНТ. Уггар хьалха-м дуьйцур ду, сайн Iилман куьйгалхо Iадда а витина.

ЗАЙНАЪ. Беркате болх хуьлда хьан!

АСПИРАНТ. Дела реза хуьлда!

## 2 сурт (Исаева Марьям)

***ДАКЪАЛОЦУРШ:***
***Марьям Исаева***
***Хасаев***
***А.Авторханов***
***З.Джамалханов***
***А.Мамакаев***
***М. Висаитов***
***Ш.Айсханов***
***Комендант***
***Павло –***
***Кхин а дешархой….***

Класс. Бераш ду деша даьхкина. Чуйолу Марем.

Марем. Маршалла ду шуьга, дешархой!

Дешархой . (хьала а гIовттуш) Маршала хуьлда хьуна!

Марем. Тахана рогIера «нохчийн литература» аьлла урок ю. Ас цIахь бан хIун болх беллера шуна? Джамалханов Зайнди , ахь алал.

Зайнди. Нохчийн халкъан иллеш, эшарш, я кицанаш, хIетал-металш дIаязъяр.

Марем. Нийса ду...Зайнди, ахь кхочушбиний и болх?

Зайнди. Бина… Ас, «Сай» боху илли дІаяздина. Деша мегар дуй?
Марем. Дешал.
Зайнди:

Ламанах бухдуьйлу шал шийла шовданаш
Шен бекъачу кийранна Іаббалца ца молуш,
Варша йисте ва йолу маргІала сийна буц
Шен оьздачу зорханна буззалац ца юуш,
Цу хьуьнан хотешкахь берзан йорт ва етташ,
Іинан кІорге ва буьйлуш, сема ла ва дуьйгІуш,
Иччархочун ва тоьпо лацарна ша кхоьруш,
Мокхазар цу бердах куьран га ва хьоькхуш,
Цу попан орамах торгІал тІа ва детташ,
Лергаш дуьхьал ва туьйсуш, кур аркъал сеттабеш,
Орцал лакха ва буьйлуш, гІелашна ва гІергІаш,
Масане сай лела гІелашца ва боцуш...
Вай бен дац, кІенатий, бохуриг ца хуьлуш?!.

Марем. Баркалла, Зайнди. Хьовсал, дешархой, Зайндис илли дІаяздина ца Іаш, дагахь а Іамийна.

Іабдурахьман. Марем Султановна, вайн нохчийн маттахь хІунда яц иштта литература, оьрсийн маттахь санна?..

Марем. Авторханов, вай хІинццалц язъян аьтто болуш а ца хилла, тІемаш беш а, сискал яккха къахьоьгуш, дІайоьдуш хилла вайн ерриге а хан. ХІинца Іемаш бу вай яздархой хила а, сурташ дахка а.

Іабдурахьман. ЧІогІа тІаьхьдаьлла-м хилла и паччахьан Іедал вайна…вайн дайн деша аьтто ца хилла дела, кху дуьненан политикина тІаьхьакхуьуш ца хилла вайнах, дерриге а юьхь-дуьхьал дІатухуш хилла. Ткъа политика –иза лела хаар ду… ткъа иза Іамо деза дешарца.

Марем. Іабдурахьман, хьан къамел хІинцале а бакъволчу политикан къамел ду. Там бара хьох Обкоман секретарь хила.

Мовлид. Хабарш дийцича хуьлуш хилахь, цунах хир ву-кх хьуна Обкоман секретарь хьовха, ЦК секретарь а!

Марем. Висаитов ? Хьо хІун деш ву кху класса чохь, хьо кхарал кхо шо жима ву?

Іаьрби. Ша жима велахь а, дог-м доккха ду кхуьнан.

МАРЕМ. Ткъа хьо хІун Іамош ву, Мовлид, дийцахьа? Тхуна гайтахьа хьайна Іеминарг.

Мовлид. Кхузахь и гайта йиш ма яц, Марем Султановна.

Марем. ХІунда?

Мовлид. Говра хахка Іамош ма ву со.

(Массо а велало)

Марем. Говра хахкий, хелхадовлий ца Іемаш дуьсур дацара шу-м, шайн хьекъал ирде аша Іилманан гІайракх тІехь.

Шамсутдин. Лермонтов санна, цхьа поэт велара вайн! Ма дика язйина цо Кавказах «Еза Кавказ», «Валерик», Мцыри», «Измаил-бей».

Марем. Хила гІорта хьо, Айсханов. Цхьа а говзалла яц хьуна нохчочуьнга караярзалур йоцуш.

Іабдурахьман. Ас хІун дийр дуй, Марем Султановна? Лермонтовн стихаш нохчийн матте йохур ю-кх!.

Марем. Стихаш нохчийн матте яха ша поэт хила веза, Абдурахьман.
Іабдурахьман. Со а ву-кх поэт!
Марем. Поэт велахь, хІинццалц хІун язйина ахь?
Іабдурахьман. ХІумма а цкъадолчуна.

(Дешархой бийлало).

Марем. Стенна дуьйлу шу? ХІинццалц цаяздарх, тІаьхьа язийр ма ю цо. Ткъа гочдарш Іаламат чІогІа оьшуш ду вайна. Шайн хенахь оьрсийн поэташ а Іемина кхечу къаьмнийн говзарш, къаьсттина французийн говзарш, шайн матте а йохуш . Лермонтовн цхьа стихотворени ю-кх «Парус». И дагахь цхьанна а хаьий шуна?

(Куьг ойъу Іаьрбис)

Іаьрби. Суна хаьа.
Марем. Мамакаев Іаьрби. Ешал…
Іаьрби. Белеет парус одинокий
В тумане моря голубом!..
Что ищет он в стране далекой?
Что кинул он в краю родном?..

МАРЕМ: КІайн гуш ду гата-кема цхьалха
Сийначу хІордан дахкарлахь,
ХІун лоьху цо сел гена арахь?
ХІун тесна цуо шен даймахкахь?

Ловзуш ю тулгІеш, мох тІелетта,
Гатанан машшаш цІийзаш сетта,
Маржа-яІ, цо ца лоьху ирс,
Я ирсах дедда додац и!

Іуьйренан сирла хи ду лахахь,
Ткъа маьлхан серло Іена лакхахь,
Кемалго юхаъ лоьху мох,
Мохаца синтем боццушехь.

ІАЬРБИ. Марьям Султановна, ахь гочйина иза?

Марем. И масех могІа нохчийн матте баккха гІерташ къа-м хьийги ас, хила хІуъа а хиллехь…

Мовлид. Марем Султановна, хьуна французийн мотт хаьа бохург бакъ дуй?
Марем. Бакъ ду, Висаитов. Суна хІунда ца хаьа французий мотт, иза сан ненан мотт ма бу?
Мовлид. Французийн маттахь цхьа хІума дийцахьа тхуна.
Марем. Ас дийцича, хІун пайда бу шуна, Мовлид, шу ас дуьйцучух кхетар ца хилча?
Іаьрби. Церан поэзи евзий хьуна?

Марем. Жимма евза. Цхьа французийн байт еша ас шуна…
Іаьрби. Ешахьа.
Марем: СугІи, СугІи, утёкяштю?
СугІи, СугІи о мюзопуэнтю.
Вуасилёша Мусташ,
Иль нёфо па киль саш.
ЖёлиСугІисэт,
У э та кяшет?

Іабдурахьман. Ма кІеда-мерза мотт бу иза.
Зайнди. Вайн нохчийн маттахь долу цхьадолу аьзнаш а ду цу маттахь-м; гІ, уь, оь.
Марем. Иза французийн берийн байт ю, дехках лаьцна. Ас нохчийн матте яькхина иза.
Дахка хьанна лечкъаш гира?
Дахка, дахка, муцІар ира,
ДогІу хьуна мекхаш-мирза,
ДІалачкъалахь, цІехьа берзий.

Дахка, дахка соьга ала,
Мичахь ю хьо деха хара,
Корсам юккъехь, долчохь дитташ,
Уллохь лаьтташ элан литта.

Ма хаза и цицигана!
Жима дахка, бала гена,
Бижалахь хьо жимчу бенахь,
Цициг догІуш долчу хенахь.

Іаьрби. Французийн маттахь мухха елахь а, Нохчийн маттахь-м хаза екаш ю уьш.
Марем. Французийн наноша берашна олуш байт ю. Вайн къоман а ма ю иштта, бер дижош локхуш эшар. Юха вай вовшахкхетале, аша шайн цІахь наношка, я денаношка, я ненаношка хаттий, дІаязъе уьш…
Дешархой. Дика ду.
Марем. Ткъа хІинца, вайн урок чекхъяла мелла а хан йисна… Ас кхин цхьа задани а еллер-кха шуна, байт язъе аьлла. Хьан кхочушйина и задани?

(Цхьа а вист ца хуьлуш хан йолу. Шамсуддис куьг ойъу).

Шамсуддин. Ас язйина байт. Мегар делахь, йоьшур яра ас.
Марем. Мегар ду, Айсханов… Ешал, Шамсутдин.
.
Шамсутдин : (йоьшу)

Іуьйренца юьрта чохь хьаша ву лаьтташ,
КІайн месала куй коьртахь корах чухьоьжуш,
Можа малх лачкъорца кхоьлинчу дийнахь
Хьаша ву урамца шен сирчу динахь.
КІайн дарин юргІа ду кІашна тІе туьйсуш…

РаьгІнаш ю кечъелла, кІайн гІовтал юхуш…

(Дешархоша тІараш детта)

Марем. Дика язйина ахь, Шамсудди. Къегина хІоттадо ахь Іаьнан Іуьйренан сурт… Хьох боккъал а яздархо хир ву хьуна. Нагахь ахь ши хІума диц ца дахь.

Шамсудди. ХІун ши хІума ду и шиъ, Марем Султановна?

Марем. Гуттар а киншкаш ешар а, иштта гуттар къахьегар а.

Шамсудди. Со кийча ву-кх цу шина а гІуллакхна.

Марем. И дика ду.

Іаьрби. Ас хьоьхур ду кхунна муха язъян еза, Марем Султановна!

Зайнди. Нохчийн халкъан иллеш деша ахь дуккха а, тІаккха хир ву хьох поэт.

Абдурахьман. Марем Султановна, со историк хир ву, поэташ дукха гулбелла кху чохь…

Марем. Авторханов, хьо массо а хила гІерташ ма ву?

Іабдурахьман. Поэт историк хила йиш йолуш ма ву, исторически романаш язъеш…

Марем. Мовлид, хьо вистхуьлуш ма вац, хьо хІун дан дагахь ву?

Мовлид. Со шун поэзи ларъян эскаре гІур ву!

( Массо а велало)

Марем. Дала аьтто бойла шун. Іодика йойла.

## 3 сурт

АСПИРАНТ. Беркате, сирла стаг яра Марем, шена тІаьхьа дика лараш йитна цо. Цо Лаха-Неврехь ишколехь хьехначу дешархошна юккъехь бара: Мамакаев Іаьрби, Джамалханов Зайнди, Авторханов Іабдурахьман, Айсханов Шамсутдин, Висаитов Мовлид…

ТІаьхьо царах цІеяххана, вайн къомана пайде нах а хилира.

ЗАЙНАЪ. Оцу замане хьаьжча, ма чІогІа дешна стаг хилла и Марьям! Кхоъ мотт хууш…

АСПИРАНТ. Одессехь гимнази, тІаьхьа Ростовехь университет чекхъяькхина хилла цуо. Цуьнан да Хакишев Солта а хилла дика дешна стаг. Соьлжа-гІалахь гимнази а яькхина, Одессехь университетехь дешна цуо. Цул тІаьхьа цу Одессехь гимназехь хьехархо хилла иза. Исаева Марьям дахар хилла цхьа шатайпа…

ЗАЙНАЪ. Дийцахьа суна цунах лаций кхин а…

## 4 сурт

НКВД-ен хьаькиман кабинет.

Марем. (неІ тухуш). Чуян мегар дуй?

Хасаев. Мегар ду. (лоррий Мареме хьожу) Хьо мила яра?

Марем. Аша кхайкхинер-кх соьга.

Хасаев. Кхуза-м дукха нах кхойкху. Хьайн цІе яккхахьа.

Марем. Со Марем ю, Хакишев Солтин йоI.

Хасаев. ХIа-а, хьехархо ерг юй хьо?

Марем. Ю, хьехархо.

Хасаев. Хьуна арз кхаьчна тхо долчу, НКВД-е…

Марем. ХIун арз?

Хасаев. Иштта арз, хьо ю боху ишколехь берашна а, вуьшта айхьа вовшахтоьхначу къоначу яздархойн ассоциацехь французийн, буржуазни культура хестош, иза лакха хIиттош, французийн мотт а буьйцуш, советски яздархошна кураллаш еш…

Марем. Хьан боху иза?.. Сан дешархоша яздина хир ма дац и арз?

Хасаев. ХIан-хIа, ца яздина. Дешархоша хIумма а ца яздина… Ткъа хIун бен ду иза, хьаъа яздинехь а? Бакъ дуй иза?

Марем. Бакъ дац.

Хасаев. Ткъа французийн мотт хаьий хьуна? Хаахь, мичара хаьа?

Марем. Сан нана ю француженка.

Хасаев. Ю? Боккъаллий? Мичахь ю хьан нана?

Марем. Франце дIаяхана иттех шо а даьлла.

Хасаев. Ткъа хьан дена мичара карийна Нохчийчохь иностранка?

Марем. Сан дена Одессехь институтехь доьшуш волуш евзина хилла иза.

Хасаев. Волуш вуй хьан да?

Марем. Вац, хьо марша. ДIакхелхина кхо шо хьалха.

Хасаев. Хьо хьуо а ю моьтту суна дика дешна, Ростовехь университет чекхъяькхина?

Марем. Ю.

Хасаев. Тамашийна нах ду шу, нохчий…

Марем. Муха «шу»? Хьо а вац нохчий?

Хасаев. Вац. Со гIумки ву.

Марем. Нохчийн мотт дика ма хаьа хьуна.

Хасаев. Кавказехь Iачарна нохчийн мотт ца хаа йиш а ма яц. Уггаре тоьлла мохк шуьгахь бу, ялта массанхьачул дика кхузахь хуьлу… Кавказ кхобуш дерш шу ду… Делахь а…

Марем. ХIун делахь?

Хасаев. Шайн тоьлла адамаш лар ца до-кх аша… Мелхо а аьрзнаш яздеш, хIаллакдойту. Хьуна тIе ма-хьаьжжи ма хаьа суна, хьо цхьа а кхечу пачхьалкхийн шпион йоций…Масех шо хьалха ахь Ростовехь бина болх хестош, Надежда Константиновна Крупскаяс хьох дика дош аьллийла а хаьа… ХIетте а яздо-кх…

Марем. Хьан яздина-техьа иза…

Хасаев. Хьуна ишта чIогIа хаа лаахь, ас цо буха яздина куьг гойту-кх хьуна. Схьайола.

Марем. (тIейоьдий, кехата тIе а хьожий) И ву и? Бакъ хир дац! Ассоциацин тоьлла жигархо.

Хасаев. И ву! Массанхьа а ларош волчух тера ву и шун жигархо…

Марем. Ткъа ас хIун дан деза хIинца?

Хасаев. Ахь хIумма дан ца деза-кх… Ас хIара арз, доцург дуьйцуш долу дела, иэтIадина, нехаш тIе дIакхуссу. Иштта (иэтIадо) Ткъа ахь хьайн болх биэ, сема а хила, кхераме зама ю хIара. ДIаяло.

Марем. Дела реза хуьлда хьуна. Баркалла!

(ДIайоьду)

Хасаев. Цецъяьлла пекъар! Товш стаг ю. Ма къа дара цуьнан куьцан, ма кхоам бу-кх цуьнан кхузахь яха дезачу…

## 5 сурт

АСПИРАНТ. Цул тІаьхьа, хІинций, хІинций, ша лоцу-кх хьуна бохуш, денош, буьйсанаш ларъеш Іийра Марем. Амма цхьа шо делира, Іедалх стаг гучу а ца волуш. ХІинца-м тІехтилира и киртиг аьлла, дагадеанчу дийнахь цуьнга юха а НКВД-е кхайкхира.

ЗАЙНАЪ. Тешаш яцара со цу чикисто дечу къамелах, цхьа тешнабехк кечбина хир бу хьуна цуо цунна…

АСПИРАНТ. Кхераме зама яра, цхьаннах тешам а боцуш… кхин дІа ладогІа ахь…хуур ду хьуна дерриге а…

## 6 сурт

Хасаевн кабинет юха а.

Марем. Чуян мегар дуй?

Хасаев. Чоьхьаяла. Муха Іаш ду шу? Могуш дуй?

Марем. Баркалла, дика Іаш ду. Юха а яздина суна арз?

Хасаев. Ца яздина. Арз ца яздича, кхайкха ца мега хьоьга?

Марем. Мега. Делахь а…

Хасаев. Дукха деха хІара хьоьга дийца йиш а яц. ХІара айхьа цхьаьнга а хьахор дац алий, дош луо суна.

Марем. Дош ло-кх ас.

Хасаев. Ши де даьлча шу къам дерриге а махках доккхуш ду.

Марем. Муха дерриге а къам?

Хасаев. Иштта дерриге а къам: воккха, жима, бер, яздархо, Іилманча цхьа а ца къастош. Нохчийн къомах верг массо а цІеравоккхуш ву.

(Марем елха йолало)

Собар, собар, кху чохь ма елхалахь, со а, хьуо а хІаллакдойтур ду ахь. Елха кхуьур ю хьо, цкъа соьга дикка ладогІа.

Марем. ЛадугІуш ю-кх со.

Хасаев. Нагахь хьо реза хилахь, сан аьтто хир бу хьо гІумки ю аьлла, кехаташ а даьхна, гІумкийн юьрта дІайига.

Марем. Муха?

Хасаев. Иштта… И дан сан аьтто хир бу, нагахь хьо сан цІар тІе ялахь.

Марем. (ОьгІаз а йоьдуш) Ахь хІун дуьйцу?! Со сайн къомах а къаьстина цхьанхьа а гІур яц!

Хасаев. Сих ма ло. Цкъа ойлае. Хьо иштта дІайодахь, хьоьга хьоьжу мацалла, шело, гІело, хийрачу мехкан къиза мох…

Марем. Со сайн халкъо ловш дерг лан кийча ю.

Хасаев. Сих ма ло. Ойлае. Къа ду-кх хьан куьцан, хазаллин! Хьайн ойлае…

Марем. Стенна дуьйцу деха? Со сайн нахаца хир ю.

Хасаев. Хьан да а вац, ваша а вац. Хьан нана Франце дІаяхна. Цунах хІун

хилла а ца хаьа! Хьо иштта а ах бен нохчийн яц!

Марем. Нохчий ах ца хуьлу хьуна! Со бакъйолу нохчийн ю хьуна! Со сайн къомаца хир ю хьуна!

ХАСАЕВ. Хьан къам Кавказера дIадоккхуш ду. Кхетахьа! Со цхьаъ бен вац хьан бала болуш кху дуьненчохь!

МАРЕМ. Цу балех ас паргIатвуьту хьо. Марша Iойла!

ХАСАЕВ (тIаьхьа мохь туху) Хьан сацам хийцалахь, хьайна орцах вала стаг вуйла хаалахь…

(ДIайоьду)

## 7 сурт

АСПИРАНТ.. Шен халкъах къаьстина, аьтто ловш яха ца лиъна Марем, шен халкъаца цхьаьна цIераяькхина, хийрачу махка дIайигира.

ЗАЙНАЪ. Ма яхь йолуш стаг хилла иза…

АСПИРАНТ. Кхойтта шарахь Казахстанехь Джамбульски областехь Чолак-Тау бохучу меттехь Iийра. Цигахь язъян йолийра цуо шен «Ирсан орам» цIе йолу роман. Хийрачу махкахь ша лайначу халонех, баланех, къар ца луш, дахарехьа дIабаьхьаначу къийсамах лаьцна яра иза.

## 8 сурт

( Казахстан . Чолак-тау юрт. Марем ю ша чохь къуьда а латийна, цхьацца йозанаш деш)

МАРЕМ. Мама, сийсара юхаъ гIенах хьо гинера суна, ахь суна дехках лаьцна йиш локхуш. ДагайогIий хьуна иза? «дахка, дахка , муцIар ира… дахка, дахка, хьанна гира…». Кхо де хьалха суьйрана со йолчу чувеъначу коменданто ас роман язъеш хилла ши дакъа тIехь долу кехаташ дIадаьхьира. Яздина даьлла-даьлла кехат ас ангали банки чу дуьллура. Иштта йоккха кхо банка хьалаюьзира ас. Уьш кхуьий а дIаяхьин сан… цул тIаьхьа ас язйина хилларг , сайн дагахь йолчуьра юхаязъеш кхин цхьа банка хьалаюьзи ас… иза-м къайлаяькхина, дIайиллина ас пешана тIехьа…мама, суна цхьа къайле гучуяьлла тахана, кхузахь а йолуш хилла-кх бIаьсте! Iуьйрана ялтин буьртигаш лехьо яхча, ерриге а аре дIалаьцнера сирла –сийначу зезагаша. Оьрсийн маттахь фиалкаш олу царех. Хьуна дукхадеза зезагаш ма дара уьш…Ас кху кехат юккъе дуьллу хьуна кху генарчу махкара бIаьстенан хьаша…

( оцу хенахь неI туху.)

МАРЕМ. Мила ву цигахь?

КОМЕНДАНТ. Комендант ву, комендант… хьо хIун деш ю, декъаза яздархо…хьайн банкеш хьалаюзуш юй хьо?... Павло, хьажал, кехатех юьзна кху чохь хьайна цхьа а банка карайойла.

( Павло леха волало)

МАРЕМ. Ерриш а аша дІаяьхьна кхо де хьалха. Кхин язъян дог деъна а дац.

КОМЕНДАНТ. Дац? Ткъа хІара хІун кехат ду? О! ХІара хІун мотт бу?

МАРЕМ. Французийн мотт бу…сайн нене язйина кехат ду иза. Схьадахьа иза…

КОМЕНДАНТ. Собар! ДІадала йиш яц, хІара гайта дезачуьнга дІагайтталц. ХІун хаьа, хьо иностранни шпионка хуьлий а…

ПАВЛО. Накъост комендант, кху чохь кхин цхьа банка –м ца карий суна.

КАМЕНДАНТ. Банка леха а ца оьшу, хІара кехат карадеъна вайна. Вайшиъ эрна веъна ца хилла. ( Маремига) ..Іен хьайна, цкъадолчунна.

МАРЕМ. Со-м ца Іийча, ер яц, амма хьуна дІахаалахь: хьоьга а, хьо санначаьрга а дуьненчуьра дІаяйалур яц шуна нохчийн лараш. Де-дийне мел дели кхуьур бу шуна нохчийн мотт а , нохчийн литература а.

КОМЕНДАНТ. И хьуна хетарг ду… хьоьца бала болуш цхьа а стаг вац кху дуьненчохь…кхана хьох хІун хир ду а ца хаьа…

МАРЕМ. Сох кхана хІуъа хилахь а, со сайн халкъана цкъа а йицлур яц хьуна, ткъа хьо кху балхара дІаваьлча, цхьанна а дага а вогІур вац…

КОМЕНДАНТ. И-м хуур ду вайна…

(арабовлу)

МАРЕМ . Ма дика ду, и сан банка царна ца карийна… кхин а генаяккха еза ас иза…

( дІа а йоьдий, пешан тІехьара банка схьаоьцу. Цу чохь цистина кехаташ а гой, цецйолу)

МАРЕМ. ХІара хІун ду? Кху сан ойланех хІун хилла? Дахка … хІаъ, цуо дина… ма чІогІа мацбелла хилла-кх хьо, дахка, сан къаьхьа ойланаш яъал чІогІа…дахка, дахка, муцІар ира, ахь сан ойланех хІун дира…

(йоьлху)

## 9 сурт

АСПИРАНТ. Иштта хала хьелашкахь шен «Ирсан орам» роман язъеш, хан текхира Исаева Марема. Халкъ цІадирзинчул тІаьхьа иза арахийцира цуо І964 шарахь . Цул тІаьхьа шен шолгІа книга «Ирс кхоллархой» язйира, хьалхарчу романан тІаьхье. Иза ара а елира І969 шарахь.

ЗАЙНАЪ. Ма хьуьнар долуш стаг хилла иза. Тахханехь еша йолалур ю со цуьнан говзарш…дийцахьа, Аспирант, кхин дІа муха хилла цуьнан кхоллам?

АСПИРАНТ. Сан цІе Мансур ю хьуна…

ЗАЙНАЪ. Сан цІе Зайнаъ ю …

АСПИРАНТ. Девзаш хир ду вай…

ЗАЙНАЪ. Дийцахьа, Мансур, кхин дІа а Маремах лаций…

АСПИРАНТ. Марем І977 шарахь гурахь дІакхелхира. Язъян йолийнччохь йисира цуьнан прозин кхоалгІа киншка.

«Ваша воцчу йишина» халкъан илли дІаолу…..

## А. Авторханов

Дакъалоцурш:
Авторханов
Кураксин
Хехо
Тутмакх
Лор
Суьдхо
Сафонова
Прокурор
Айкх
Къона Халид Ошаев

## 1 сурт

АСПИРАНТ. Ткъа хIинца Исаева Мареман цхьана дешархочо Авторханов Iабдурахьмана язйина а, цунах лаьцна яздина а шайн долу йозанаш схьадахьа суна…

ЗАЙНАЪ. ХIокху минотехь…

(Кхоьлина чоь. Стоьла хьалха хиъна Iаш ву следователь Кураксин. Хехоша чувалийначу Авторхановга дIа ца хьожуш, цхьаъ язъеш Iа Кураксин.)

Кураксин. (ЦIеххьана хьала а хьожий). А-а, Авторханов Абдурахман! Ткъа со - следователь по особым делам Кураксин ву. ХIан, хIара кехат ду хьуна, кху тIе дIаязъе массеран фамилеш…хьайна мел бевзачу нехан фамилеш…

Авторханов. Уьш стенна язъеш ю?

Кураксин. Кхузахь хаттарш деш верг со ву… Я хьуна дицделла, хьуо мичахь ву?

Авторханов. Ас-м уьш дукха болу дела бохура… Дукха хан яйъа еза…

Кураксин. Хенал дукха вайн хIума дац хьуна, дIаязъе ахь.

Авторханов. Сайна дикка бевзачеран фамилеш, я вуьшта вист мел хиллачеран…хьехархойн… студентийн?

Кураксин. Массеран, массеран! Хьайна мел гиначуьннан… хьуо вист мел хиллачуьннан, хьоьга вист мел хиллачуьннан!.. ДIаязъе ахь, къасташ ешалур йолчу кепара. Чистописани ярий ахь дешначу гимназехь?

Авторханов. Яра…

Кураксин. ХIинца хьуна ю-кх и чистописани урок. ДIаязъе ахь цIерш.

(Цхьа хан йолу. Авторханов язйина волу)

Авторханов. ХIан, хIара ю-кх хьуна! Ахь боху фамилеш… Цхьа эзар сов хилла уьш-м.

Кураксин. Дика ду. Дуккха мел хили а дика ду. Схьаяло.

(Схьаоьцу. Хьожу. ТІаккха оцу фамилешна бухахула яздо).

«…Лакхахь язйина фамилеш йолчу нахаца цхьаьна ас дакъалаьцна Советан Іедал дохо леринчу антисоветски бандина юккъехь, и тІечІагІдеш ас кхузахь куьг таІадо…»

Схьавола, кхузахь куьг таІаде.

Авторханов. Ахь хІун дуьйцу?! Хьо хьерваьлла?!

Кураксин. Хьер хьо вер ву, ахь хьайга бохург ца дахь!

Авторханов. Гражданин следователь, ахь суна тІехь хІуъу Іазап латтадайтарх, ахь сан дегІа тІера меженаш цхьацца йохуш, дІаяхарх, суна чохь са а долуш хир долуш хІума дац иза.

Кураксин. (вела а къежаш). ХІи-хІи, дуьххьара иштта чІогІа хуьлу массо а. Жимма тІехь болх бича, кІадло, мичча а куьг яздеш.

Авторханов. И соьца хир дац хьуна.

Кураксин. Хир ду… Муралов вевзий хьуна?

Авторханов. Крайкомехь болх бинарг вуьйций ахь?

Кураксин. Вуьйцу. Цо ворхІ буьйса лайра, тІаккха кІадвелира, шега бохург а деш.

Авторханов. Со Муралов вац…

Кураксин. Хуур ду вайна, хьо мила ву а! Хехой! Схьадуьйла. Шен камери чу дІа а вигий, болх бе кхуьнца, кхетош-кхиоран болх…

(Авторханов дІавуьгу)

## 2 сурт

(Йиттина Іуьллуш волу Авторханов меттавогІу).

Авторханов. Везан Дела, массо а хІуманна ницкъ кхочушверг ву-кх Хьо, Лохьа суна ницкъ церан Іазапна къар ца вала! Везан Дела, ларвехьа со юьхьІаьржонах, ларвехьа со цара бохург тІелацарх, харцонан лай хиларх.

Ванах, со кхетамчохь воцуш-м ца дина-техьа ас цара бохург?

Хехо. Авторханов! На допрос!

Авторханов. Юха а допросе вуьгуш велахь ца дина хьуна ас цара бохург. АльхьамдулиллахІ. Дела, хьуна бу хастам!

(ДІавуьгу)

Кураксин. Гражданин Авторханов, даредой ахь Советан Іедал дохо Іалашо йолчу «Межнациональни Союзан декъашхо хьо хиларна»?

Авторханов. Даре ца до.

Кураксин. Даредой ахь, айхьа Советан Іедална дуьхьал, вредительски цунна зиэ а деш, книшкаш язйина хиларна?

Авторханов. Ца до.

Кураксин. ДІавига хІара. ТаІзар чІагІде, наб ма яйта цхьана а минотехь.

(ДІавуьгу Хехоша. Музыка. Етташ, таІзар до).

(Жимма хан яьлча, меттавогIу)

Авторханов. Со… со мичахь ву?
(тIехIутту лор)
Хьо мила ву?
Лор. Со лор ву-кх. Хьо набахтин больницехь ву…
Авторханов. Кху чу муха кхаьчна со?
Лор. Хьайн бехкенна.
Авторханов. Муха сайн бехкенна?
Лор. Иштта, хьайга бохург ца деш, хьо дуьхьалвийларна кхаьчна-кх!
Авторханов. Ас харцо тIелоцур яц!
Лор. Хьо иштта дуьхьалвийлахь, хьуна хиндерг, дIо Iуьллучуьнгахь дерг хир ду-кх. ЛадогIа ахь.

(Тутмакхан узарш хеза).

Тутмакх. Я АллахI, я АллахI…
Авторханов. (Хьала а айалой, дIахьожу). Цунна хIун дина?… И верриге бинташ хьерчийна ма ву…
Лор. Изза ду-кх хьуна хиндерг а, хьо кхин дIа а дуьхьалвийлахь.

(Авторханов, меллаша воьдий, тIехIутту тутмакхна)

Авторханов. Хьо мила ву… Мичара ву?
Тутмакх. Я АллахI… Я АллахI.
(дIаволу)
Авторханов. Дала кхел йойла хьуна хIара динчунна… Дала хIаллакдойла шу… Везан Дела, хьалха ваккхахьа со кху балех… Кхаьрга кхин со хьийза ца войтуш… дIакхалхар лохьа суна, я АллахI Дела…

(чубовлу хехой)

Хехо. Авторханов, на допрос!
Лор. Ойлаелахь, Авторханов, ойлаелахь хьайга хьоьжучуьнга.
Авторханов. Ас ойла йина дукха хан ю. Иза чIагIъелла ю, шагатIулг санна.
Хехо. Хуур ду вайна иза-м, и мел чIогIа шагатIулг бу. Вало!

(ДIавуьгу)

## 3 сурт

Зайнаъ . Кхин дIа цунна тIехь латтийна къизаллаш ма йийцалахь, соьга лалур дац хьуна иза.

АСПИРАНТ. Мухха а делахь а, вайна хаа дезаш ду-кх иза…Иштта таIзар латтош, цхьана набахти чуьра кхечу воккхуш, цкъа Москох дIавуьгуш, юха цигара цIа валош, (цкъа тоьпаш тоха дIа а хIоттийра Авторханов Iабдурохьман), боцу бехк тIелаца бохуш, ницкъ бира дехачу пхеа шарахь. ТIаккха къизачу Iазапхойн тхьамда Ежов лаьцна чувоьллича, шолгIа суд йира цунна.

ХIинцалц цунна тIетеIийна бехкаш: контрреволюцин Союзехь дакъалацар,

тешам цаларбар, кхиберш дIа а баьхна , цунна тIехь битира цхьа бехк: Авторхановс язбина белхаш Советан Iедална дуьхьал, цунна зен деш бу, аьлла.

## 4 сурт

Суьдхо. Гражданин Авторханов! Айхьа Советан Iедална дуьхьал, цунна зен деш йолу киншкаш язъеш, болх бина хилар даре дой ахь?

Авторханов. Даре ца до. Сан книгаш марксизман-ленинизман лехамашна жоп луш ю.

Прокурор. Ткъа эксперто, Iилманийн доктаро Сафоновас хьо бакъ вац боху. Дийцал ахь, Сафонова…

Сафонова. «Революция и контрреволюция в Чечне» боху болх вредительски бу, хIунда аьлча, гражданин Авторхановс цу тIехь хестабо хIинца, халкъан мостагIий бу аьлла, «Iорабаьхна болу : Шляпников,Фигатнер, Гикало, Костерин, кхиберш»…

Авторханов. Алахьа, I930 шарахь и киншка айса язъеш, суна мичара хуур дара и хIетахь цу лоручу, лаккхарчу даржашкахь болчу нахах I937 шарахь «халкъан мостагIий» хирг хилар?

Прокурор. И бу-кхий хьан бехк. Хьуо а «халкъан мостагI» хиларе терра, хьуна хIетахь ца лиъна и «классан мостагIий» ма-барра гучубохуш, Сталина вайна ма-хьеххара, сема хила.

Прокурор. Кхин хIумма дуй хьан ала, Сафонова?

Сафонова. Ас сайн экспертни заключени тIехь билгалдаьккхина гражданин Авторхановс шен накъосташца Яндаровца, Мациевца цхьаьна язйина «Нохчийн меттан грамматика» а зене хилар.

Авторханов. Бехк ма биллахь, хьуна нохчийн маттахь деша хаьий?

Сафонова. Ца хаьа.

Авторханов. Хьуна муха хаьа, нохчийн маттахь язйина йолу и грамматика ямарт юйла, хьуна нохчийн маттахь деша хууш а ца хилча?

Сафонова. Ас деша оьшуш а дац, цуьнан авторш «халкъан мостагIий» хилча, церан киншка а ямарт хир юй хаьа суна.

Суьдхо. ГIовгIанаш! ГIовгIанаш ма е! Дерриге а кхеташ ду. Авторханов, хьуна тIаьххьара дош ду.

Авторханов. Ас дIахьедо, со цхьана а хIуманна тIехь бехке цахилар. Цундела дехар ду суьде, со маршаваккхар!

Суьдхо. Суьдо кхиэл йо уголовни кодексан 58 статья ворхIалгIачу пунктаца билгалбаьккхина бехк, Авторхановн тIехь хилар тIечIагIдан, цунна чохь яккха кхо шо хан тоха а. Амма цо хIинцале чохь даьккхина диъ шо сов, цундела Суьдо сацам бо иза маршаваккха.

## 5 сурт

АСПИРАНТ. Авторханов Iабдурахьман шен доьзалца Соьлжа-гIалахь кхин мехах хIусам а лаьцна, ваха хиира. Хьалхалераниг и чувоьллича , Iедало дIаяьккхира…цуьнга кховдош болх бацара, амма НКВД-н тидамера ваьлла вацара иза…

## 6 сурт

Авторханов волчу вогIу цхьа стаг – Айкх.

Айкх. Ассаламу Iалайкум, Iабдурахьман.

Авторханов. ВаIалайкум Ассалам, вало чоьхьавер ву вайша.

Айкх. Чоьхьа а вер ву. Ас деана къамел чохь дийцар гIоле ду.

Авторханов. Вало ткъа.

Айкх. Со вевзий хьуна?

Авторханов. Цхьанхьа гича санна-м хета суна хьо.

Айкх. Гина хьуна, гина хьуна… Со хьоьца мацах гимназехь доьшуш хилла ву-кх…

Авторханов. А-а, ван а ма ву… Маашев…

Айкх. Нийса боху… Маашев Махьма.

Авторханов. Хьо лаа лелий?..

Айкх. Лаа лела… Цхьанхьа болх ца бича ма ца довлий вай.

Авторханов. Мичахь ву хьо балхахь?

Айкх. Рабфакехь ву бохуш ву. Амма Iедало тIедехкина кхин декхарш а ду сан.

Авторханов. ХIун декхарш ду уьш?

Айкх. Тайп-тайпана. Масала, хIинца тIедиллина декхар ду: хьо гуттар а тергамехь латтор. Мича воьду, маца араволу, маца чувогIу, хьаьнга вистхуьлу… Цул сов, хьоьца денна къамелаш дар а тIе диллина суна, хIора кIиранна чохь шозза оцу къамелийн хьокъехь отчет яла еза, кехат тIе дIа а язйина…

Авторханов. Даккхий декхарш ду хьуна тIедехкинарш-м.

(велакъежа)

Айкх. Хьо сох кхарда ма кхарда, Iабдурохьман. Кеша го ас лелош дерг. Хьо сох кхетахьа. Сайн лаамехь лелаш ма вац со. Дан хIума дац-кха…

Авторханов. Со кхетта хьох. Хьайн болх биэ ахь.

Айкх. Ас хьуна цхьа хьехар дийр ду… Ас цIенчу даггара боху хьуна. Суна дика евза хьуна и НКВД-е. Цара цкъа юьхьарлаьцна стаг вуьтуш вац хьуна. Цара хьо а вуьтур вац. Цундела кхузара дIаваха везара хьо. Кхузара гена мел вели а дика дара хьуна.

Авторханов. Сан доттагI Маашев! Со ведда Колыма водахь а, со лаьцна схьавалор цхьа цуьрриг хала дац кху Iедална. Нагахь, ас маьрша а волуш йоккху хан яхъялийта хьуна лаахь, ахь цхьа хIума дан деза.

Айкх. ХIун ду иза?

Авторханов. Сайх лаьцна НКВД-е дIаала дезарг ас айсса яздийр ду хьуна. Ахь цу тIера хьайн куьйгаца схьа а яздай, дIалуо хьайн хьаькамашка. Реза вуй хьо?

Айкх. Дукха чIогIа реза ву, суна гIазкхийн маттахь лартIехь язъян а ма ца хаьа.

Авторханов. Резавелахь, хIора кхо де моссазза долу, хьайн отчет дIаяхьа схьавола… Вайшиннан барт цхьаьнга а багах ма баккха. Нагахь и Iедална тосалахь, со-а, хьо а – ший а хIаллаквийр ву цара.

Айкх. Кхетта со.

Авторханов. Кхеттехь ларлуш хила!

Айкх. ЧIогIа хир ву. Со воьду. Кестта схьакхетар ву. Iодика йойла!

(ДIавоьду)

## 7 сурт

Буьйса. Авторхановн чохь. НеI туху.

Авторханов. (НеI йоьллуш). Мила вара неI йиттинарг, схьа гучувала.

Халид. Со вара иза, Iабдурахьман.

Авторханов. Халид, хьо ву и?

Халид. Со ву.

Авторханов. Хьо лаа вуй? Хан йоцучу хенахь?..

Халид. Хенаш къесточохь дац гIуллакхаш, Iабдурахьман.

Авторханов. ХIун хилла вайна цу бесса… Аьлча а, хIун ду вайна тIекхачаза…

Халид. Вай сихха ца хьийзахь, кхин а доккханиг ду вайна тIекхача мегаш.

Авторханов. ХIун ду-техьа иза?..

Халид. Соьлжа-гIалин набахтин хьаькаман гIоьнча ву суна вевзаш… Цхьа жуьгти. Даим нохчашна юккъехь Iийна, нохчийн мотт а хууш. Цо хабар тоьхна: тховса хьо, Iабдурахьман, лоцурволуш а ву, набахти дIа ма кхаьччи, хьуна тоьпаш тухурйолуш а ю…

Авторханов. Цара иза сихха дийрдуйла хиъча, караваха а мегар дара.

Халид. Ахь хIун дуьйцу, акхарошна кара муха воьду?

Авторханов. Делахь, кхин дан хIумма а дац, лам чу а вахана, обаргех дIа ца кхетахь.

Халид. Иза некъ бац. Уьш НКВД-с тахана- кхана хIаллакбийр болуш бу.

Авторханов. Ткъа хIун де ас? Ахь алахьа…

Халид. Вайшимма, жима волуш биъна дуй биц-м ца бина ахь?

Авторханов. Ца бицбина. «Ас, Авторханов Iабдурахьмана…

Халид. «… Ас, Ошаев Халида дуй буу….

Авторханов. …Халкъан ирсан дуьхьа ваха, цунна тIебогIучу бохамашна дуьхьало а хилла латта.

Халид…. ДегIа чохь са мел ду оцу Iалашонна къахьега.

Авторханов. …Гуттар а къийсам латто вайн къоман ирсехьа!

Халид. И къийсам дIабахьа хьуна битина некъ бац, хьо тховса дIа а лаьцна, вуьйр ву боху набахтин хьаькамо… Ткъа… фронт Теркайисте схьакхаьчна. Хьо цул дехьавала веза, кхечу махка дIаваха.

Авторханов. Дехьавала… ХIокху Iедало а, наха а ямартхо вийр ву-кх сох.

Халид. Ямартхо хьох Iедало хIинцале а вина … Цига дехьавала, дуьнене а вайгара бала дIабийца… И бу хьуна хьан къийсам.

Авторханов. Бакъду, и ца дахь, кхин суна битина некъ бац… Ши сахьт хан еза суна… гергарчаьрга вистхила…

Халид. Дика ду, ши сахьт хан ю хьуна. Ши сахьт даьлча, тешаме накъост хир ву хьуна машенца кхузахь лаьтташ.

Авторханов. Дела реза хуьлда хьуна. Халид, со виц ма велахь.

Халид. Дала Iалашвойла хьо… ДIагIо… Орца даккха вайн къомана.

(Мар-мара кхета. Халид дIавоьду)

Авторханов. Маржа дуьне яI, со муха къаста веза-техьа сайн дай баьхначу лаьттаца! Ма хала дуьйцу-кха дIакъастар дегIах са, и санна хала ду, мохк а буьтуш, дIавахар…

## МухIажарийн илли хеза

## 8 сурт

АСПИРАНТ: Иштта махках вала дийзира яздархочун, Iилманчин Авторханов Iабдурахьманан. Амма шен къам дицдина, цуьнан ойла ца еш, цо цхьа де а ца даькккхира.

Шен хьекъалца а, меттан говзаллийца а цо къийсира нохчийн къоман бакъонехьа.

ЗАЙНАЪ. Къийсам? Муха дIабаьхьна цуо и къийсам?

АСПИРАНТ. I948 шарахь цо ООН-е елира нохчийн къам, цхьацца бахьанаш хIиттош, Сталинан Iедало хIаллакдарх, ткъа I944 шарахь, баккхий нах а, зударий а, бераш а ца къестош, дерриге цIера а даькккхина, шелонна, мацалла далийта Казахстанан, ГIиргIазийн есачу аренашка охьакхоссарх.

Цул тIаьхьа тайп-тайпанчу шерашкахь, Сталинан зуламечу Iедалан адамаш а, къаьмнаш а хIаллакдеш хилла къиза чарх йовзуьйтуш цуо дуккха а киншкаш язйира: «Происхождение партократии», «Империя Кремля», «Убийство Чечено-Ингушского народа», «Загадка смерти Сталина», кхиерш.

ЗАЙНАЪ. Аса а ешна Авторхановн цхьа киншка «Мемураш». Хала йийшира ас иза…дагна чIогIа Iаткъам бо цуо…

АСПИРАНТ. I953 шарахь Сталин дIакъежча, Авторханов Iабдурахьман немцойн цхьана газета тIе зорба туьйхира цунна доггах неIалт олуш шатайпа «кадам»: «ДIаваха хIокху ткъе итт шарахь , цхьа а бекхам а боцуш, вайн дайн а, вежарийн а цIийн хIорда чохь, вайн нанойн, йижарийн бIаьрхийн Iовраш чохь лийчинарг. ДIаваха хIокху лаьтта букъ тIехь леллачу, неIалт хиллачу наха уггаре а доккха неIалт хилларг. Мах дечиган хьокха цуьнан каш чу! Гуттар а неIалт доьлхийла цунна тIе! Къиза тIом дIакхайкхабе цунах дисинчу зуламна!».

Авторханов Iабдурахьман шен дерриге а дахарехь Сталинан къизачу Iедалан дуьхьал къийсам латтийнехь а, цунна дика хаьара мел оьшуш ду нохчийн къомана Россица долу гергарло.

I992 шарахь Нохчийчохь Дудаев Джахар Iедале веъча, Авторханов Iабдурахьмана ша Iачу Германера цуьнга кехат яздира, цу тIехь иштта дешнаш дара: « ГIазот ма хьехаделахь, Россица машар лахалахь». Амма цуьнга а ла ца дуьйгIира хIетахь Iедална нуьйр тиллинчара…

ЗАЙНАЪ. Мансур, хьо кху чу валлац, нохчийн яздархоша оццул халонаш лайна аьлла дагахь а дацар-кх суна. Ма оьшуш бу и хьан Iилманан болх. Суна а, со санначарна а вайн литература а, и язйинарш бовза аьтто бийр бу цуо…

АСПИРАНТ. Сан болх хIинца бен бола а ца белла…амма ас дечунна иштта мах хадо хьо тайпа дешархой хилча, кхин дIа а Iилманехь къахьега хала дац…

ЗАЙНАЪ. ХIокху хьан тептар тIехь Мамакаев Iаьрби цIе го суна. Цуьнан «Нохчийн лаьмнашкахь» цIе йолу поэма ас оьрсийн маттахь ешна…

АСПИРАНТ. И чIогIа дика ду. Исаева Марема хьоьхучу ишколехь доьшуш

волчу хенахь дуьйна литературехь къахьега волавеллера Мамакаев Іаьрби. Дукха хан ялале цуьнан цІе гІараелира Нохч-ГІалгІайчохь. Сийлахь-боккха Даймехкан тІом болабелча, кест-кеста радиочухула екара цо Советски къам къийсаме кхойкхуш язйина исбаьхьа байташ.

І942 шарахь кхуьуш вогІучу поэтан шен кхолларалли планаш юкъахйита дийзира. Цу шарахь Соьлжа-гІала веара Л.П. Берия. Партин жигархой а гулбина, кхеташо йира цо. Цигахь цо къамел а дира.

## ІАЬРБИ МАМАКАЕВ

***ДАКЪАЛОЦУРШ**:*

*Къона Іаьрби Мамакаев*
*Іаьрби Мамакаев воккха хилча*
*Л.П.Берия*
*А. Солженицын*
*І тутмакх*
*2 тутмакх*
*3 тутмакх*
*Къона Абузар*
*Шима Окуев*
*Лулахо*
*Салтий*
*Нах*

## І сурт

Л.П. Берия. Накъостий, партин жигархой! Шуьга, нохчийн, гІалгІайн коммунисташка, ас кхайкхина партин, правительствон цІарах хІара дІахьедар дан, иза шуьга шайн шина а къоме дІакхачадайта.

Шуна ма хаъара, тІом бу дІабоьдуш, фашисташа дІаболийна къиза тІом. Цундела деха къамелаш дан йиш а яц. Доцца аьлча, ламчохь Советан Іедална дуьхьал болийна гІаттам аша шайн ницкъашца дІа а баькхина, Советан Іедал метта ца хІоттадахь, шу лаьмнашка чудалор ду ЦІечу эскарийн дакъош, цара хилла меттиг а ца юьтуш, дІахьокхур бу и гІаттамхой а, ламчохь мел йолу юрт а, кІотар а…Цхьа а ца кхоош… Ткъа шун къаьмнаш Кавказан лаьтта тІера дІадохур ду гуттаренна а.

(Тийналла)

Кхеташ дуй ас аьлларг?

(тийналла лаьтта)

Маьхьарий. Кхеташ ду, кхеташ ду…
Берия. Хаттарш дуй?
(тийналла лаьтта)

І. Мамакаев. Сан дара цхьа хаттар…

Берия. Хьо мила ву?

І. Мамакаев. Со – нохчийн поэт Мамакаев Іаьрби ву-кх!

Берия. ХІун ду хьан хаттар?

І. Мамакаев. Лераме накъост Берия! Оцу ламанца йолчу ярташкахь, кІотаршкахь бехачу мискачу нехан хІун бехк бу, цигахь бандиташ гучубовларна? Милицис шен болх бан беза-кх, бан ма-беззара…

Берия. Схьалаца и бандит! Ас хоуьйтур ду хьуна, болх хьан бан беза!

(Чекисташ чухьовду Іаьрби дІалаца…)

І. Мамакаев. И хьаха дара шуна цахиндерг. Цхьаъ тІе ма гІорталаш! (Тапча а йоккхий, тапча кхуссу)

( ТІаккха, корах ара а оькккхий, воду. Чекисташа тІаьхьа герзаш кхуьссу).

Берия. Цхьанхьа а гІур вац. Чекистийн бойнаш ю массанхьа а тийсина…
ТІаккха, нохчий, гІалгІай, кхин дуй цхьаннан хаттар?

(Цхьа а вист ца хуьлу)

Дацахь, вайн цхьаьнакхетар дІадирзи. Шух тхуна везарг оха д1акхойкхур ву вагон чу. Іодикайойла.

## 2 сурт

АПСПИРАНТ. И лер-алар хиллачул тІаьхьа, Іаьрби Мамакаев масех баттахь лийлира Іедална пебетташ. Амма, эххар а, НКВД-н айкхаш тІаьхьа а кхиъна, иза чувоьллира.

Цигахь, чувоьллинчохь, вевзира цунна оьрсийн яздархо Александр Солженицын.

ЗАЙНАЪ. Солженицын?! «Архипелаг Гулаг» язйина волу Александр Исаевич Солженицын вуьйцу ахь?

АСПИРАНТ. Вуьйцу.

ЗАЙНАЪ. Суна иза цкъа а хезна а дацара хьуна. И ду-кх, дуьне кхин башха доккха а дац бохург.

АСПИРАНТ. Дуьне- м доккха дара, Сталина гатдина хилла-кх иза хьекъал долчу нахана…

## 3 сурт

Набахтин камери чувалаво Іаьрби. Чохь болчара леррина тергалво иза. Іаьрбис шена лакхара меттиг схьалоцу.

І тутмакх. ХІей, чагІалкх, ахь хІун леладо?. Хьан меттиг, дІогахь неІарна уллехь ю!

Іаьрби. Иза хьан меттиг ю!

(Іаьрбис цуьнан мотт дІакхуссу. Леташ чуччавоьду, Іаьрбис, тухий, вожаво).

І тутмакх . Хьо мила ву?

Іаьрби. ХІун бен ду хьуна, со милла хилча а, со уггар хьалха адам ду!

І тутмакх. Нохчо вуй хьо?

Іаьрби. Ву. ХІунда бохура ахь. Хьо тІехь яздина-м дац суна, нохчо ву аьлла?

І тутмакх. Амал… амалца вевзар ву муьлхха а нохчо… Делахь, сан хьоьца меттиг къийса йиш яц.

(Шен мотт а оьций, дехьа волу)

Солженицын. ЦІе хІун ю хьан?

Іаьрби. ЦІе Іаьрби ю. Іаьрби Мамакаев, нохчийн поэт.

2тутмакх. ХІан, кхин цхьаъ яздархо тІекхийти шуна.

І тутмакх. Кестта яздархойн Союз схьайоьллур ю вай кху чохь. ХІа-ха-ха

Іаьрби. Кхин мила ву кху чохь яздархо?

Солженицын. Со ву - А.И. Солженицын. Ешний ахь, ас язйина хІумма а?

Іаьрби. Ца ешна. Стихаш язйо ахь?

Солженицын. ХІан-хІа, проза язйо, романаш, повесташ. Ахь хІун язйо?

Іаьрби. Ас стихаш язйо, прозехь болх бан дагахь-м ву со.

Солженицын. Хьайна цхьа стихотворени ешахьа.

Іаьрби. Ас нохчийн маттахь язйо.

Солженицын. Нохчийн маттахь йолу стихаш гуттар чІогІа хаза лаьа суна, хІунда аьлча, суна хІинццалц цкъа а хезна яц уьш.

Іаьрби. Шуна царах хІумма а кхетар ма дац, стенах язйина а хуур дац.

Солженицын. ХІумма а дац. ДІаолуш долу илли санна ма ю стих. Шен мукъам а, шен ритм а йолуш. Ешахьа, доьху хьоьга.

Іаьрби:

Аренаш аьрцанех
Кхеттачу асанца,
Аьхкенан хьаннаша
Боьра чохь хьулйина,
Хьаьрччина Іуьллучу
Ламаройн юьртахь мох
Суьйренца меллаша
ГІаш дего боьллера.

Малх лаххахь цІийбелла
Чарранал гуш бара,
Суьйренца хьаелла,
Юьртахь гІара хезара.
Цхьана лохчу лапгІанан
КетІахь, шайн даггара
Къамел деш, гІайгІане
Ши къонах лаьттара.

(Іаьрби ешна ваьлча, тийналла лаьтта)

Солженицын. Мукъаме, ритмични стихаш ю. Нохчийн мотт хаза бекаш бу, цхьа шатайпа кІеда- мерза мотт болчух тера ду шун мотт. Ткъа стенах лаьцна яра хьан уьш?

Іаьрби. Иза сан «Нохчийн лаьмнашкахь» цІе йолу поэмин хьалхарчу декъан юьхь яра. Оцу могІанашца ас гойту ламанан юрт, цуьнан Іалам, суьйренца хьаькхна мох, чубузу малх, юьртан гІовгІанаш.

Солженицын. Баркалла, Іаьрби, нохчийн меттан урок яларна. Эрна хестийна ца хилла иза Лев Толстойс.

Іаьрби. Баркалла, Александр Исаевич.

## 4 сурт

Набахтин камера. Самаваьлла Солженицин цхьаъ лоьхуш, кара ца деш.

Солженицын. Уой, мича даха уьш? ХІа-а ахча а дац карош. Ахча-м лачкъийча а ловр дара… Куьзганаш, куьзганаш доцуш ас хІун дийр ду?

Іаьрби. Александр, хьан хІун яйна?

Солженицын. Куьзганаш дайна… Дайна аьлча а, лачкъийна-кх. Куьзганаш доцуш сан а деша а, я яздан а йиш ма яц.

Іаьрби. (ІІ тутмакх тІекхойкхуш). ХІей лаьттарг!

І тутмакх. ХІун боху ахь?

Іаьрби. Схьавоьл суна тІе.

І тутмакх. ТІевеа, тІаккха.

Іаьрби. И Іаш верг вевзий хьуна.

І тутмакх. Профессор! Хи-хи-хи.

(Іаьрбис хІума туху)

Іарби. Яздархо ву иза!

І тутмакх. Дика ду, дика ду, яздархо ву иза, яздархо!

Іарби. Иштта, ас Іамор ду шу яздархо лара.

І тутмакх. Лоруш ву, яздархо. Кхин хІумма дуй, нохчо?

Іаьрби. Ду. Нохчочуьнца дов латто лаьий хьуна а, хьан накъосташна а…

І тутмакх. Суна-м ца лаьа.

Іаьрби. Ца лаьахь, нийсса цхьа сахьт хан ю хьуна, оцу Александр Исаевичан куьзганаш а, ахча а схьадан.

І тутмак. Ас мичара дохьу уьш?

Іаьрби. Хьайна луъучуьра! Я куьзгнаш ахчий, я дов! Айхьа биэ къастам. Кхеттий хьо?

І тутмак. Кхетта. (дІавоьду)

Солженицын. Баркалла хьуна, Іаьрби. Дика ду-кх хьо кху чу нисвелла.

Іаьрби. Ахь баркаллаш баххал, доккха хІума дацара хІара-м.

(ЮхавогІуш ІІ тутмакх а гой)

Хьо юха ма вирзи, лергаш?

І тутмакх. Ахча – тю-тю-тю… доьхкина.

Іаьрби. Ас дийр ду хьуна тю…тю

І тутмакх. Куьзганаш хІорш ду… Бегаш беш схьаэцнера боху. Вехачо!

(Іаьрбис, схьа оьций, дІало Солженицын куьзганаш)

Іаьрби. ХІан, хІорш ду хьуна куьзганаш… Ткъа ахча…

Солженицын. Ахча дитахьа, цунна тІаьхьа-м кхуьура вацара…

ХІара куьзганаш ахь схьадахар ду-кх доккха хІума.

Іаьрби. Уьш кхин хьан хІуманна тІекховдарна со ца кхоьру-кх хьуна.

Солженицын. Баркалла. Ас Казахстанехь тергалбинера нохчий. Уьш нийсо

лохуш, харцонна къар ца луш нах бара…иштта хьо а ву…

## 5 сурт

АСПИРАНТ. Шен маршо йихкинчу оцу дехачу I4 шарахь нохчийн цIе лекха латтош, хаддаза къийсам дIабаьхьира Мамакаев Iаьрбис . Цуьнца чохь хиллачу дукха наха дуьйцура, гIийлачеран гIо лоцуш, гуттар кийча вара иза орцахвала бохуш. Бехк боцуш чубоьхкинчу нехан дахар аттачудаккхийта гIерташ, цо дукха а кехаташ яздора лакхарчу Iедале. Наггахь и бахьан а хIуттий, стаг маьршавоккхуш меттигаш а нислора.

ЗАЙНАЪ. Цхьа Iилманан къайле суна а гучуели хьуна, хьоьга ладоьгIуш Iашшехь…

АСПИРАНТ. ХIун къайле ю иза?

ЗАЙНАЪ. «Архипелаг-Гулаг» киншки тIера нохчех лаьцна дешнаш Солженицына Iаьрби вевзинчул тIехь язйина хилла-кх, суна схьахетарехь…

(Зайнаъ книшка схьаоьцу , йоьшу)

«…Цхьа къам дара, ницкъ баран психологина къар ца луш – къаьсттина адамаш я къийсамхой а боцуш, дийнна къам. Уьш нохчий бара. Цхьа а нохчо цхьанхьа а, цхьана а хенахь а хьаькамна товриг дан а, я цунна ша дукхавезийта гIерташ вацара. Амма массо а хенахь цуьнга шен болу цабезам гойтуш вара кураллийца.»

АСПИРАНТ. I956-чу шарахь шарахь Магаданехь …. маьршаваькккхина Мамакаев Iаьрби. Иза шен гергарнаш лоьхуш Казахстане вахара, шен халкъ долчу. Цигахь шийлачу гуьйренан суьйрана цхьана юьртахула нохчий лоьхуш схьавогIа иза, цIеххьана сецира, шена бевзаш боцу хаза мукъам а хезна, цхьана корехула охьаIенаш. Цу коре а хIоьттина, ладоьгIуш лаьтташ, поэтана дицделлера массо а хIума, цунна дуьхьалхIуьттура генарчу даймехкан суьрташ: лаьмнаш, аренаш, раьгIнаш, шовданаш, Терк, Орга…

Иштта и лаьтташ дукха хан яьллера, цуо шен гIорош болу когаш тергал а ца беш. Иза хаавеллачу оцу цIийнан хIусамдас чувигнера Iаьрби, шелбеллачу когашна дан деза дарба а деш.

Ткъа поэто дехнера, кхин цкъа а лакхийтахьа и мукъам аьлла … Цунна хезнарг яра Огинскийн полонез.

(Ека Огинскийн полонез)

## 6 сурт

АСПИРАНТ. I956 Алма-Атахь арадала доладелира «Къинхьегаман байракх» цIе йолу газет. Цу редакцехь гуллора нохчийн яздархой. Дуьххьара цигахь гира Мамакаев Iаьрби къона яздархочунна Айдамиров Абузарна. Цу шиннан гергарло тасаделира. Даймахка цIадирзича, кхин а чIогIа чIагIделира иза.

Iаьрби. Чохь дуй шу? Хьаша тIеоьций аша?

Абузар. Дера оьцу, марша вогIийла хьо, Iаьрби!

Iаьрби. Делера маршал хуьлда.

Абузар. Муха кхечи хьо? Некъ хала-м бацара?

Iаьрби. ХIинццалц вай динчаьрга хьаьжча, ма хала дац шен махкахь дешдолу некъаш.

Абузар. «Лаамзий, лаамций ас дина некъаш, заманан йохалла, шу марша Іойла…» иштта язйина ахь .

Іаьрби. Уьш марша а Іойла, даймехкан некъаш марша а догІийла. Схьа ца кхаьчна вайшиннан Шуьйтара хьаша?

Абузар. ХІинца а кхачаза ву.

Іаьрби. Бехк бац, цуьнан ши некъ бан беза: Шуьйтара гІала а, цигара – Мескета кхаччалц.

( оцу хенахь хеза Шимин аз)

Шима ( илли а олуш) : «Лакхарчу ломара лахенга лар йохьуш, сирлачу седанал сайн цІена дог дохьуш, мехкарийн эшаршка, доттагІийн иллешка, ладегІа веъна со, Абузар, хьо волчу…»

Іаьрби. ЭйтІ, горалера ламаро яІ! Ламаро волчохь гІар-гІовгІа йоцуш хир дац.

Шима. Ассалом Іалейкум, де дика дойла шун!

Іарби. Ва Іалайкум салам, Далла везийла!

Абузар. Марша вогІийла, Шима! Ва Шима, кхузахь меца хан ю-м ца моьтту хьуна, ма хьашт доцуш беъна ахь …

Іьрби. ХІун ю цуо еанарг?

Абузар. УьстагІан чарх.

Іаьрби. Ламаро Іийр вацара цхьаъ ца лелош.

Шима. Тхан ламарой Іедал ду ша цхьанхьа хьошалгІа вахале, талла а воьдий, экха дуьйш. Тахана са ма-тессий, лома хьала а ваьлла, баца тІера тхи дожош, дажа арадаьлла лерг сема лу дожийнера ас секх-Іад тоьхна, иза кхуза схьадеъна-кх ас.

Іаьрби. Маржа Шима, дуьненан синкъерамаша аренга дІаийзош, яздархо хила лааро хІусаме чуийзош, ма боккха къийсам бу-кх хьан даг чохь дІабоьдуш.

Шима. ВаллахІ, хьо бакъ луьйш ву-кх , Іаьрби. Ма дика хии хьуна соьгара хьал.

Іаьрби. Иштта хІумнаш хууш стаг ма ву шун воккха доттагІ . Схьавола, охьахаал суна юххе ший а. Шайн амалех вовшашна жим-жима дакъа дича, дика ши яздархо хир вара шуьшиннах.

Шима. И муха хир ду?

Іаьрби. Абузара шен синтемах жимма дакъа хьоьга кховдийча. Ткъа ахь, Шима, хьайн каде хиларх жимма дакъа Абузаран дича…

Абузар. Цунах гІуллакх хир ду моьттуш вац хьуна со, Іаьрби. Соьга синтеме валалур вац хьуна хІара карзахе ламаро.

Шима.

Маржа кІентий, нохчийн кІентий!
Хан хеназа гІур юй-те?
Вовшийн дегнаш доггах дезаш
Вай оьцуш хан хир юй-те?
Сайн доттагІий, сайн мостагІий
Мерзий-къаьхьий буьйцу ас.
Уллерчунах дог сан Іабац,
Генарчунна доьлху аз.
Кху дуьнено соьга боху: «доттагІ атта нис ца ло»,
Амма дог сан къар ма лолахь,
Тахна санна деттало!

ІАЬРБИ. Горалера , Шима, яІ, доттагІий ца безаш-м вац хьо. Дош дан а дацара, нохчийн хІора юьртахь синкъерам а бойтуш, вайн махках чекх ца

ваьлча!

АБУЗАР. Шаьшшинна тарлахь, со цIахь виталаш, йолийна повесть ю сан чекхъяккха езаш…

ШИМА. ЦIахь Iе хьо, айхьа ялошъерг ялийна ваьлла хьо.

( Бийлало. Арахь лулахо кхойкху)

Лулахо. Абузар! Во, Абузар, ЦIахь вуй хьо?

Абузар . ЦIахь ву. Чувола, Хьамид.

Лулахо. Ассаламу Iалайкум! Хьеший, шу марша а догIийла.

Iаьрби. Делан маршалла хуьлда.

Лулахо. ГIалара воггIушшехь, чухьоьвзинера со. ХIара морс ду шуна чIогIа чам болуш.

Абузар. Баркал, Хьамид, хIун дара гIалахь?

Лулахо. Со кхин юкъаваха а ца гIоьртира, Минуткехь мангалш а эцна , юхавирзира… майданахь гIаличуьра нах гулбелла бохура.

Iаьрби. Уьш стенна гулбелла?

Лулахо. Нохчий юхаъ Казахстане дIабахийта беза бохуш…цхьа дакъа дара боху майдана деъна , айина лелош, нохчаша вийна хIара , бохуш…

Шима. Хьажахьа, вайх Iаба а ца бохку хIорша-м… нохчийн кIенташа хIума тоха еза-кх цу жIаьлешна.

Iаьрби. Iаба а ца бохку…уьш вайх Iаба ца бохку ….

Суьйренга лестина
Сан шерийн йорта,
Дог, шек ма далалахь
Хьалхе ду алий;
Йисинчу хьайн ханна
ГIоза а далий,
ЙогIучу суьйренан
Беркат а ларий,
Iуьйренна ца динарг
Дан кхиа гIорта,
Кхетаммий,
Безаммий
Хилийта шорта.
Мох болуш хIорда тIехь
ТулгIенаш санна,
ДIаиди,
ДIаихи
Вахаран денош.

( Iаьрби дог лоций, охьавоьду)

Абузар. Iаьрби, Iаьрби, ахь хIун до?

Шима . Хьуна хIун хилла, Iаьрби..? Лор валаве, лор!

Абузар. ДIавели Iаьрби…Дала гечдойла хьуна…

Шима. Iаьрби! Iаьрбиии!

АСПИРАНТ. Иштта Айдамиров Абузар волчу хьошалгIа вахханчохь дIакхелхира нохчийн поэт Мамакаев Iаьрби. Дукха баланаш лайначу цуьнан дагна чIогIа Iаьткъина хиллера и хаам.

ЗАЙНАЪ. ( йоьлху)

Илли «Даймохк» Мамакаев Іаьрби дешнаш тІехь дІаолу Дагаев Валида.

## АБУЗАР АЙДАМИРОВ

***ДАКЬАЛОЦУРШ:***

*Абузар Айдамиров*
*МухІажар*
*Машар*
*Хадишт*
*А. В. Власов*
*Харсаев Леча*

### 1 сурт

АСПИРАНТ . Ткъа хІинца…
ЗАЙНАЪ. Ткъа хІинца ахь хІун эр ду хаьа суна…
АСПИРАНТ. ХІун эр ду?
ЗАЙНАЪ….Айдамиров Абузар…
АСПИРАНТ. …цунах лаьцна йозанаш дуккха а хир ду шун?
ЗАЙНАЪ. Муха ца хуьлу? Айдамиров Абузар цІарах яц хІара библиотека? Абузарах дийца сан ду хьуна дуккха а хІума…
АСПИРАНТ. Суна ца хуург хІун дуьйцур дара ахь цунах лаьцна?
ЗАЙНАЪ. Абузар Айдамиров вина І933 шарахь. Бакъдерг дийцича, цуо ша 4 шо хьалха вина олуш хилла…Иза болх беш хилла Мескетарчу юккъерчу ишколан директор волуш, цигахь нохчийн мотт а, литература а хьоьхуш хилла иза…

### 2 сурт

Партин обкоман хьалхарчу секретаран кабинет.

Харсанов. (НеІ йоьллуш). Чуван мегар дуй, Александр Владимирович?
Власов. Мегар ду.
Харсанов. Хьаша а ву соьца – Айдамиров Абузар.
Власов. ХІара хьаша хилла ца Іа, хІара Іаламат веза хьаша ву. Марша вогІийла хьо, Абузар Абдул-Хакимович!
Абузар. Маршалла хуьлда хьуна а, Александр Владимирович!
Власов. Лечи Мусалович, кестта-м ца валий ахь хІара со волчу.
Харсанов. Ас вола ца олуш-м вацара хьуна хІара. Цхьацца ца нислуш лийли…
Абузар. Со-м республикин уггар а лакхара хьаькам балхах юкъахваккха ца лууш Іара.
Власов. Иштта мегар дац, Абузар Абдул-Хакимович… Тхуна а ма лаьа наггахь гина а халкъан яздархо ган а, цуьнца чайнан стака мала а… Бакъдерг дийцича, хІинца-м кхин бахьана а дара ас хьо кхайкхар. Ахь яздина кехат дешнера ас, лераме Абузар. Ишколе, класса чу а баьхкина, берийн учебникаш юкъара хьан «Еха буьйсанаш» произведени тІехь йолу кехаташ схьахедор иза

варварство ю! Ас Леча Мусаловиче дIа а аьлла иза. ХIун дира ахь, Леча Мусалович цу хьокъехь?

Харсанов. Абузара хьоьхучу ишколе и иэхье гIуллакх эцна вахана хилла ши белхало балхара дIаваькккхина, партийни агIор выговорш а луш.

Власов. Хьакъдоллу таIзар ду.

Харсанов. Цул сов, царна и диэ аьлла тIе диллина волу КГБ-н районан декъан куьйгалхо дIаваккха аьлла яздина республикан КГБ-е.

Власов. Нийсса яздина. Вай бегаш бойтур бац халкъан яздархочуьнца. Вела стенна къежа хьо, Абузар? Боккъал а ас ларам беш стаг ву хьо.

Харсанов. Иза-м бакъ ду хьуна, Абузар, хийла хьо дикачу агIор хьахаво кхуо соьга.

Абузар. И иштта делахь, сан «Еха буьйсанаш» роман ишколан программехь меттахIоттае. Ас язйина керла роман «Лаьмнашкахь ткъес» ара а хецийта.

Власов. Лераме Абузар, хьан «Лаьмнашкахь ткъес» роман издательствон коьртачу редактора Ламаркаевс, редакторша Эпиевс, Хайдаровс ца магийна.

Абузар. И магош язйина 2I рецензи ю-кх сан романна. Церан авторшна юккъехь Iилманийн докторш а, Iилманийн кандидаташ а бу.

Власов. Кхаьчна соьга уьш, и рецензеш.

Абузар. Делахь, Iилманчийн ткъе цхьаъ рецензел еза ю-кх кхаа редакторан мах хадор.

Власов. Яц, суна-м яц уьш еза.. ХIетте а, Абузар тахана партин ондда лаам бу дIадевлларш дукха а ца дуьйцуш, халкъийн барт чIагIбар, уггаре а хьалха нохчийн, оьрсийн шина къома юкъара барт чIагIбар. Вай кечам беш ду вайн шина къоман барт бина 200 шо кхачар билгалдаккха

Абузар. Ас яздийриг исторически бакъдерг ду.

Власов. Ахь яздийриг бакъдерг дуйла а хаьа, ахь архивашкахь дуккха белхаш бинийла а хаьа… Ахь язйина кхин хIуманаш а ма ю… Забаре дийцарш, таханлерачу дахарх лаьцна говзарш…

Абузар. Исторически произведенеш коьртанаш ю сан. Со уггар хьалха историк ву, цул тIаьхьа ву со яздархо.

Власов. КIорда ца дина хьуна, лераме Абузар, и тIемаш, гIаттамаш, верваккхарш,… Цул машаречу дахарх язъехьа. Хьо-м говза лирик а хилла. Хьан дешнаш тIехь язйина цхьа йиш еъна суна, аса-м кест-кеста локхуьйту иза сайна…

(Магнитофон тIе пIелг таIабой локхуьйту «Хьох дуьххьара бIаьрг кхетча»… боху йиш)

Абузар. Дика ду. Со кхетта ахь бохучух .

(НеIарехьа волу)

Власов. Собарде, сих ма ло, Абузар. Сан хьуна баккха кхаъ бу.

Абузар. ХIун кхаъ бу иза?

Власов. Партин обкомо хьо хьалхатеттина хьуна «Дружба народов» орден ялийта. Хьан кехаташ Москва дIадахьийтина.

Абузар. (велало) «Дружба народов» орден муха ло, цунна дуьхьал романаш язъечу яздархочунна?

Власов. И дитахьа, тхуна хаьа хьуна совгIаташ хьанна дала деза. Бакъдуй иза, Леча?

Харсанов. Дукха чIогIа бакъ ду.

Абузар. Дика ду, Александр Владимирович, со кхетта ахь бохучух. Со дIавоьду.

Власов. Дера ца воьду чай ца молуш-м.

Абузар. Чай мала хьогах а вац со, нохчийн илли тIехь ма-аллара.

Харсанов. Охьахаахьа, Абузар, хIокху Александр Владимировичан чай чIогIа дика хуьлу хьуна. МухIажара доккхучу чайне-м кхочур дац иза… ХIетте а, дозанал арахьара деъна ша - тайпа чам болуш чай хуьлу кхуьнан.

Абузар. Делахь, хьуна иштта чIогIа лаарна, чай а мер ду-кх вай.

## 3 сурт

Абузаран хIусам.

МухIажар. ЦIа веан хьо, Абузар?

Абузар. ЦIа веа, МухIажар.

МухIажар. Леча чу ца веа?

Абузар. ХIан-хIа, МухIажар. Балха хIотта веза шен, аьлла, дIаваха, хьоьга бехк ма билла ала, каяьлча, вогIур ву ша бохура.

МухIажар. Бузар, ас хьуна дукхаеза далланаш йина хьуна, къона нитташ хьакхийна, кIалд тухуш, уьш чу а боьхкина, хьормакийн чай даьккхина.

Абузар. Баркалла, МухIажар, хьаькам волчохь чай мелла ас, тIаьхьо кхоллур ю ас.

МухIажар. ХIун хили ахь даьхьначу гIуллакхах?

Абузар. ХIумма а. Хаза къамел а дина, схьаваийтина. Орден ялийта хьалха а теттина боху со шаьш.

МухIажар. Бузар, иза-м хаза кхаъ ма бу.

Абузар. Орденаш шайна а йитина, и сан киншкаш арахецна елара цара.

МухIажар. Уьш а хоьцур ю, Дала мукъалахь. Iедал дикчу агIор хийцалур ду хьуна, Бузар, хьуна орден яла дагадеанехь, Дала мукъалахь.

Абузар. Дала мукъалахь.

(Арахь машенийн гIовгIа хеза)

МухIажар. Цхьа машенаш ма севци вайн кебертехь…

Абузар. Уьш книготорган директора Хьажбекара яхкийтина машенаш ю. Вайн киншкаш цунна дIайоьхкина ас. Дика стаг ву Хьажбекар, ас доьхучул а сов дели цо ахча…

МухIажар. ДIайоьхкина… киншкашший… ахь хIун дуьйцу?

Абузар. Цхьана кепара хене довла дезаш дац вай а?

(МухIажар елха озало)

Ахь хIун до, МухIажар, кхин вуо ма догIийла вайга… Киншкаш бен ярий хIорш.

МухIажар. Ахь ма хала вовшахтоьхнера хIорш… Казахстанехь долуш дуьйна гулъеш…

Абузар. ХIумма дац, МухIажар. Къеста дезаш дуьне ду-кх хIара… ( киншка схьа а оьций) .Тахна кху киншкех, кхана кхечух, тIаккха вовшех, тIаьххьара дуьненах къаста деза. Ас хийла ойланаш еш, дIасалистина-м яра хIорш…

ХIора а суна евзина, сан куьйгийн йовхо шена тIехь йисина ю. Марша гIойла

шу, сан доттагIий.

(Музыка)

## 4 сурт

ЗАЙНАЪ. Кеста хила а хилира хийцамаш. Абузаран историн романийн хан тIекхечира. Уьш массо а араелира. Халкъан аьтто хилира шен яздархочуьнга болу безам ма-барра гучубаккха. I988 шарахь Айдамиров Абузар СССР-ан депутат харжа хьалхатеттира нохчийн халкъо.

АСПИРАНТ. Депутаташ хила луурш дукха бара…Бакъ а долуш ,къовсам чIогIа бара. Амма, Абузар тулуш, дIабирзира иза.

Ша халкъан векал хаьржича, мискачу нахана орцахвуьйлуш, нийсонехьа къуьйсуш, шен йозанан болх тесна а битина, халкъан юкъара гIуллакхаш доггах шена тIе а лаьцна, къахьийгира Абузара.

ТIаьхьа, иттех сов шо даьлча, вайн махка карзахалла йоьссича, ондда дош олуш юкъавелира иза, шен накъосташца цхьаьна халкъ бохамах лардан гIерташ. ТIаьхьа къизачу бохамо, тIамо юкъахьарчийна, вайн къам бIаьрзе хьовзийча, и кIелхьарадаккхаран деза дукъ шена тIе а лаьцна Ахьмад-Хьаьжа хьалха ваьлча, цо доггах гIо лецира цуьнан, и нийса некъ буйла шена хуу дела.

## 5 сурт

(Абузаран хIусам. ЦIа вогIу Абузар. Дуьхьалйолу Машар)

Машар. Марша вогIийла, Ваша, ма дика ду хьо цIа веъна. Сагатделлера сан.

Абузар. Са стенна гатдора ахь, ва Машар.

Машар. Хала хан ма ю вайна. ТIом меггарг дIабирзина а бац. ХIун хаьа…

Абузар. Дала ца динарг хIумма а хир дац.

Машар. ТIекхечин хьо Ахьмад-Хьаьжина?

Абузар. Со веънийла ма хиънехь, чукхайкхира цуо со. ЧIогIа хазахета Ахьмад-Хьаьжина со веъча. Маржа яI, жимма къона велхьара, цунна дан ма-деззара гIо дан…

Машар. Болх муха бу цуьнан, Ваша?

Абузар. Дукха хьаькамаш бевзина суна Нохчийчохь Совет Iедал долуш а, цул тIаьхьа а. Амма , иштта вайн къомах дог лозуш , боккъал иза бохамах кIелхьардаккха гIерташ къахьоьгуш стаг ца хаавелла суна царна юккъехь.

МАШАР. Дала аьтто бойла цуьнан!

Абузар. Амин. Мичахь ю Хадишт?

Машар. ХIинцца араели-кх иза…туькана яхана, моьтту суна…

Абузар. Туьканахь ду-кх цуьнан массо а гIуллакх, и туька вайн кертахь схьайиллича хIун дара-техь?

Хадишт (гучу а йолуш). ХIинца-м туькана ца яханера хьуна со. Эвла йистехь хинхьерахь дина Iахьар ду духкуш , аьлла , хезнера суна. Iахьаран хIума хьуна тов дела, и эца яхнера со.

Абузар. Маржа , Хадишт, со меца вуьтур волуш-м яц хьо.

Хадишт. Айхьа даьхьна гIуллакх хилин хьан, Абузар?

Абузар. Ас даьхьна дуккха а гIуллакхаш дара, ахь муьлханиг дуьйцу?

Хадишт. Вайна газ ялор хьахаде бохуш бара-кх хьоьга юьртахой.

Абузар. Дера ас иза Ахьмад-Хьаже дIа а ма хьахий, цуо и гIуллакх шина-кхаа дийнахь дIадоладойтур ду аьлла, тIе а ма леций. Суо дикка реза а воццушшехь а ма хьахий ас и цуьнга…

Хадишт. Иштта хIунда боху ахь, ва Абузар?

Абузар. ХIокху тIама юккъехула вайна газ ца ялаяйтича, кхин дан хIума доцуш ву иза? ЦIадерзо дезаш къам ду, совцо безаш зуламхой бу, лоьхуш, тIепаза байна нах бу… Iалелай, ма дукха ду-кх Ахьмад-Хьаьжин декхарш! Ткъа вай юккъехула газ юьйцуш ду. ХIинццалц санна, дечиг а дагош Iен ца мегара вай, хIара хала хан дIаерзалц? Маца хилла кхузахь газ? Советан Iедал чIагIделлачу хенахь а, вайн колхоз миллионер йолчу хенахь а ца хилла.

(Абузара шен киснара диск схьадоккху)

Машар. И хIун диск ду хьан, Ваши? ГIалахь артисташа-м ца делла хьуна иза?

Абузар. Ца делла. Вайн кертана уллехь Iуьллуш дар-кх хIара.

Хадишт. Хьажийтахь со кхуьнга…дехьа чу дIавогIий хьо, ас тIедуьллу хьуна хIара?

Абузар. ДIавогIу. Машар, ахь чекхдаьккхирий айхьа долийна дийцар?

Машар. ХIан-хIа , Ваша, ларийна-м яц. Тахана-кхана чекхдоккхур ду ас.

Абузар . Хьо яздархо хила гIерташ елахь, Машар, литературехь болх хаддаза бан беза.

(дехьа чу волу)

Машар. Ас мел чIогIа яздича а, соьга Вашига санна яз а лур дац. Ткъа наха гуттар а дустур ду сан йозанаш Вашичаьрца. ТIаккха хабарш дуьйцур ду, « ца язйинехь хIумма а дацара» бохуш…делахь а, Вашина лаьа ас ша лелийна шена деза хеташ долу гIуллакх дIакхоьхьийла. Иза теша сох. Вашина деза Iаждар бецан чай даккха деза ас…

(чайниг схьа оьций , чай даккха хIутту. Оцу хенахь дехьачохь Хадиштан мохь болу )

ХАДИШТ. Ва, Дела!

( Бос баьхьна Абузар сехьачу волу. )

Машар . Ваша, хьуна вуо-м ца хилла? Хьо ма кIайвелла?

Абузар. ХIумма а ца хилла , мохе волу со..( араволу)

( карахь диск долуш сехьа чу йолу Хадишт)

Хадишт. Ма доккха хIума ду хIара, ма доккха хIума ду…

Машар. ХIун ду доккха хIума? ХIун хилла?

Хадишт. Кху тIехь дерг…

Машар. ХIун ду цу тIехь?

Хадишт. … хьан «Еха буьйсанаш» ешна, арадевлера тхо тIом бан, боху цара… хьо ямарт хилла, боху, халкъана, Ахьмад-Хьаьжина тIаьхьа а хIоьттина. Шаьш хьуна виэ кхиэл йина, боху, Ахьмад-Хьаьжин некъ нийса бац , аьлла , дIа ца кхайкхадахь…

Машар. Иза муха яздина цара Вашига? Делан неIалт хиларш!

(Абузар чувогIу…)

Абузар. Кхуьнга дIадийца кхиъна хьо? Хьаштадоцуш дийцина…схьаял и экъа .

( Хадиштера диск схьа а оьций, кагдо)

Абузар. ХIан, нехаш тIе дIакхосса хIара. Цхьаьнгга а кху тIехь дерг дийца а ма дийца. Машар, хьуна санна массарна а дика стаг ма ца хета хьан да.

Машар. Ваша, вай кхузара дIадаха деза.

Абузар. Вай цхьанхьа а гІур дац. Вай лурдола вай, вийна стаг вац.

Хадишт. Ахьмад-Хьаьжига а аьлла, ха хІоттадайта деза вайн цІенна.

Абузар. Ца оьшу. Со лар ца вича, кхин дан хІума доцуш ву хьуна Ахьмад-Хьаьжа. ХІара дерриге а дуьне тІаьхьадалахь а , Дала ца дайтахь, хІумма а дийр дац. Цундела, болх Далла тІе а биллина , Іийр ду вай.

## 6 сурт

АСПИРАНТ. Цул тІаьхьа Абузар кест-кеста гІайгІане гора чуьрчарна. Цунна уггаре а чІогІа Іаткъинера ша халкъ дезаш, доггах язйинчу «Ехачу буьйсанийн» маьІна зуламхоша галдаккхарна. « Царна хІун бехк буьллур бу, цу галбевллачара КъурІанан аятийн харц маьІнаш деш хилча» олура цуо… цул тІахь Айдамиров Абузар дукха ца вехира. ЧІогІа цамгар а кхетта , иза дІакхелхира 2005 шарахь, бІаьсте аьхкене йоьрзучу дийнахь.

ЗАЙНАЪ. Амма Айдамиров Абузаре болу халкъан безам лахлуш бац. Мелхо а, алсамболуш бу. Кеста-кеста арахоьцу цуо язйина говзарш, дІахьо и дагалоцуш суьйренаш. Цуьнан цІарах ю: ишколаш, урамаш, тхан библиотека, майданаш.

АСПИРАНТ. ХІаъ, бакъ ду иза. Нохчийн Республикин куьйгалхочун Кадыров Рамзанан Омрица вайн уггаре а йоккхачу коьртан библиотекина а тиллина Айдамиров Абузаран цІе. Иза тахна а вайца ву шен говзачу дашца, хьекъалечу хьехамца.

«БУЬЙСА, БУЬЙСА, ІАЬРЖА БУЬЙСА» Айдамиров Абузаран дешнаш тІехь илли дІаолу…

## 7 сурт

АСПИРАНТ. Тахана чекхбели ас кандидатски диссертацина беш хилла кечам.

ЗАЙНАЪ. Цуьнца ас декъалво-кх хьо. Хьан балхах суна а пайдабели: нохчийн яздархой а бевзи герггара, церан дахар а, кхолларалла а.

АСПИРАНТ. Иза дика ду. Со дІавоьду.

ЗАЙНАЪ. Тхан библиотеке богІу некъ биц ма белахь…

АСПИРАНТ. Бицбан йиш яц. Кестта докторски язъян волавала везаш ву со. Іодикайойла хьан, Зайнаъ.

(библиотека чуьра араволу)

АСПИРАНТ. Мохк дІабаькхна а дисна къам. Маршо дІаяькхна а дисна. Амма цуьнгара цхьана а къизачу мостагІчуьнга дІа ца баккхалуш биснарг – нохчийн мотт бу! Дакъошка декъаделла дІа ца дохуьйтуш, цхьа дегІ дина латтийна вайн къам нохчийн матто. Тахана вайн карахь ду-кх и мотт Іалашбар а, оцу маттахь къахьегначеран дан ма-деззара сийдар а.

## Чаккхенан илли «Нохчийн мотт»

# Поэзи

МАЛАКОВ Ваха

## Хуур ду хьуна...

Хьайн дегIан гиба
салийца яьлча,
Дуьненца эхарт хьо къийсадаьлча,
ГIелделла бIаьргаш хьайн
кийра хьийсош,
ТIехь дисна декхарш
синкIоргехь цIийзош,
Ойланехь кегош хьайн
къинойн баьрзнаш,
Кхетамо лехьош эхартан аьзнаш,
БIаьргаш чохь соьцуш абаден мIаьрго,
Каш-лахьти оьхьуш кхетаман бIаьрго,
Iожаллех хьаггал лазар дазделча,
Хьуо хьайх цавашшал
ойла юткъаелча,
Хьомсарчу ненах синтем ца къахко,
ТIаьххьарчу некъах бIаьрхиш
ца кхардо,
Веларан аьшна дан гIора лоьхуш,
Кхерамо хьаьшна са Деле доьхуш,
СинкIоргехь къуьйлуш лазаран хало,
ХIаваэхь луьйцуш валаран къахьло,
Доьзало йинчу тIаьххьарчу харжо,
Хьайн дегIе кхачош деккъа
цхьа марчо,
Хьайна тIехь Делан кхел сецна яьлча,
Дуьненан декхар хьо текхна ваьлча,
Хьо йовза хьаьгна Iаламан къайле,
Туьран дитт хилла, дагах чекхъяьлча,
Ахь лолла дина мекаре дуьне
Ямартло йина дIа юьстах даьлча,
Доьвзар ду хьуна дуьненан хIилла,
Чоьвнах хьу санна, хьайх
доьлла хилла,
Бекхаман суьртахь
къиношка доьрзуш,
ДаьIаххийн тIум а кхерамца моьрцуш,
Са далар той тарлун Iазапан гатто
Кхолла а йиш йоцург адамийн матто,
ТIаьххьарчу хьайн кхерчахь
васхала яьлча,
Дуьненан моттаргIех хьуо
паргIат ваьлча,
Хуур ду хьуна хьуо мила хилла,
Мел доккха хилла дуьненан хIилла,
Токхамах базбелча упханийн тхов,
Мичахь ду дуьненна ахь баьхна бIов?!

***

УгIуш ду латта мецачу барзах,
Декъаза нохчо къасталац махках…
Адамаш догу хIудиначунна?
Нохчийчоь йогу, геч дойла цунна!

Вăда хьакъ воцург – шен
цIийла керчаш,
Вăла ирс доцург – бекхамна хьерчаш;
Азаллех хьерча аганаш, чарташ,
Абаде керча гIаланаш, ярташ.

Куьг кхочче лаха стигланаш Iаьржа,
Дехаршна къора чалтачаш хьаьрса,
Яхь-бехках воххал хIоьттина холчу,
ЦIарах цIе яллал декъаза нохчо.

Догуш ду латта, сан мохк а хьоме,
Еттало варзап, барт хоьттуш къоме;
Сан илли дуьтуш малх баггалц делха,
МостагIчо долий декъеш тIехь хелхар.

## Эрна хилла-кх...

Ах дерзинчу декъийн
шийла баьрзнаш,
Къинош дебон йоьгIна кIарлагIа.
Ойла Iехош дуьхьалхIуьтту лаьмнаш,
Маьрша йисна еккъа бIарлагIа.

ТангIалкх, кхел я гIант
даьккхина чалтач!
Вай-м тIетоттур луъучунна бехк,
Лазарх коьрте хIутту эзар хаттар,
ХIетахь хIазарш динарг къонахех.

Уьрсан дитто-м кхачийна
хир гIайракх,
Хьекхнарг шовзтъе
доьалгIачу шарахь,
ХIетахь цIен ца хилла-техьа байракх,
Хийла нохчо кхелхинарг марахь?

ХIетахь доцуш дара-техьа лаьмнийн
Аренашца долу гергарло...
ХIетахь воцуш вара-техьа къаьмнийн
Барт цхьаъ бинарг – баьчча-хьехархо.

Эрна хили-кх дийнна халкъо лайнарг,
Кешнаш хьекъош дина гIалаташ.
Нанас хIетахь, дакъа доцуш вайнарг
Деле воьхуш, дешна аяташ...

Ах дерзинчу синойн шийла бIаьргаш,
ДогIмех хьерча екха мацалла.
Ойла Iехош, дуьхьал хIуьтту лаьмнаш,
Ирсах йисна еккъа хазалла.

***

Етт а хилла, эзар шарахь
Бай тIе важа оьхучул,
Дин а хилла – халчу тIамехь
Валар тоьлу хьуна цул.

Вуочу батто шаьлта санна,
Эхьо Iуьйдуш вехачул,
Дош къевсинчохь валар хилла,
Кошо Iийдар тоьлу цул.

Шен даймахках, халкъах ваьлла,
Дика хьега вуьсучул,
Винчу махкахь ялхо хилла,
Къелла Iийшар тоьлу цул.

Нехан махкахь, дагна езна,
Мерза езар хьоьстучул,
Шен даймахкахь жоьра-баба
Марахь къийлар тоьлу цул.

Даго шена хьарам йина
Стихаш язъян гIертачул,
Шена бабас дуьйцуш хезна,
Туьйра дийцар тоьлу цул.

## Тутмакхан илли
***Мамакаев Мохьмадана***

Ницкъ болуш велар-кх со, зама,
хьан харцо,
ДегI даккха кхиале, лахьти чу карчо,
Сайн шерех азаллин некъаш
ца кхардо,
Кхолламан кхелан сайх гIуда
ца хьарчо,
Къоман сих хьерчачу лазамийн дарцо,
Сан кийрахь кагйина
къонахийн маршо,
Шега сатуьйсучийн яххьаш
тIехь латто,
Бекхамах дуьзна цхьа кура са гIатто,
Къийсамехь маршонна сутарчу барзо
Цергаш тIехь ловзийна
бекхаман марзо,
Сайн кIентан бIаьргаш чохь
къилбанах къаго
Кура са осалчу дегIах ца хьаго,
ДегI ма ду шен синна набахтин гатто
ДегIо шен са Iуьйду,
ткъа дакъа – лаьтто.
TIулган а, дилхан а хIун бен ду марчо?
СагIийна еллачух ца хуьлу маршо…
Шен сих шен эла вар
лоьхийла-кх дегIо,
ХIорранаъ са хуьлда-кх шен
дегIан хехо,
Цкъа байтал ваьккхинарг шен
иэхьан кхело,
Хьакъ хуьлда-кх маршонах кура
са Iехо!

## Байтамалле доІа

Ницкъ кхочург, ас хьаьнга гІо деха?
Со тесна вити ахь хІун леха?
Тоьур хир дацара сайн эхьан цІарах
со вагар,
Ойлано хьеран тІулг санна, сан
дилхан дог агар,
Суо-сайха вада ахь гІо дехьа.
ШайтІано со чІогІа ма лаьцна,
Со цунна гІуллакх деш ма ваьцна,
Ийманан мокханца сайн
къинойн корта ца бошуш,
Иблисан мукъамца сайн
къоман иллеш а бохуш,
Со цуьнан текха тІехь ма ваьжна.
Васхала яькхина хьасарте,
Шеконе хьежна со къудрате,
Варшашкахь сай санна эргІала
кур аркъал туьйсуш,
Къоналлин дозалла зударийн
когашка кхуьйсуш,
Байракхна ихна со суждане,
Ницъ кхочург, со хІунда кхоьлли ахь,
Сайн сица кІеззиг а доцуш эхь?
Ийманах хервина, я дин а я
ирс а доцуш,
Оьздачу бух тІера велахь а, сица
суй боцуш,
Ас хІун дер, хьо а сох ца кхетахь,
Іесачу Іамало хьастале,
Хьан новкъа богІучех къастале,
Цкъа со а ма ваьжна,
ойланийн цІаналло хьоьстуш,
Валар бен лаьттахь кхин малх
кхуоло хІумма дац моьттуш,
Дог хьоьга кховдийна хастаме,
Хьо везар амале дирзина,
Хьуна тІе хьошалла диллина,
Дуьненна дазделча тхан
къинойн маххьаш,
ДогІанах елхаеш шайн нуьре яххьаш,
Тхо кхиош баьхначу устазийн дуьхьа,
Мехаза тезетийн Іуй хилла,
Буоберийн комаьрша дай хилла,
Хьо хьехо даг чуьра дешнаш а лехьош,
ДегІан син мацалла хьан цІарца Іехош,
ЧІагаре хьийзинчу муридийн дуьхьа
Хьан дуьхьа динна юкъ йихкина,
Ша-шена дуьне а дихкина,
Шен мехкан къоман дукъ
белшаш тІехь сецош,
Чот йоцчу майраллех берзан
пхьуй хьегош,
ГІазотехь воьжначу
къонахчуьн дуьхьа,
Заь1апчу сан синна гечдехьа,
Дуьненан марзонех шелвехьа,
Ас динехь, диканиг хьайн
дуьхьа ларий,
Харц бинчу некъан бехк
шайтІанан ларий,
Эхартан хьаша ван кечвехьа,
Ницкъ кхочург, со хьайх ма хервехьа!
1991шо.

## ЧІирхо ву со…

***(Байн Идрисан хила тарлучу ойланех ойла хІуттуш…)***

ЧІирхо ву со, иэхьан кхиэло
Векал вина цІийца Іехо.
Сица лезна къоман гІело,
Ма гІертийша анташ лехьо.
БІон новкъара хІонс кхехьаро
Ца виний сох-м хилдехьаро.
Со-м шу ирсан цІарца ваьхний,
Шун сий лоьруш мехкан даьхний.
Дой варрех ца къесталучохь,
Пхьуй заддашна хьесталучохь,
Мохк лоьцучохь шаьлтанаша,
Мохк цоьстучохь чалтачаша,
Ведда вала хьакъ а воцуш,
Летта вала ирс а доцуш,
Шун орцанна мохь а хилла,
Шун къиношна геч а хилла,
Куьзга хилла шун амалийн,
ДоІа хилла шун ламазийн,
Шун ойланаш юьлуш, юьттуш,
Иэхьан цецах синош луьттуш,
Къам кхолламах тийсалучохь
Я оьмарах литталучохь,
Буса-дийнахь малхах гІуьттуш,
Шу гІелонна кІел а хІуьттуш,

Іилма доцу еса Іамал,
Къилба доцу Іеса Іамал
Йоруш йилла шун когашка,
Кхин ца хьежа шун вонашка.
Малхо лучу нуьрах хьага
Бутт-м хилийтахь декхарийлахь.
Дайн хьуьнарийн цІарца къагар
Къонахчунна дуй-те сийлахь!
Со-м шун ирсан дуьхьа ваьхний,
Шун сий лоруш сайн ден даьхни,
БІон новкъара хІонс кхехьаро
Ца виний со-м хилдехьаро.

***

Стаг цІуьхІар хилар – и-м лазар дай.
Къонаха ца хилар – и-м валар дай.
И ший а – дуьненан лазам бай…
ХІай уммат, дІаэца кадам!

## Нана

Нана, ахь ма дукха баланаш лай,
Стиглане белхабеш къа-бала хьайн,
Соьгара хилла вас хьан дагна тай,
Со бахьнехь бицбина лаамаш хьайн.

Бераллин темаш а, цатемаш сайн,
Ас хьоьга балхийна заманаш йай,
Хададеш сан деган марзонийн тай,
Кху лаьттан букъ тІера хьо ма дІаяй.

Ас стиглан Іаьршашка хихкина дой,
Со лаьтта кхоьссина паналлехь дай,
Сан цІийца левзина ламанийн кой,
Хьоьх къастар ца лайна,
тІап-аьлла, дай.

Сан нана, хьох къастар ас муха лай,
Дуьне а ца дуьйхи, малх а ца бай,
Со вуьтуш сатийса чаккхене сайн,
Кху лаьттан букъ тІера хьо ма дІа яй.

## Вайнах

Нохчийчоь, цхьа дош ду сан хьоьга хатта:
Ахь хІунда ца ларди хьайн
къам а, латта а?
Мичахь ду курачу ламанийн баххьаш,
Аьрхачу къонахийн бос цІена яххьаш?

Баьччанаш цхьана а миллатехь боцу,
Чалтачаш я къам а, я дин а доцу,
Каш довза хІиттийна агаза тІулгаш,
Шайн цІийла кирчина
гІазотан мурдаш.

Хьан берийн синхаам –
болатан лелхар,
Хьан кІентийн синхьаам –
Іожаллин хелхар,
Массо а тезетахь воІ, ваша вийна,
Массо а къизалло доьналла зийна.

Нохчийчоь, дуьнене дехахьа орца,
ХІун дайна лакъале хьайн
къоман хьоста;
Мохк боцу къам хилла ахь
хІун до яьхна?
Оьмаро ладоьгІу хьан бІаьра хьаьжна.

Хьан дала доцу жоп деха дац атта,
ХІун къинош хьирчина хилла
хьох хатта;
Хьан беллачу кІентийн
кхолламах хьеггал,
Къонахий шен къоман даг тІера эггал.

ЯХЬЯЕВ Салавди

## Дог а селла карзахдаьлла

Дитташ юккъера
ГIуьттуш хьала,
Еъна шийла
Іуьйре ю.
Генна хьежна,
Малх а къиэгаш,
Аре лийчош
Дохк а ю.
Цец а ваьлла,
ДIасахьаьжча,
Гуола тухуш
Некъ а го.
Дог а селла
Карзахдаьлла,
Некхан кедахь
Деттало.
Дала гIоза
Ихна дахар,
ХIу дIатесна
Айъаме.
ТIаккха Іалам,
Асар хилла,
Чуьрадаьлла
Хастаме!
Бошмаш техка,
Бецаш шерша,
Йирзина шаьш
Соьналле.
Цхьогал теба,
Пхьагал едда,
Арахь лаьтта
Къуркъмане.
Гилгаш дуьйлу
Когаш кIелахь:
Цхьа мор текхош
Зингат ду.
Самадаьлла,
Арадаьлла,
Дуьне, кхане
Йохьуш ду.

*2015 шо.*

## Хьайбаха...

Хьайбаха, лам буьххьехь карийра,
Деган аре къагийна Мохк.
Маржа-яI: човхийра, лазийра,
Ягийна хIоттийра дохк.
Узарийн къурд бара - беккъа...
Къематан Де дара - деккъа.

Наной а, баккхий нах гулбира,
ЮьстагIа ца дуьтуш бер.
Эпсарша, салташа хьовзийра
Човхабеш ка-йоьхнарш, дера.
БIешерийн хьагI яра баьрчехь,
Къизалла кхайкхаеш даррехь..

Кеглора стигланаш чIагI а луш, -
Ца елха дара и дов.
«Берзалой» тебара къар ца луш,
«Хьешашна» къевлина ков.
Маьхьарца дарц дара цIийзаш,
Орцана и дара хьийзаш!

Инарлийн мохь-цIогIа декара,
Кхерамах буьззина шаьш.
ТIаьххьара кечамаш уьш бара:
Адамаш догура леш.
Дегнийн бIов йисира цIергахь!
ЖоьжагIати хIоьттира гергахь!

ХIорана Нохчийчохь карийца,
Тоьпанан лаг озош бIо.
Моссаза, моссалгIа хьан цIийца,
ДегIаста лийчаеш го?!
Хийла чIор хьоьвзи-кха тIаме,
Дерзийна, чов даръеш, гатте.

Хийлаза елхийна хьан нана,
Махкаха къастийна мохк!
Тарделча хьо къинтIера бала?...
Хьан кхерчахь бIарзъелла дохк.
Кадам беш баттаца кхетта,
Тезетахь Іиндагlаш лаьтта!

Дайний шуна хIоттийна чурт,
Чим хилла баьгначийн юьрта...

## Шера некъ ца боьгІна

Шерийн гуо хьийза,
ма йоьдду йогІуьйтуш,
Хенаца йоьттина заманан ворда.
Лахвала дийзи ца лиънарш
могуьйтуш,
Ойланийн дорцаха бестийна корта...

Сатедеш, айхьа-хьайга,
кхуьур ву бохуш:
Кхаъ иэца, вордара Іенначу хенийн;
СадаІа сецначохь синош а дохуш,
Болар а тергалдеш уьдучу берийн.

Мукъамаш, - кхолламаш язбечу
шекъийн,-
Таьптаран майданахь машоша лецна.
Марзделла оханаш совцийна некъийн,
Іожаллин цу керта гуота шайн хецна.

Мукъамийн ас бечу,
(сайн вордан барам),
Шера некъ ца боьгІна,
пиллигаш лелха.
Хьанала леринарш ца дерзо хьарам -
Ворданан назма го узам беш - цхьалха.

*2016 шо.*

***

Генна вуьгу со дІа, ойла а йужий,
Озадой дегІера са лоцу гІад.
Пондаран мукъамаш карзаха довлий,
Воссаво локхалле, гулделчу Іад.

Хаало, хир дац а моьттинарг, баьрчехь, -
Кховдийча куьг кхочуш, - пондаран са.
ДоІана лору ас, гечдар а - хьалхехь,
Мукъамаш сайн лезнарш,
кхоьллинарш ган.

*2016 шо*

## Корах хьоьжуш ара...

Генна йоьгІна ойла,
Йозан хІуьттуш суьрташ,
МогІарш луьттуш церан,
Корах хьоьжуш ара, -
Хенах воьхна Іара.

Йоьду иэцна болар
Собар доцу аьхке...
Са-м цуо само ехьна:
БІаьстенах а ваькхи,
Іойла кхехко яькхи.

ХІуьттуш хаттарш сайна,
Жоп а дезаш царна -
Кхийда ойла ана:
Карий малх а кхачош,
Ирсах йохуш агІош.

Хаьий, хІинца-м, хьуна -
Дешан доций меха -
Хьаьрфаш - говза дацахь.
Дезаш хуьлу ала:
«Аьрга делахь - кхада».

*Июль, 2016 шо.*

## МостагІчун хІилла...

Маьхьарийн гІовгІанаш ека,
Маршонан цІараха йогІурш.
«Баьччанийн» буьйранаш дека,
Тешначийн маттара дохурш.

Ерзина яькхина Іойла,
Вохийна шен дашах къонах.
Хенашлахь хир дац кхин гойла,
Вежарий маркъуьйлуш гонах.

Беларийн дІаяйна яьххьаш,
МостагІчуьн хІилла ду тоьлларг.
Бакъ-харц - къагийча аьшнаш? -
Марз а лой тІехь дуьсу - воьлларг.

Іадийна гІар-тата тийжа…
ДегІаста буса-гІенах Іийжа.

*1998 шо.*

СУЛЕЙМАНОВА Зайнап

# ПХЬАРМАТ
## (Легенда)

1

Ма сихделла шерша
шийлачу Iинан кIоргехь
Даточу тулгIешца
тIулгаш тIехула Орга,
Заманах чекхдуьйлуш,
гIайгIане мотт лебеш,
Шен бехачу новкъахь
къайленийн мохь дебош.

– Аша ладогIа соьга,
шуна дика дийцарг,
Ас дуьйцур ду шуна
нохчийн шира дийцар.
И хилла сов хьалха,
эзар шерел генахь,
И хилла вайн дуьне
къона долчу хенахь.

Гой шуна дIо Башлам,
лаьмнаш юккъехь зоьртал,
Маьлхан зIаьнарш ловзуш
гIорийначу коьртехь?
Ас дуьйцур ду шуна,
жовхIаре таж санна,
И буто ша цигахь
маца дуьйна Iуьллу.

Бос къорзачу бецийн,
гIа-патарийн шорто
Хилла цигахь, аьтто
боцуш юккъе гIорта.
И буто ша хIетахь,
Башлома тIехь боцуш,
Iуьллуш хилла ондда
аренаш дIалоцуш.

Цу заманчохь кхин а лекха,
стигла гIерташ,
Хилла Башлам, тIетесина
хьаннийн верта.

Бердашкара дуьйлу
хIора зевне шовда
Хилла аьхналлица
дегIе дарба кховдош.

2

Лаьмнаш санна, лекха
вайн шира дай хилла,
Церан дой а иштта
вуно даккхий хилла.
Берзалойл а каде,
цIоькъалоьмел майра,
Нуьцкъала катухий,
бердах йоккхуш гIайракх.

Инзаре мохь-цIогIа
тухий, стигал екош,
Ламанан тарх кхуссий,
Нана-Латта дегош,
Цхьогалш санна мекар,
черчий санна онда,
Амма синош оьзда,
дегнаш доцуш сонта.

Мас-пелагал атта,
ластабой, чхар кхуссуш,
Лаьмнийн баххьел дехьа
махал маса вуссуш,
Зен-зулам ца хуьлуш,
цIийдина цIаст маларх,
ПаргIато ца юхкуш,
маьлхан дуьне даларх.

Вайн шира дай - наьрташ,
кху лаьмнашкахь баьхна,
Дахаро цахьестархь,
бертахь, синош аьхна.
Амма Села – стигалан да –
цаьрца вара дера,
Уьш хилийта лууш
шен харцонна къера.

Вайн ширчу дайн, наьртийн,
ницкъ болчу турпалхойн,
Іойла яра – тІулган бІаьвнаш,
лекха аьрцнаш,
Церан хІусмаш яра
унахцІена хьаннаш,
Лаьмнийн шийла хьехаш,
тешам болу Іаннаш.

Вежарел а бертахь,
дагца доцуш хІилла,
Синойл чІогІа царна
маршо езаш хилла,
Уггар сийлахь-лекха
церан эхь-бехк хилла,
Даим сийлахь-еза
син паргІато хилла.

ХІун пайда бу ницкъан,
шех дика ца даьлча,
ХІун пайда бу цуьнан,
дегнаш балехь хилча,
Стиглахь, Лаьттахь цкъа а
машар-барт ца хилча,
ХІара дуьне Селас
лахьтел а гатдича?

Дахар, маршо, кхоллам
Селин карахь хилча,
ПаргІатонан цхьа а
билгало ца гича,
Іожаллин мукъ, эхарт
мостагІчуьнгахь хилча,
Іазапан дукъ дайдан
ницкъ карош ца хилча?

Дера угІу мох-дарц
даим дегІах хьерчош,
Лаьттан тайна сибат
даькхинера эрча,
Са хаьддера адмийн
кхерчан цІарах хьегна,
ЧІагІделлера тІулгал,
садиттина, дегнаш.

Даима дов хьедеш
яра Стигал Лаьтте,
Адам балехь дара
и луьра тІом лаьтташ,
Ткъа и мостагІалла
Селин карахь дара,
Харцонна комаьрша
и зуламда вара.

Стимал къаьхьа дуьне
чомехь даа гІерташ,
Стиглара цІе езаш,
шайна хилча бертахь,
Селигара оьшуш
комаьршо я нийсо,
Сел дерачу цуьнца
бан ца хІуттуш къийсам.

Вайн турпал дай хилла
гІорасиз, ницкъ боцуш:
Дахарехь сел оьшу
цІе шайн долахь йоцуш!
Сов сутарчу Селас
карара ца хоьцуш,
Цунах герз а дина,
маршонан лаг лоьцуш.

Алунах, шах ийна
Іовраш Лаьтта хьовсош,
ГІаттабора Селас дуьне
Іадо къовсам,
Стелахаьштигийн дарц
шен Іодара хоьцуш,
И сихлора, латта
чІанадаккха, морцуш.

ГІадъоьхура и халкъехь
яллош Іаьржа гІело,
ГІел ца лора жехІал
и тешнабехк лело.
Стиглан кийрахь яра
цуьнан онда чІагІо, –
Дерриг дуьне марца
кийча, дагадагІахь.

3

Села гІад мел оьху,
балехь яра Сата,
Наьртийн сийлахь нана,
нуьре Села-Сата.
Шен къоьнгийн гІо лаца

и яра сов лууш,
Амма кхоьруш, цунах
зулам хир дуй хууш.

ДоІанашкахь даим
цо доьхура Батте:
– Хьайн серлонца маршо
лаьтта хьажаелахь!
Малхе балхабора
кийрара сингаттам:
– ХІай нур догург, Селин
харцо хІаллакьелахь!

Нийсонца кхеиэ елахь,
хІай Малх кхета Іуьйре,
Тешнабехках ахь сан
къоьнгий Іалашбелахь,
МаслаІатца йоьллахь,
хІай Малх бузу суьйре,
Сийлахь хастам хиларш,
тхох къинхетам белаш!

Амма цу доІанна дуьхьал,
стигал ятІош,
Да́къошца кегъеш,
дуьне-Іалам Іадош,
Са мел долу хІума табош,
инзардоккхуш,
Боссабора кхерам
Селас вуно боккха.

Іожаллин хІу дебош,
инзаре «дур» гІиттош,
Шегара ницкъ зейта,
шен сонта кеп хІиттош,
ЦІеран хьорканаш тІе хуий,
Латта марца
Волалора Села
шен карарчу цІарца.

4

Вайн лаьмнашкахь вехаш
цхьа говза наьрт вара,
Халкъанна сов оьшуш
цуьнан пхьола дара,
И вара дуьненна
гІараваьлла Пхьармат,
Шен сих, дегІах сагІа
дина майра Пхьармат.

Шираллера дуьйна
сий ца хеда Пхьармат,
Шен халкъана серло еъна
каде Пхьармат,
Ца лен волчу дарже
кхаьчна къона Пхьармат,
ТІаьхьенашна дийца
хьуьнар дитна Пхьармат.

И турпал наьрт вара
яхь йолчу хІух ваьлла,
Кхетам кІорга, сица лекха
хиларца гоьваьлла,
ХІоранна тергонна
цо гулдора собар,
Дагабуьйлучеран
ца хедара тоба.

И къаьстара, хІорда
юккъехь гІайре санна,
И билгала вара,
стиглахь леча санна,
Цуьнан сица яра
цаясталу къайле;
Цунна шера гора
бІаьргашна дерг къайлах.

Адамашца тайна
яра цуьнан амал,
И вехара церан
дика шена Іамош.
Оьзда гІиллакх, беркат
цаьргара схьаийдеш,
Шен дагца и дебош,
царна юхакхийдош,

(Ойла елаш дешнийн:
пхьоьха, пхьеда, пхьаркан,
Пхьа, пхьакоча, пхьола,
пхьор, пхьатуха, Пхьармат.)
БІешершкара дуьйна
шен къайленийн догІа
ТІаьхьенашка кхийдош,
церан маьІна догІу.

Шен пхьалгІи чохь гІуллакх

дан хаарца шера
Эчигах гIирс бора
куьг говзачу пхьеро.
Къахьоьгура алсам,
къамел кIезиг дора,
Ойлано дог дожуш
и даимна гора.

«ЧIеранна хи санна,
сина хIаваъ санна,
Адамна цIе оьшу,
дуьненна Малх санна,
Лаьттан ялур яра
даго бохху терго,
Генара дуьненаш
хиллур дара герга...

Ткъа цIе караеъча,
зовкх хир дара махкахь,
Ницкъ хир бара сенчу
стигла некъаш дахка.
ЧIагIлур бара денна
вайн дахаран орам,
Декъала хир вара,
оьмар яхлуш, хIора...

Селига къурд бойтуш,
харцонан ницкъ эшош,
Ас хIун гIоли йича,
бакъахьа дараь теша? –
Хоьттура цо шега, –
Селигара схьайоккхуш,
ГIайгIанечу Лаьтте
цIе кховдаян, маржа!

"Стиглара цIе ядо!" –
даго бира хаам,
Самабоккхуш наьртан
сийлахь-боккха лаам, –
Бертаза дадийна,
и берта ца вагIахь,
Ас дохьур ду хаьштиг,
малъеш цуьнан чIагIо!

Карзахе дог гIеллац
дикане сатийса,
ХIетахь дуьйна ву со
цу лааман йийсар, –
ТIелоцур ду Iазап,
хиларх инзар-доккха,
Я Iожаллин къурд бер,
адам балех доккхуш.

Сайн Iожаллел хьалха
адмийн аьтто гойла,
Цунна тIера сан сих,
дегIах сагIа дойла.
Кхоьллинчо сан дагна
халкъе безам белла,
Сан дегIера хьуьнар
цу безамо делла».

5

Наьртан гила лела,
Ламчохь паргIат бежаш,
Махо, Малхо яхчош
хIора буто меже.
Ловзаболу наггахь,
боду ткъесал маса,
ПаргIатчу аренца
шен акха дог дассош.

Адамаш цецдуьйлу: –
– Къийсамехь бен къонах
Вахчалуш вац, Пхьармат,
хьуо волччуьра къона,
КараIамабе дин,
тIамна кечбеш белахь,
Дин бахчало хьуна
беречунна кIелахь!

Амма наьрто даим
жоп хазадо дуьхьал:
– Эрна са ма гатде
аша тхойшиннан дуьхьа!
ТIехIуттур ю киртиг
кхуьнга гIуллакх дайта,
ТIекхочур ду кхунна а
цхьа де хьуьнар гайта!

Сан Турпал сапаргIат
аша лелийта тахна,
Эшча, цо дохьур ду
хаьштиг, Стигла бахна!
ПаргIатонехь гIора
де-дийне совдуьйлуш,

Аьрзу санна, аьрха
ойла тІомаюьйлу.

Цхьана дийнахь наьрто
нуьцкъала мохь тоьхна,
(Селас агІо хорцу
цІеххьана наб йоьхна),
ТІекхайкхира Турпал –
шен тешаме накъост,
Кийча берг сих къаста,
халонах деш да́къа.

Пхьарматан мохь баьржи,
Органан чІаж декош,
Турпал дуьхьал терси,
лам-аре а екош, –
Пхьарматан аз хезча,
мел хиларх а генахь,
Махал маса гила
тІекхочура дена.

Шен буточу дегІе
ширделла гІагІ дерзош,
Дихки наьрто юкъах
шен тешаме герзаш,
ТІедуьйхира шена
тІамна оьшу барзакъ,
Йочанехь хІорд санна,
дог дуьйлура карзах.

Булин неІарх дина
шира турс схьаоьцу,
Дато серло херца
тур цо караоьцу,
МаІанца йий мелла,
там бина шен синна,
Юткъа нуьйр цо тилли
тешамечу динна.

Шен болатан лаам
Сенчу стигла берзош,
Адмех йолу ойла
шен дагна тІеоьзна,
Даим са гІертачу
кхача лиъна,
Кечвелира Пхьармат,
шен Турпал тІе хиъна.

– Инзаречу новкъа
хьо волуш ву тахна,
Цу новкъара цІехьа
вирзина вац вахнарг! –
ДоттагІаша гуо беш
сингаттаме боху:
– Воьдуш хуьлда ваьсса,
вогІуш хуьлда вуьзна!

Хала гІуллакх эцна
волучунна цІера
Когашка борц туьйсуш –
гІиллакх дара церан.
ХІорамма тІевогІуш,
некъ дика беш наьртан,
Кхийригаш схьагулйин,
ерриге хих юьзна.

– Ка хилийталахь сан,
стелахаьштиг санна,
Ког латийталахь сан
онда, беда́х санна, –
Олуш, еза чхьонкар
лецира цо буйна,
БІаьргашкара туьйсуш
оьгІазаллин суйнаш.

Ойлано мел лоцу
сийна стигал Іуьллу –
Хьесап дора наьрто,
кхетамехь сурт дуьллуш:
«Кхин кхийдор дац, Села,
ахь адмашна зулам,
Ас дагца дуй биъна:
хІаллакбан хьан хьулам!»

ЦІеххьана ткъес тоьхна,
де буьйсанах ийра,
Алонах бассийра
стигало шен кийра.
Пхьармата сов маса
шед туьйхира динна,
Майралла бен, накъост
вац тховса цушиннан.

6

Инзаре букарчу
дарцо цоьстуш верта,

Инзаречу новкъа
бере хьалагIерта,
Мелчу хьацарх буьзна,
дуьхьалтуьйсуш лергаш,
Дино маса луьйзу
цIеша юьзна бергаш.

ВорхIе Iинах волуш,
ворхIе а лам хадош,
Йоькханаша вакъош,
йочанаша тIадош,
Сел галморзах, чолхе,
лекха ирхеш эшош,
И шиъ хьалхадуьгург
бара сийлахь тешам.

ВорхI дийнаххьий, бусий
беречо некъ бира,
БархIалгIачу дийнахь
шен Iалашо гира –
Стигал хьалалаьцна
лаьтта Башлам-корта!
Бос къорзачу бецийн
кхузахь яра шорто.

Iуьйре самаели,
доьллуш нуьре бIаьрса,
Белабелла, малхо
дашо зIаьнарш хьаьрси,
Шен бенара аьрзу,
даржадеш дайн тIемаш,
Тохаели стигла,
дуьне довза Iемаш.

Чилланал а кIеда
бецийн башха гулам,
Синкхетам бахийна
и кондарийн хьулам,
Кху Башломан коьртехь,
хIаваах са ийна,
И лаьтта гушдолчо
Iалашо ядийна.

Кху Iаламан кийрахь
хета: зама сецна,
И лаьтта шен бIаьрса
сенчу Стигла хецна,
ГIелделлачу дагах
нуьре марха хьерчаш,
Мархех хьаьдда бIаьрхи
бесни тIехула керчаш.

Эзар шерийн кIорге
наьрт ойлано кхуссу,
БIарлагIийн дуьнене
и меллаша вуссу.
Боданечу шерийн
кирхьа дIасатоттуш,
ГIайгIанечу вастийн
тоба дуьхьалгIотту.

Карлаюьйлу цунна
и генара зама,
Цу декъазчу хенан
и босбоцу амат,
Карладуьйлу цунна
стимал къаьхьа денош,
ГIайгIанечу Лаьтта
адмийн бIаьрхиш Iенаш.

– Маржа-яI, хьо дуьне,
хьо кхолламан йоза,
Хир дуй-теша, Села,
хьан харцонан доза?
Маржа-яI, хьо дуьне,
хьо Iазапе дуьне,
Адамна къахьделла,
ва бодане дуьне!

И лаьтта, гуш доза
доцу сийна ана,
Йицъелла ша йоьлхуш
йитина шен нана,
Болатан дог-ойла
Селин кхерча кхийдаш,
Лаам карзахбуьйлуш,
ойлано са ийдеш.

ХIара ю-кх хьо, Селин
жоьжахатан бертиг,
Села вехаш волчу
Iаьрше хьалагIерта.
ХIара бу-кх бале баьлла
хьо Башломан корта –
ХIинццалца цадаьхьнарг
адам юххе гIорта!

Турпалан буто дегI
Башлома тIехь къеста,
Сенчу Стигла каде
и гIоттур ву кестта!
Шийла лаьхьа санна,
лаам дагах хьерча,
Саьрмаках таръелла,
коьртехь ойла керча.

Дуьйцуш хезна жимчохь:
малх кхеташ я бузуш,
Тийналлехь садаIа
юссу наггахь кхуза
Нуьре Села-Сата,
Селин хьоме езар,
Наьртийн сийлахь нана
хIинцца кхача еза...

ГIенах дуьхьалйогIу
яйн бIарлагIа санна,
Шаьшшиъ эзар шарахь
девзаш хилча санна,
Синкхетамах хьерча
шен цIена аз лешош,
ГIоза елаелла,
Пхьарматах дог тешаш,

Олхазаран васте йоьрзуш,
цунна дуьхьал
И йоьссира тийна
цу Башлома буьххье.
Пхьарматах цецъюьйлуш,
цо адамийн маттахь,
Нуьре бIаьрса Iенош,
дира зевне хаттар:

– ХIай ницкъ болу наьрт,
ойла яьлла тIома,
Лаа веъна вац-кх хьо
кху акхачу лома?
– Бакъ ду, хIай олхазар,
со лаа ца лела:
Со цIе яхьа веана,
къарвина шун Села!

Воьрзийла яц цIехьа
цIеран хаьштиг доцуш,
Ког боккхур бац Лаьтта
кхерчара цIе йоцуш!
– Дикачу гIуллакхана
араваьллачунна,
Некъан аьтто гойтуш,
со гIо деш ю хьуна!

Тхьаьвсина ву Села,
ша маьрша ма гIаттарг,
Хьо тосалахь шена,
хIаллаквийр ву атта!
И некъ бу сов ирча,
и некъ бу сов шира,
Лерг хилийта сема,
бIаьрг хилийта ира!

ДIо дIахьажал Стигла,
цIе гой хьуна къегаш,
Оццул шу серлонах,
шу йовхонах хьегош!?
Саьрмакал а сема
ву къадахна Села,
Iожаллел а чехка
ву дарвелла Села!

Турпал – цIе шен хила
хьакъ буй-те хьан гила?
– Сан дино берг тоьхча,
шовда гучудолу!
– ДегIехь ницкъ хиларца
муьтIахь буй хьан иза?
– Стиглара ткъес санна,
и аренца кхерста!

Доьналла хиларца
кийрара дог хьоьсту,
Вон-диканехь накъост
и Iемина хила!
– Ткъа хьо хьуо вуй дегIехь
алсам гIора долуш?
– Сан карахь цIокъболат
балозал а кIадло!

– Халчу новкъахь ларлуш,
ахь сема бIаьргтоха.
Села тилкхазвоккхуш,
хаьштигах катоха,
Хьайн хIилланах, ницкъах

Села инзарваккха,
Хьовзам боцуш Лаьтта
хьо воьрзур ву тІаккха.

Ас бийцинчу новкъахь
каде хила веза,
Селин само артъеш,
хаьштиг дадо деза,
Дин хир бу хьан ма́са,
хьесап хилахь чехка, –
Олуш, Сата хьалхайолу,
гІургІезах яйн техкаш.

7

Тешамечу дине
тІаьххьара кост дина,
Шен лаамах, ницкъах
сов чІогІа шад бина,
Сакх хилира Пхьармат,
дуьйлина Іад санна.
Дог кхехкара кийрахь,
йочанехь хІорд санна.

Инзаре ницкъ гулбеш,
ондда бергаш гІортош,
ДІатеттира ма́са
дино ломан корта,
И бедира Стигла,
берриг Башлам бегош,
Совчехкачу бергех
сийна суйнаш эгош.

Хийти: тохаделла,
маьлхан дуьне техки,
Селин кхерча тІоьхла
гила кхерсташ чехка.
Чукхевдаш, катоьхна,
цІеран хаьштиг лоцуш,
Наьрт дІаэккха ма́са,
дуьненах шек воцуш.

Хецабелла гила
лечанал а ма́са,
ЦІеран суйнаш Іена,
юьллуш дашо аса.
ЦІеххьана бІаьргкхетий
етталучу кхесарх,
Села хьалаэккха,
хуьлучун деш хьесап.

Башломехьа берзош,
Пхьармата дин лоллу,
ЦІе – боккха ницкъ – халкъе
иза кховдо воллу:
«Адам хир ду ирсе,
адам хир ду майра,
ЦІе – дахаран хьоста,
ницкъ – дахаран байракх».

Оцу сохьта Селас,
инзаре тІом гІаттош,
Іеттийра шен дІаьвше,
дуьне дего хаттар:
– Мила ву шух, гаурш,
кхерчара цІе яьхьнарг?
Мила ву и мостагІ,
со аьшнашван ваьхьнарг?

Ткъесал чехка йорт шен
Турпала ца хуьйцу,
Хьуьйсучара Лаьттахь,
цецбийларца дуьйцу:
– Тамаш бу-кх и гила
тІома боьдуш бацахь!
Цу шиннал-м ду атта
стелахаьштиг лаца!

Чекхъиккхира мархех,
кхоьссина пха санна,
Литтинарг шен гІора
кху сийлахьчу денна.
Мацъеллачу барзах
лерехь мох-дарц цІийза,
Іожаллица гІергІаш,
уьне мархаш хьийза.

Адаме цІе кхачарх
Села кхеравелла,
Ирча орца доху
цо дера-дарвелла,
Доккха кит схьадосту,
арахоьцуш Іаьржа
Буьйса, дуьне кхолош
и цІаьххьана яьржа.

Алу ца лакъийта

хаьштиг дуьллуш чета,
Пхьармата мохь бетта,
ша ирсан да хеташ:
– Іожалла, каетта ахь,
сох къинхетам боцуш,
Со воьрзур вац цІехьа
цІеран хаьштиг доцуш!

КІайн олхазар хилла,
Сата хьалхайолу,
Некъ хьоьхуш цо
тамашена илли олу, –
Шен исбаьхьа, зевне,
эсала аз Іеношь,
Зен-зуламна бере
цо вохура гена.

Боданечу новкъахь
шиъ бохамах лардеш,
Царна гонах хьийза
Іожаллин дарц къардеш,
Бух боцучу ахка
дахна, шиъ ца дайта,
Цо бохура илли,
дегнийн шовкъ ца яйта.

ШоллагІа кит досту
Селас, дарц схьахоьцуш,
Лайн и шийла тулгІеш
царна тІаьхьа хоьцуш,
Сийна даш тІелестош,
этІадора лаьмнаш,
Кескаш йохуш бердех,
Іенадора Іаьмнаш.

Некъах тила хьаьхна,
са бІарзделла дуьсу,
Шиъ лаца ницкъ боцуш,
Села къера вуьсу.
Сатас илли айдо,
турпалшна некъ хьоьхуш,
ХолчухІиттинчарна
Стигале гІо доьхуш.

КхозлагІа кит досту,
хоьцуш морса шело,
Толамах догдиллац
гІирвоьллачу Селас.

Цу харцонна Стигал
сихъелира елха,
Цу шелонна хебна
лаьмнаш дара лелхаш.

Акхарой дІакъехка,
лаьхкина бІо санна,
Хин татолаш Іена,
къаьхкина жа санна,
Дийна йолуш санна,
лела лаьмнийн тархаш,
Син Іожалла Іеттош,
гІергІа уьне мархаш.

Дагах хьерча сирла,
зевне илли бохуш,
Мох-дарцана дуьхьал
шен кІайн тІемаш лоьцуш,
Зен-зуламах лардеш,
бегІийла некъ лоьхуш,
Села-Сата йогІу,
цу шиннан гІо лоьцуш.

Селас неІалт боху,
кхетамчуьраваьлла:
– Адамашка цІе кхечи,
Пхьарматан каяьлла!
Шен Іодара кхуссуш
цІарах догу хаьштиг,
Ластийна ткъес туьйхи,
отуш ломан бІаьштиг.

Инзаречу ткъовне
гІора ца ло Пхьармат,
Галморзахчу новкъахь
гал ца волу Пхьармат,
Іожалло каеттарх,
оза ца ло Пхьармат,
Стелахаьштигашка
лаца ца ло Пхьармат.

Букарчу мох-дарцо
къиза дІасаветташ,
Стигало алунца
уьне кийра Іеттош,
Шело дагах хьерчаш,
куьйгаш, когаш гІорош,
Іожаллица къуьйсуш,

цо хала некъ бора.

Ницкъ ца кхаьчна эшо,
лаца каде Пхьармат,
Селин ка ца ели
турпал бере къарван,
Цо катташ чу узу
буьйса, мох-дарц, шело,
Даиманна хьарчош
Башломах лайн башлакх.

Наьртан аьтто хилла,
стиглара цIе ядо:
(Цул къардайнарг цкъа а
Селина ца гина!)
Бода серлабохуш,
кхерста цIеран байракх, –
Ломан дуьххе кхаьчча,
шиъ гучуьрадайра.

Турпална тIекIирдеш
цIарах догу догIа,
Буьрса неIалт кхайкхош,
Селас хьоькху цIогIа,
Латтанаш бухдохуш,
стигланаш чуIенош,
Шех ца озавелларг
цо тIевоьху шена.

Сонтачу Селига
эшаман къурд бойтуш,
Адам-стаг харцонна
кIел цасацар гойтуш,
Зуламда – гIирвоьлла
Села – вина аьшнаш,
Майрачу Пхьармата
вити ойла хьаьшна.

Наьрташ хьехаш чуьра
инзардевлла хьуьйсу,
Пхьарматан карарчу
хаьштиго цIе туьйсуш,
ЦIеххьана гIар тийна,
хаьштиг шайга кховдош,
Синош малхадевлла,
уьш цунна тIе хьовду.

Серлонна тIе кхевди
наьртийн шога
Куьйгаш, сирла бIаьрса
ирсан цIарах догуш.
Маршонан кхаъ хилла,
самайолу Iаьржа
Буьйса, аьзнийн зевне
гIовгIа Ламчохь яьржа.

– ХIан, дIаэца алу!
ХIан, серло дIаэца! –
Олу наьрто, воьлуш, –
аш кхин дIа ма хеца
ХIара беркат цкъа а!
Шу дехийла маьрша!
Ма хедийла цкъа а
шун дегнех комаьршо!

БIаьвнаш серлайохуш,
алу гIаттаелаш,
Ца локъуьйтуш, беркат
даим латтаделаш!
Массо хIусамашка
дIасаекъа йовхо,
Хилийталаш цIарца
екаш хIора товха!

ХIара ю шун синош
хьегна сийлахь алу,
ХIинца дуьйна байлур
шуна тIера бала!
Со Селас тIевоьху.
ХIан, шу марша Iойла!
Вай эхартахь кхана
вовшашна а гойла.

Суна са ма гатде,
гIайгIане ма хила! –
Лаьмнашка бIаьрг кхарстош,
цо лаьллира гила.
И вахара Стигла
Селин кхиэл тIеэца,
Халкъе болу безам
цо баьхьира шеца.

8

Вахара дог реза
шен кхолламна дуьхьал,
Эшахь, дуьне дита

Іалашонан дуьхьа,
Даиманна йицъеш
дахарцара мерза
Уьйраш, хадош деган
уггар зевне мерзаш.

Воккхаверца бІаьрса
цо туьйсура гонах,
Воьдура иллешкахь
даим ваха къона,
Кхочушдина даго
кхаьбна сийлахь декхар,
Шел декъала адам
дуьнен чохь ца хеташ.

Сийлахь цІе, хьо хІинццалц
зуламан герз дара,
Хьан боккха ницкъ хІинца-м
кхаьчна адмийн кара!
Іазапан дукъ дайдеш,
харцонан шад бостуш,
Наьрто кховдий халкъе
хьо – дахаран хьоста!

Іазапах чекхвуьйлуш,
цо еанчу цІаро
Дахар карладаккха
хилийтира таро.
Іалам малхадаьлла,
хазделира дуьне,
Адмаш дара кхойкхуш
вовшийн ирсан шуьне.

ГІа-патаршца язлуш,
дІахІиттира хьаннаш,
Зевне кхаьънаш дохуш
дара кІорга Іаннаш.
Кечъелира башха,
зезаго бІаьрг боьллуш,
Хаза хьожа йогІу
бецаш, юькъа коьллаш.

Ницкъ болу наьрт шена
дуьхьалвогІу гича,
Селас алсамйоху
шен оьгІазе хичаш.
Сийлахь Башлам лоцу
цо буточу шен гӯра,

Даиманна хІоттош
гонах Іаьнан гІӯра.

Дицдеш даиманна
йовхоне сатийсар,
Цо турпалхо вира
Іазап-балин йийсар,
Даиманна цуьнан
дегІах хьарчош шело,
Мохь туьйхира буьрса
гІирвоьллачу Селас:

– Айхьа ядийначу цІарах
даим хьегавойла хьо!
Йовхоне сатуьйсуш,
хьан са хІаллакдойла!
– Хама бац хьан, жехІал!
Вáшац со хьан кхиэлах!
Со саннарш бу хьуна
шортта, диц ма делахь!

– Сан Іазап бен, цкъа а
маршо гур яц хьуна!
Уггар луьра бекхам
кечбина ас хьуна!
ЗІенашца дІавехкал
и Башлома буьххье! –
Шен лай Іӯжа лоллу
цо наьртана дуьхьал.

Цхьа бІаьрг болчу Іӯжас,
муьтІахь волчо дена,
Хаьржина, кечйира
уггар онда зІенаш.
Селин омра декча,
наьртанна тІе ведда,
ДІавихкира тархах,
лерина деш шеддаш.

Тешаме лай воллу,
дусийна цІийн пхенаш,
Турпалхочун дегІах
чІагІъеш эчкан зІенаш,
(Наьртан бІаьргаш чуьра
ирсан серло лешаш,
Іужа генаволу,
гиначух ца тешаш!)

Схьагулйира лам тІе
ерриг харцо Селас,
Цунна дуьне къахьдеш,
алсамйохуш гІело.
Меллаша хьалаузуш
аренцара шело,
Ткъа аренаш хазъеш,
гІа-патаршца елош.

Шен сина дарделла
цІийза экха санна,
Дорцан тІáмарш хьерчаш
дегІах даиманна,
Наьртан даго хьоьгу
доза доцу бала,
Цу къизалло кхерстош
цІийн пхенашкахь алу.

– ДоІах дажал цуьнан! –
Малх гІаттале хьалха
Йийсарна тІе лоллу
Іужас къиза ялхо,
Олхазарийн баьчча – Ийда.
Іуьйрре гІоттий,
Наьртан голаш тІера
цо луьра барт хотту:

– ХІай декъаза Пхьармат,
хІай хьо къине Пхьармат,
Ца ваьлла хьо дохко
айхьа диначунна?
Нагахь дохковаьллехь,
ас зиэн дийр дац хьуна,
Хьайн сина геч доьхуш,
жоп хазаде суна!

ТІаьхье йоцчу хабарх
Пхьарматан дог кхаьрда,
Шена кхиэлъечуьнга
курра олу наьрто:
– Ша халкъана динчу
диканах шеквуьйлург –
И базаран кІилло ю,
кхетамца ву аьрта.

Айса цІе ядийна
со дохко ца ваьлла,
Халкъ балера даьлла,
цуьнга серло кхаьчна,
Ас хадийна халкъехь
Селас латто гІело,
ТІаьхьенашна бийца
Селех хилла белам.

ТІулгах хьокхий, ирйо
болатан зІок Ийдас,
ЦІийх ца Іеба лаам
наьртанна тІе кхийда,
Цо Іалашо лоцу –
йийсархочун доІах.
(Села-Сата, эрна
хиллера хьан доІа!)

Шен оьгІазе-буьрса
къорза ши бІаьрг къарзош,
ТІекхохкало Ийда,
шуьйра тІамарш яржош,
Цунна Іеткъа турпал
эвхьаза хилар шеца,
И сихло къизалла
йийсарна тІехеца.

Шен да вийна мостагІ
аьрзунна наьрт хета,
ОьгІазалла гулйой,
и цунна тІекхета,
Кескаш йоху дилхах,
шен ира зІок етташ,
Довха доІах цоьсту,
туьйсуш дІаьвше мІараш.

Турпалхочун бІаьргех
цхьа тІадам ца болу,
ДегІо Іазап хьоьгуш,
къаьхьа къурд ца олу,
Пхьарматан кийрара
даим цхьа жоп хеза:
– Айса цІе ядийна
со дохко ца ваьлла!

Цу Башломал чІогІа
ду Пхьарматан собар,
Дуьне духуш духур
дац къонахчун собар,
Латтанаш бухдийларх,
буто лаьмнаш лелхарх,

Ницкъ карор бац цхьанна а
ламанан кIант велхо!

Ийда Iабац, наьртан
некхах шен зIок етташ,
(Ткъа Пхьарматан даг чохь
маршонан малх кхетта!)
Стиглара цIе еана,
адмаш дина азат,
Къонахчо шеквоцуш,
лов инзаре Iазап.

Мархашлахь схьакъеста
беттан сибат санна,
Кхетаман кIоргенехь
денло цхьана ханна
Ненан сирла амат,
кIентан сийлахь ойла,
Амма херйо дагна
хораме дог-ойла...

Iожалла эшийначу
дегIах са ца долу,
Наьртан курачу дагах
цхьа узар ца долу.
И хиллерий хаац
ша болатах дина?
Амма цул чIогIа дог
дуьненна ца гина!

9

Башломах ша-лам беш,
пхьоладира Селас,
Цуьнан коьрте йоссош
барзах угIу шело.
Наьртан доIах дажа
даим Ийда догIу,
Буто ша бу цигахь
Iуьллуш тIулгал чIогIа.

ХIетахь дуьйна дебна
вайн Лаьтта тIехь беркат,
НиIматаца яьржаш
наьрто еъна серло.
ХIетахь дуьйна хIора
шарахь маьрша Iалам
Шен низамехь сихло
сийлахь Латта кхала.

Вайн махкахь ду Iедал –
боьрша стаг ца воьлхуш
Мел доккха вон дарах,
стогаллех ца вухуш, –
Пхьармата хьуьнарца
даимна ницкъ белла,
Вайн къонахийн дегнаш
мокхазал чIагIделла.

Пхьарматна некъ хьоьхуш
хIетахь орцах еъна
Нуьре Села-Сата
вайн хьаннашкахь йисна,
Хаьштиго мас-пелаг
мерцина, кIайн доцуш,
И олхазар ду басца
можа, тIемаш доца.

Цу Iазапан кийрахь
хIинца а ву Пхьармат,
Кхолламан ницкъ кхачац
цу наьртан дог къардан!
Пхьарматан хан-зама
ю абадел еха:
Турпал цкъа а ца ле!
Турпал даим веха!

...Анайисте керчи
Малх набарна товжа,
Селасат а дийки,
лазаме дог Iовжош.
ГIайгIане мотт лебеш
щийлачу Iинан кIоргехь,
БIешерех чекхдуьйлуш,
уьду ЧIаьнтийн-Орга.

МУРТАЗОВ Іадлан

## Нохчийчоь ю-кх хьо

Нохчийчоь ю-кх хьо, дайн
латта ду-кх хьо,
Нохчийчоь ю-кх хьо,
Хьайн хазаллехь а,
Хьайн эрчаллехь а,
Нохчийчоь ю-кх хьо.
Тхан толам бу-кх хьо,
тхан лакхе ю-кх хьо,
Тхан орам бу-кх хьо,
Хьуо ягийнехь а,
Хьуо денъеллехь а,
Нохчийчоь ю-кх хьо.
Тхан ойла ю-кх хьо,
тхан безам бу-кх хьо,
Тхан Іойла ю-кх хьо,
Дорцаша гІелъярх,
Дажалша кхел ярх,
Нохчийчоь ю-кх хьо.
Тхан дахар ду-кх хьо,
тхан марзо ю-кх хьо,
Тхан бахам бу-кх хьо,
Ирс хилла къежарх,
ГІелъелла хьежарх,
Нохчийчоь ю-кх хьо.
Тхан кхане ю-кх хьо,
тхан сибат ду-кх хьо,
Тхан тахне ю-кх хьо,
ЦІарах ягахь а,
Деших къегахь а,
Нохчийчоь ю-кх хьо.
Нохчийчоь ю-кх хьо,
тхан латта ду-кх хьо,
Нохчийчоь ю-кх хьо,
Дийнахь самах а,
Буса гІенах а,
Нохчийчоь ю-кх хьо.

*27.04.2011шо.*

## ТІерлой-Мохк

Бохь лекхчу лаьмнашца,
Бос хазчу хьаннашца,
Іаламо хазалла елла,
Дай баьхна ТІерлой-Мохк Іуьллу.
Декачу хьозано,
УгІучу экхано,
ДогІучу шовдано сирла,
ТІерлой-Мохк, куц до хьан бІаьрла.
Органан декаро,
Адамийн гІиллакхо
Дендо хьан дахар, хьан Іойла,
ТІерлой-Мохк, хьо декъал бойла.
ГІаролаш лаьттина,
Доза хьан лардина,
Шаьш хилла историн тешаш,
ТІерлой-Мохк, херца хьан бІаьвнаш.
ХІора а нохчочо
Шен орам хестабо,
Хестаян ма дойла кІорда,
ТІерлой-Мохк, хьан бІаьвнаш КІирда.
Юькъачу хотешца,
КІоргачу Іаннашца
Хиллачун лар йисна Іилла,
ТІерлой-Мохк, текхна мур хийла.
ВоІ майра Іамийна,
ЙоІ оьзда кхиийна,

Іадатийн чІагІо хьан хилла,
ТІерлой-Мохк, сий долуш баьхна.
Хийла дой хьийзийна,
Борз-кІеза цІийзина,
НиІматийн елла комаьршо,
Баьхна сан хьоме ТІерлой-Мохк.
Цхьа куьг хьан – лаьцна тур,
Важа – исламан нур,
Нуьцкъала элий хьан хилла,
ТІерлой-Мохк, молланаш хилла.
Кхенаха, МоцІара,
Сенаха, Никара,
Желашха, БархІа, Гезаха…
ТІерлой-мохк, ду уьш пхенаш хьан.
Еза хьо, лору хьо,
Сайн къилба хьоьца го,
Да ваьхна эвла – сан Гезах –
ТІерлой-Мохк, хьан дог, сан безам.
Мел гена со валарх,
Мел херехь хан яларх,
Ласторах тІаьххьара куьг,
ТІерлой-Мохк, хьоь лаьтта дог.
Шерашца бехийла,
Орга а декийла,
Лаьмнийн мохк Іалашбе Дала,
ТІерлой-Мохк, сан ирсан седа.

*23-24.04.2010шо.*

## Зама

Денош ду дІауьдуш
Чехка мох санна,
Дахаран сихаллин
Дан а дац доза.
Ма беха некъ хета
Бинарг кху лаьттахь,
ХІетте а бац-кха и
Йоца гІулч яккхал.
Зама ма сихъелла
Урхаш мукъаевлла,
Денош ма дацделла
Доца гІан санна.
Мел тІаьхьа идарх,
Зама, хьо лацалац,
Лацалучуьра яьлла,
Зама, хьо сацалац.
Цхьажимма сацахьа,
ХІай собар дайнарг,
Ахь собардехьа хІай,
Со Іаьбна валлалц.
Зама, хьо таръелла
КІур туьйсу цІерпоштах,
Хьо саций латтахьа,
Зама а лаьттар ю.
Зама, хьо таръелла
Цу хІурдакеманах,
ГІайре тІе далахьа…
Зама, ма гІо хьо дІа…
Зама ю дІауьдуш
Аьрха дин санна,
Зама, ахь собарде
Цхьажимма суна…

*2008 шо.*

***

БІаьсте йолу, бацо латта кхолу,
Стиглахь гучуболу боьлу малх,
Хьозано самукъне илли олу,
УьйтІахь жІаьло олу девза гІалх.
Бай а къарзош, къорза зезаг долу,
Цхьалха полла техка зазашлахь,
Токхе дахар эвлахь кхехкадолу,
Суна-м гац хьо сайна бевзаршлахь.
БІаьсте ели, бацо латта кхели,
ПетІамато къарзби сийна бай,
Хьо сох хІинца хераяьлла ели,
Вайшинна юккъера хадош тай…

*30.02.2012шо.*

***

Кавказан ломахь хьо кога яха,
Нохчийн дош дуьххьара

хьан беро эли,
Хьан халкъан даггара безам бу хьоь,
Дуьненахь сийдолу тхан Нохчийчоь.
Хьан лаьмнийн баххьаш
малхаца къега,
Хьан хьаннийн
хотешкахь къоркхокхий дека,
Шовдано тийналлехь хьоь къамел до,
Іаламо хазйина тхан Нохчийчоь.
Цхьа доьзал санна, сий ойъуш хьан,
Бартболу къаьмнаш хьуна чохь деха,
Байракх хьан лестайо мелачу мохо,
Товш ю хьо даима, тхан Нохчийчоь.

*2009 шо.*

## Юьртахошка

ГІовттий Іуьйрре, сан юьртахой,
Тоха бІаьрг вайн Іаламе,
ЙогІу хІора Іуьйре хазлой,
Туьйранан сурт гойтуш шен.
Дохк хІоьттина раьгІнаш хьулъеш,
Мархаш гІовтту лаьттара,
ЦІечу динахь даьхний лоьхкуш
БежІу гур ву геннара,
НІаьна-котам, дог а гІиттош,
Вайга зевне кхойкхур ю,
Олхазарша шайн мукъамаш
Іуьйре хазъеш лоькхур бу,
Баца тІехь тхи гур ду къегаш,
Лахло сихха шело яйн,
Іалам лаьтта самадолуш,
Вай а самадовла хІай.
Шен зІаьнаршца бІаьргаш Іийжош,
Кестта малх а гІоттур бу,
Цо къагор ду къоьжа лаьмнаш,
Вина юрт а къегар ю.
Тайп-тайпана къора аьзнаш
Вовшах ийна декар ду,
Хьоза хуьлий стигла довлуш,
ТІаккха лаьтта дуьсур ду,
Іуьйре дезчу дийнах таръян
Дерриг халкъ а гІоттур ду,
Іуьйре массара а хазъян
Цхьацца синтар дугІур ду.
ГІовтта вай а, сан юьртахой,
Эвлах хьалххе тоха бІаьрг,
Іуьйре даггара декъал а йой,
Цу хазаллах тухуш церг.

*07-08.08.2008шо.*

## Гочдарш

# Ахматукаев Адаман - 55 шо

ЛЕРМОНТОВ Михаил

# Мцыри

***Вкушая, вкусих мало меда,***
***и се аз умираю.***

***1-я Книга Царств***

1

Цхьажимма хьалха шерашкахь,
Ши йиша санна мар-марахь,
Куран, Арагван уьйчохь хиш
Гу-лаккхахь лаьтташ яра килс.
Цу агIор-м хIинца а го-кхий
ГIаш вогIу-воьдучунна, ков
Чудоьжна, харцаза ши ког,
Ва момсарш, килсан тхевнан дукъ;
Кхин цунна кIел – цу хьарми чу –
Ца хьийза хьожа-аьхна кIур,
Я буьйса-кIоргехь мозгIарийн
Мукъам, вай Деле кхуьйлуш, – кхин.
Цхьа къоьжа къано ву цигахь,
Цхьа са ду ша и, ког кошахь,
Іу хилла херцарийн, и Іа.

ДIахьоькхуш чарташ тIера чан,
Цо хьаьркаш дендо йозанан,
Схьакарладохуш лелла дерш –
Ва хьаьхна дерш, ва аьхна дерш –
Цкъа маццах даржан бехкамо
Са-бIаьрзе винчу паччахьо
Шен халкъ а Россин куьйга кIел
Дигарх, ва Гуьржийчоьнна тIе
Цу Делан беркат хьовзадеш,
И ларъеш вуонах мостагIийн,
Карийна агIо доттагIийн.

2

Цкъа лам чохь оьрсийн инарла
Тифлисе охьавогIура,
Ша цIетта санна, йийсар деш,
Схьаэцна бер а даладеш.
И бер, ца лайна беха некъ,
Схьагора гIора эшначех,
Пхи-ялх шо кхаьчна хиллал, кхин
Хир доцуш, эрзах эгIазий,

Ва акхий, стешхий, тап масар.
Цо ловра Іазапе лазар,
Са кхобуш доьналлица дайн,
Ца леткъош дош а къера, дайн.
Даарна къуьйлуш бетан гуо,
Са-курра йора дуьхьало,
Шен дегІ даахь а мацалло.
Ткъа халбатерчу мозгІаро
Къинхетам орцах баккхаро
Лазарх а хьалхавоккхуш, и
Іан-ваха килсахь висна. И,
Ца кхеташ берийн ловзарех,
Юьхьанца вуьйлуш царна тІех,
ДІалелла тийна-таьІІина.
И къорра, дагна даІ дина,
ДІахьежна малх схьакхетачу,
Са лаьтташ кхача дайн цІа чу.
ТІедужуш йийсараллин дукъ,
ДІавоьлла маттах хийрачу,
Іуналла тоьлла мозгІарийн,
Ца довзарна дуьне а кхин,
Дагахь а хилла тоба дан,
ДІакхеташ церан тобанах.
И цкъа-м дІавайра цІеххьана
Гурахь къу-берзан буьйсана.
Схьалоьхуш орцах орцано,
Де кхузза хийццалц буьйсано,
И эххар аренгахь са чохь
Карийра, хьош юха а цу
Ша ведда волччу хьарми чу.
И гІийла вара – деккъа са,
И – хьаьшча санна балхо, я
Мацалло, цхьана цамгаро.
Цо, хаттаршна а инкарло
Еш, хьал шен дора кхин а вуон.
Некъ баьлча лела кхиэлана,
ТІевеъча мозгІар кхийлам бан,
Цкъа цуьнга, халла нисдеш дегІ,
ЛадоьгІна, эххар цомгашчо
Ца лацабелла деган муо
ДІабостуш, долийра къамел:

3

«Баркалла, варна кхуза хьо
Ас даре дендерг хаза. Со-м
Варийца суо, и далхадеш,
Сайн кийра бассо сагатдеш.
Сох нехан къа-м ца хьирчина
Ас хьуна охьадагардан.
Ткъа хІокху дагардийцаре
Сан дог схьадасталурий-те?
Сан дахар хилла йийсарехь,
И – доца, и – сатийсарехь
ДІадаьлла. Ас, и санна шиъ
ДІаделла, оьцур дара кхин –
Цхьа дуьззинарг, цхьа къегинарг,
Ткъа сайнчо ойла хьегийна,
И йоьлча нІаьнах кийра сан,
И ба́жа, цІарах багабан.
Цу ойлано со, халбате
ДІатесна, хьой са хьоьгуче –
И тархаш мархел лекхачу,
Нах, аьрзуш санна, маьршачу –
Сан хийла буьйса гІайгІанехь
ДІатилла бІаьргийн делхарехь.
И латтий, стигал хезаш ду-кх,
Со къера ву, са хьегна ву,
Сайн дийцар данне доцуш харц,
Ва амма дохковуьйлуш вац.

4

Дукхазза хезна суна ахь
Суо ваккхар лечу киртигах –
Ткъа хІунда? Генах даьккхина
ГІа дуй со-м, гена даьккхина.
Со – сица бер, сайн кхолламехь-м
Со – мозгІар, кхиъна халбатехь.
Сан ала йиш ца хилла цкъа́
И хьоме дешнаш: «нана», «да».
Ткъа хьуна-м лиъна хир ма ду
Со царах, хьоме-хьомсарчу,
Тило кху хьармин гурашкахь, –
Ма эрна! Гуттар сан дагахь
Ду церан аьзнаш, сица сан
Дуьнен чу цхьаьна даьхкина.
Со, нехан даймохк, доттагІий
Ца гуш а ма ца лелла-кхий,
Ткъа лелла со, сайн гергарнаш
Ган хьоьгуш, я – тІехІотта каш.
Ас эххар чІагІо йира, кхин
Ца дохуш эрна бІаьргех хи,
Цкъа маракъовла гергарниг –
Ца вовзарх, цІийца гергарниг –
Сайн гІори-гІоддах, гІайгІане,

Цкъа мацца а, цкъа мукъане.
ДІаяьгна, маржа, ойла и,
ЦІе ха́лар санна хазаллин.
Кху хиэрехь, ваьхна хиллачохь,
Лай санна, байлахь лийр ву со.

5

Со кошан балех кхоьруш вац:
Са хьегнарг цигахь сема дац,
Цигахь ду шийла, тийна ду,
Ткъа дахар муха дуьтур ду?
Ткъа хьуна девзинерий хьайн
Жималлин цІийца ойла хьа́р?
Ца девза я вицвелла хьо,
Хьайн корта безамо дІахьош,
Я дог цабезамо дахьош,
Хьуо лелар, амма – детталуш
И дог, цхьа дийна-детталуш:
ДІахьоьжуш, лекхчу момсар тІехь
Ахь малххий, арей тергалдеш,
Цигахь – и хІуо а цІеначохь –
Цкъа наггахь пенан хари чохь,
Башийна, синна сакхо еш,
ДІатебба кхокха тергалбеш?
И, дагахьбаллам беш ца беш,
ДІадаларх, гІора хьош хьан дІа,
Хьо-м дахар диъна вуй, вашá!
Хьо дицдан хІума хилла ву!
Ткъа со – и данне доцуш ву!

6

Цу паргІатонехь гиначух
Ас дийций? – ЭхІ, и башха ду!
Бай-ареш, гунаш, царна тІехь
Гуш дитташ – цхьанаэшшарехь –
Вежаршха техкаш хелхарехь.
Со Іаьржа тархаш гина ву,
Со церан ойла тидда ву:
И суна Дала делла ду!
Хин Іоврийн дозанаша шаьш
Цу гергехь вовшах хьегаеш,
ДІалаьтта уьш, цкъа даггара
ДІакхета хьаьгна мар-мара.
Ткъа денош чехка оьху дІа,
Шераш а дуьйлу иштта дІа –
Уьш вовшахкхетар йоцуш цкъа́!
Со лаьмнийн баххьаш гина ву,
Цхьа тамашийна – сахуьлуш –
Сатийсам санна цІена уьш
Цу стигла хьалаийалуш.
Ткъа бамбин мархаша а ргІ
ДІаоьцу, гІуьттуш даккъашкахь,
ДІагІертош болар малхехьа,
Ша кІайчу олхазарийн жутт
Гулъелча санна, хІуттуш сурт.
Ткъа геннахь, кІайчу дахкарлахь,
Малх лай тІехь сирла богучохь
Схьагора къоьжа и Кавказ;
Сан дог, ладоьгІча цуьнга ас,
ХІун ду а суна ца хууш,
Ша пиллиг санна, детталуш
Дара, цхьа ойла хьийзаш чу,
Цигахь цкъа со а ваьхначух.
Сан иэс а дара деллалуш,
ДІадахнарг дуьхьал далалуш.

7

СхьадуьхьалхІоьттира тхайн цІа,
Тхайн Іин а, цуьнан тогІица
Тхайн юрт а – суьйре йоларехь
Чуерза кечамаш барехь;
ЦІалоьхку чехка реманаш,
Пхьуйн геннахь евза гІовгІанаш,
Чо-къоьжа къаной – беттасехь
Ден цІенна хьалха – пхьоьханехь;
Уьш Іер а – оьзда, гІиллакхехь;
Оцаьргахь, батто хоьрцуш бос,
ГІодъюккъехь шаьлтанаш а го.
И дерриг довра, бІарлагІийн
Я гІенан кхоьлан ргІ хуьлий.
Ткъа да сан? ТІеман духарехь,
Ма-варра, дийна, суна тІе
СхьахІуьттуш ма варийца и,
Іу санна дагалецамийн.
И гІагІ цуьнан зовдуьйлуш го,
Го тоьпан, херцаш, къега бос,
И юьхь а къармазе цуьнан.
Го къона йижарий а сайн…
Оцеран аьзнех бара-кха
Сан ага тихкина мукъам…
Тхан Іин чохь дара чехка хи,
Ва амма гомха дара и;
Малх лацабелча гІушлакхехь,

Со ловзуш Іара хийистехь,
Со чІегІардигийн ловзаре
ДІахьежна цигахь тидаме,
Уьш, догІа доладалале,
Хих тІемаш туьйсуш, хьийзачохь.
Сарахь-м юха а тхайн цІа чохь
Хуьлий со – буьйса яцлучохь, –
Цкъа маццах лелларш далхадеш,
Цхьа дехха дуьйцучеран теш.

8

Ткъа паргІатонехь диначух
Ас дийций? – ЭхІ, ма дуьне ду
Цигахь ас диъна, лайна дерг!
Ткъа дацахьара и кхо де,
Сан дахар гІийла, гІайгІане
Хуьлур-кх, хьан тишчу къаналле
Ца кхочуш. Дикка хьалха ду,
Со хьаьгча хаа, муха ду
Цу арахь, латта хаза дуй,
Дуьнен чу да́ха догІу вай
Я текхо дахар – да́къа лайн?
Цкъа, буьйса йоьлхуш догІанах,
ДІаловчкъа ткъесан кхерамах,
Шу, доьхна, цІенкъахь Іоьхкучохь
Каяьлла, ведда вара со.
Ма маьрша дара дорцехь са! –
И мархаш лоьхкуш бІаьрсица,
И ткъес а лоьцуш куьйгаца…
Сан деган, дорцан даьгначу
Цу доттагІаллал дийна шун
Кху пенаш юккъехь дарий цхьа́
Со Іехаваллал хІума, хІа́н?

9

Со ведда воьдуш – мел, мичахь-м
Хаац-кха – седа стигалахь
Ца гуора, некъах лар тиларх
Со ларван, хилла юкъара.
Со, кийра Іехош – хиларо
Чуоза хьаннийн цІена хІуо –
ДІаихна. Эша доьлча хьал,
Со, дегІе жимма яйта ял,
ЛадугІуш, воьжча бацала,
Лорах сан орца дацара.
ДогІа а сецца, анайист
Схьакъестош дара дехха сиз,
И хедош, хьалаийалуш,
Кортош а лаьмнийн геннахь гуш.
ДІатийна Іуьллуш вара со,
Схьахезаш чагІалкхо Іин чохь,
Ша беро санна, хьоькху мохь,
Я, тІулгаш юккъехь туьйсуш гуо,
Тидам тІеоьзна лаьхьано.
Со кхеравелла-м вацара,
Ткъа лелаш вара нацкъара,
Цу экханах, цу лаьхьанах
Ва терра, ларлуш адамах.

10

Ткъа Іин чохь, кІоргга цу бухахь,
Бартбоццчу аьзнийн йоккха чалх
Ва санна, Іовраш керчаеш,
Хи гІергІаш, гІовгІа яра еш.
И тІулгаш дуьхьалдуьйлу дов
Дара, цу Іоврийн чІагІо ловш,
Цкъа лахлуш, кийчча дІасаца,
Цкъа – хьерайоккхуш гІартата.
Ткъа, гергадалош сахилар,
Хабаршка девлча олхазарш;
Стигаллий, латтий ийначохь
Схьакъеста боьлча дашо бос;
ГІа хьадеш, хьаькхча мела мох,
Іаь гІаттош – аьхна – зезагех;
Ас, цара санна, керла де
ТІелаца корта айабеш,
Схьагинчо воха-м вира со:
Цу Іина йисттехь вара со –
Цу кІоргехь тулгІе гІергІачохь,
Чу – терхех – тархаш юьссучохь,
Жинан бен, лар а шайна тІехь
Хиланза. И а – Дала шех
ДІахердеш, охІла жоьжхатин
Дан, кхуссуш стиглара чу и.

11

Ткъа суна гуонах Делан беш
Схьагора, бІаьрса йийсар деш:
Цу бацалахь – цу стиглара
ЧуІаьнна стелаІодан лар;
Цу дитташ юккъехь – кІажарех
Чукхозуш, кемсийн таьллангех

СхьахIуьтту тамашийна сурт;
Патарш а церан – чекх са гуш,
Ткъа хилла йолчу хорханийн
Сибат а – лерган чIагарийн,
Цкъа наггахь олхазарийн жутт,
ТIехьаьвзий стешха, юссуш чу.
И дерриг тергалдора ас,
Самонца луьттуш хIора аз.
Оцара, хIора кондарехь
Шабарш деш цхьаьнаэшшарехь,
Цхьа Делан къайле юьйцучух
Тарлора, амма башхачу
Цу аьзнийн Iаламатехь, ас
ЛадегIарх, цхьа́ адамийн аз
Ца хезна, сайна хилла вас
ДIаерзарх дегаIийжаме,
Кхин дисна доцуш, дийцар бен,
Со хIетте а сатийсарехь
Ву иза юхадийцарехь
СхьахIуттур долчу дахаран
Цу бIарлагIах а эца чам.
Цу Iура Iарш а чекх са гуш
Ярийца, кIорга хеталуш.
Сан ойла кхирстира цу чохь –
Малик а схьаган тарлучохь –
Малх хьалабаллалц гIушлакхе,
Хьогалла гIортош сан логе.

12

Хи долчу кхача, кондарех
Катуьйсуш, когаш – тIулгаш тIехь
Байбинна сецош, бердаца
Чувосса гIоьртира со. Са
Цкъа наггахь тоха-м лора сан,
ТIулг когаш кIелхьара бодий,
И ма́са бердах чухьодий;
Лорах шен ойъуш некъан кIур,
И кхиссалора Iинах чу,
ДIакъайлабаллалц хин багахь.
Ткъа со… Со кхозура лакхахь,
Жималло уьйъуш маьрша яхь.
Ткъа охьакхаьчча, цу бухахь
Хи тIера гIуьтту цIена хIо
Сайн юьхь тIе аьхна хьакхаро
Хьогалла чIагIъеш кхин а тIе,
Со бертал вуьйжира хи тIе.
Цхьа аз…цхьа гIийла когийн лар…
Цхьа цIеххьаш хилла уьш хазар,
Ас, куллах вулуш, берда тIе
БIаьрг-сема дуьйгIира сайн лерг.
Ткъа аз, и герга догIу аз,
И гуьржийн йоьIан къона аз,
И дийна, маьрша дека аз
Ма мерза тергалдора ас,
И яккха Iамазчух кхин цIе, –
Ва хеташ, – аьхна ерггий бен.
Цу чолхе йоцчу эшаран
Мукъамца ойла ийра сан.
И хIинца, хIора маьркIажехь
СхьабогIий, бека сан лерехь.

13

КIудалца белшехь гуьржийн йоI
Чуюссуш яра, стешха ког,
Галбаьлла, шаршарх лар а луш,
Шен гIулчех наггахь елалуш.
Къен духар доьхна беркъа дегI-м,
Ша тIома санна, цу басех
Дайделла догIура, ши тIам
ДIатесна тIехьа кхолларан .
ТIе – цунна – IиндагIан дашо
ХIур тевно биллина гарой,
Юьхь тIера алу гIиттарой,
Ва бIаьргаший – бух кIоргачу,
Чохь безаман цIе йогучу, –
ДIаваьхьна ойла яьхначу
Висарна, дагадогIуш кхин
ХIума а дац, кIудал бен: хих
Юзуш, и зевне ма ярий.
Ткъа кхин? – Татий бен, хIума – кхин.
Со меттавеъча даг чу тIех
ЦIий лоьллуш йолчу ойланех,
ЙоI генахь яра, шен мохьо
Ца талхош долчу боларо –
Ша акхтаргах – испайлла дегI,
Дайдинна, меллаша басех
ДIахьош кIудалца белша тIехь.
Ши доттагI санна, IиндагIехь
Ши саькkал къаьстара цигахь,
Басех чулетта хеталуш,
Цхьатерра тIапа тхевнаш гуш,
Цу цхьаннах хьалаийалуш
КIуьран сизалг а хаалуш.
Дуьхьал ду, хIинцца хиллачух,

НеI йоьллуш, ялар йоI дIа чу…
ДIакъовлалуш а иза, го…
Ва амма хир ма даций, хьо
Сан сингаттамех кхиъна, гIо.
Со дийна мел ву, дIа ца туьйш,
Ас, маржа, коша хьур бу уьш.

14

ДIатовжош гIелделла сайн дегI,
Со паргIатваьлча IиндагIехь,
Лаамза бIаьргнегIарийн мохь
Сайн гIенийн кхиэло базбинчохь
И гуьржийн йоьIан къона васт
Юха а тергалдира ас,
Са-мерза гIуьттуш ойланаш,
Ткъа кийра – юьйшуш гIайгIанаш.
СадеIар кхачош, хIоьттина,
Со самаваьлча, бутт бара
Чухьоьжуш сирла лаккхара.
Цхьа марха а – цу стигалахь –
Бутт хьарчо санна шен марахь,
Лорах тIетебаш цунна, ша
Ижуна санна, саьхьара.
Дуьне – дIатийна, бодане,
Цхьа лаьмнийн дато чечакх бен,
Ва хий бен, бердех детталуш,
Кхин хIумма а ца къасталуш.
Цу саькхал чохь цIе-м яра-кха,
Цкъа марсайолуш, хелаш цкъа.
Ва иштта – буьйса тергалъеш –
Нур седанан а го-кха леш.
Лаарх а, йиш-м сан яцарий
Цу цIа чу гIорта. Некъ сан кхин
Барийца – винчу махка тIе.
Мацаллех ойла къехкаеш,
Сайн нийса къилба лаьмнех деш,
Со ларлуш, лечкъаш, къармаза
Ихира хьуьн чухула дIа,
Цу лаьмнех бIаьрса тилалуш,
Суо виссалц некъ ца харжалуш.

15

Со-м эрна хьере хьийзарий,
Схьаийзош коьллаш коканийн,
Ткъа уьш а – хутал-бацалахь,
Ткъа гуонах – хьун бен яцара,
Чу мел ю, юкълуш кхераме.
Цу коьллийн кондаршкара шен
Эзар эзарза бIаьргаца
Схьакъерзаш буьйса яра-кха.
Со бIаьрзе дIасахьийзира,
Со дитташ тIе а вийлира.
Цигахь а бIаьрге лацалуш,
Цхьа хьун бен, яцара схьагуш.
Со тIаккха лаьтта вуьйжира,
Со къаьхьа охьавилхира,
Сайн бIаьрхиш лаьттан некха тIе,
Тхи санна, довха Iенадеш.
Ткъа нахе орцах кхойкху аз
Хазорах мотт ларбира ас.
Ша экха санна арара,
Со-м хийра варий царна, ткъа,
Вашá, и осала мохь цкъа
Цо тоьхнехь, Делора ду бакъ,
Сайн мотт бухбоккхур-м бара ас.

16

Со хьуна хьалха кхиъна ву:
Ца хиъна суна, бIаьрхи – хIун?
Цигахь-м ас бIаьргаш, маршо луш,
Белхийра, цхьанна а ца гуш.
И варш а сох ца кхаьрдара,
И бутт а – стиглан Iаьршара.
Ткъа хьалхá – ирзу гуора, шен
Го маббу лаьтташ буто пен, –
ГIамарлахь корсам яьлла тIе,
Цу беттан серло Iенаш тIе.
Цхьа IиндаггIий, ши кIегий цкъа
Ирзуна тIехтилира… ткъа
Лорах – цхьа экха, ловзаре
Ва даьлла, дужуш гIамар тIе.
И онда цIокъберг яра, шен
Лар лелаш арахь гIамарийн.
Самукъадаьлла цIийза и
ТIейоьссина а-м яцарий.
Цо доггах даьIахк Iуьйшура,
Цо бIаьрса баттах туьйсура,
ЦIога а ловзош, хьаьгна цIийх.
Чо-мас а цуьнан, беттасих
Нур дохуш, лепара детих.
Ткъа со а вара, шалго-гIаж
Схьаэцна, лата кийчча Iаш,
Са къовса кховсуш даго цIий.

ХIетахь сан некъ барийца кхин,
Ткъа хIинца-м кхетта ваьлла-кхий:
Сайн махкахь цIарца къонахийн
ЦIеяхна со а хинварий.

17

Со хьоьжуш Iара. Бодашкахь
Цхьа мостагI тосавелла, цхьа
Са-гIийла деха цIогIа деш,
УьгIира и. ГIум кегаеш,
Ког хьийкхира цо оьгIазе,
Ткъа тIаккха шина кога тIе
Хьала а иза хIоьттира,
Таба а – лахлуш – тебира,
Со лийр волуш, тIекхетахь и…
Ас цул а хьалха дира и.
Ас тоьхнарг нийсий ва сихий
Хилар ду – тап ша дагарó –
Хье беллар цуьнан сан гIожо.
Цкъа аркъалйоьжна адамийн
УгIарца, гIаьттира и, цIий
ДIатуьйсуш, Iенарх чевнан ков,
ТIелоцуш дов, и луьра дов!

18

И суна кхийтира схьа тIе,
Ткъа ас логах чу, хьем ца беш,
ЧутаIIош туьйхира сайн герз,
Цигахь кхин шозза хьовзадеш.
УгIарца тевжира цкъа и,
ТIеузуш тIаьххьара шен ницкъ,
Ткъа тIаккха тхойшиъ къовсамехь
Лаьхьарчех вовшах хьаьрчира,
Ши доттагI санна, мар-марахь
Тхо ший а лаьтта хаьрцира.
Цигахь а лийтира-кха тхо,
И цIокъберг санна, дера – со,
Са дáккхал хьоькхуш акха мохь,
Со-суо а волчух берзалойн,
Ва церан – шиннан – тайпанах
Схьаваьлла хьаннийн тхов кIелахь.
Ган тар ма лора, адамийн
Мотт бицбелла – ца хууш кхин –
Бухбуьйлу, денлуш некха чохь,
Ас хьоькху инзаре и мохь.
Са-гIора хада детталуш,
Сан мостагI-м гуора кхачалуш.
ТIехаьрцаш суна, эххаре
Сацийра цо садеIар шен,
Ши бIаьрг а, аьрта къаьрзина,
ДIахьаббеш гуттаренна а.
Ца толарх, яхь а ца луш кхин,
Ва бакъ тIемало санна, и
ДIатийра марахь Iожаллин…

19

Хьо гуш ву-кх, мIараш тийсина,
Чов-кIорга хIара берина
Сан накха – чевнаш ерзаза,
Я монаш лацадалаза.
ТIехьаккхалц лаьттан тIуьна чкъор,
Ца йоьрзуш, уьш ас коша хьор.

ХIетахь-м, уьш тергал а ца еш,
Сайн бисна ницкъаш тIегулбеш,
Ас варшахь некъ дIабира-кха.
Со кхоллам Iехо гIертара:
Ма эрна! Сох и кхаьрдара!

20

Со, хьун а эххар кхачалуш,
Схьаваьлча, гIатта ийалуш
Де дара, маьлхан зIаьнаршлахь
Ца къаьсташ седарчех а цхьа́,
И хьун а – денлуш аьзнашлахь,
Цхьа юрт а – геннара схьагуш,
КIур гIитто тхевнех йолалуш.
Цхьа гIугI хьаьдира тогIи чохь…
ЛадогIа лахвелира со;
ДIатийра мох сацарца и,
Ткъа ас тидамца зийра кхин,
Цкъа гича санна хеташ и –
Сайн бIаьрго лоцуш мел дериг.
Ца кхетадора кхетамо
Юха а сайн набахте со
Схьакхаьчна хилар хьаьвззина.
Сан хьоме хилла къайле ткъа? –
Ас оццул дийнахь ва бусий,
Са дагош, хьегош, гIайгIанийн
Мохь санна, гергахь кхаьбна ерг? –
И эрна юьсуш хилар-те,
Ца диталора даге тIе.
И, суо гIеметтахIоьттинчохь –
Дуьненан чомах кхеттачохь –
Цу нежнийн хьаннийн техкаре
ЛадоьгIуш, синна хилла тем
Ас кошан кIара хьур бу-те,
Сатийсар санна Даймахке,
Шу кхардо доккхуш бахьана? –
И шеко ирча гIан хиларх
Тидар а кхачош, геннара
Цхьа аз деара горгалан.
Хьо маржа! Хийла бераллин
Шерашкахь хезна дара и:
Сан гIенаш мерза-марзлучохь
Цу озо къеставина со
Сайн лаьттах – нах са-маьршачу,
Сайн нахах – хьоме-хьомсарчу,
Цигарчу дойх – са-аьрхачу,
Ва къийсамех а – башхачу,
Ас цхьамма толам боккхучу!
Даго сан, дуьхьал детташ ов,
Ца ла́хь а горгалан и зов,
Со кхеташ-м вара, кхин сайн лар
Даймахка кхочург цахиларх.

21

И кхаж ма суна хьакъ а бу-кх!
Дино а арахь хийрачу,
Вуон бере тосий тIера чу,
Некъ цIехьа хоржуш ма хуьлий –
Ва боций, нисса дуьхьалий.
Ткъа цунна хьалха хIун ю со?
Ас эрна кхеби некха чохь
Син да́гар – гIора гIийла дерг,
Я Iехам – хьекъалх тилла берг.
Набахтин лар ю суна тIехь.
Ва иштта хуьлу IиндагIехь
Кхиийна зезаг: цхьалха-ша́
Токхийца денош цо а, цхьа́
ЗIаьнар ца кхочуш – маьлхан – тIе,
Ца сихлуш маргIал хеца шен.
Къахетий, цхьамма эххар и
Кхоамца беша розанийн
ДIадугIу. Церан хьожа бен,
И тамехь-мерза ерггий бен,
Кхин йоцуш лулахь, – зовкх хьо яI! –
Садаьржа хан а хIутту схьа.
Ткъа йовхо, маьлхан зIаьнаро
Йохьург, ца лов-кха зезаго,
Набахтин хьу шех йоьллачо…

22

Ва иштта йоьллера сан хьех
Къинхетам боцчу дийнан цIе.
Ас корта кхехьарх бацала,
Хуьлуш кхин гIоли-м яцара:
Ша куллан кIохцалх, къийзош хьаж,
ТIехьекхалора декъа гIаш;
СадоьIуш цIерца, лаьтто а
Сан юьхь тIе алу еттара.
Лакхенгахь суйнаш, къегий, леш,
ЧуIенаш тархаш тIера Iаь,
Къорделла, маьлхан кIайн дуьне
ДIатийна Iара набарехь:
Я бецан лекъ а ца хезаш,

Я йилбаздинан цIар-цIар, я
Хин татол, берийн бур-бурехь…
Лаьхьий бен – гIашлахь шур-шур деш.
Цо, можа букъ а сеттабеш,
ГIамар тIехь леррина шен лар
ДIашершайора меллаша
(Сет санна гуора букъа тIехь
Дашочу варкъан йозанехь
Тир йигна шаьлтанан и кеп);
Ткъа наггахь, йолий ловзаре,
Шен дегI цо кхолха чIагаре
ТIехьийзадора; тIаккха-м ткъа
Са-бIаьрзе, йовхо Iаьткъина,
И гуора хьийзаш, кхиссалуш,
ДIалачкъа куллах чутуьлуш.

23

Шадерриг дара стигалахь
Ва сирлий, тийний; Iаьнарлахь
Ши лам а геннахь къасталуш,
Цу цхьанна тIехьа, ийалуш,
Вайн хьармин керт а лепаш гуш.
Лахенца хьаьдда доьдура
Ши хи – Арагвай ва Курай,
Шаьш керла гIайреш яьхначохь,
Шаьш церан айраш огучохь
Цу коьллийн орамашна, хиш
ТIекхоьхьуш, йохуш дато йист.
Со царна-м генахь вара-кхий! –
Суо гIатта тохаваларехь
Дуьне а хьаьвзаш бIагорехь,
Мохь тоха воьлча, екъачу
Багах схьа аз ца озалуш.
Со лечу хьолехь вара-кха,
Тиларчу вахна.
Хетара,
Суо Iуьллуш кIоргехь, хин бухахь,
Гуо маббу бода буькъачохь.
Шал-шийла хи а логах чу
Ца Iаббал Iенаш хеталуш,
Ас само йора, набаро
Ца Iехавойла лууш суо…
Ма тамехь дарий хьуна и!
Ткъа дIо цигахь, хин тIехулахь,
И тулгIеш ловзаюьйлучохь,
Оцеран ангалешна чекх
Чукхийда малх а баттал тIех –
Со Iехаварца – буьйлура.
Цкъа наггахь чIерийн жIуга а,
Бос херцаш маьлхан зIаьнаршлахь,
ДIатIехтуьлура. Царах цхьаъ –
ТIе-гуонах хьийзаш, хьесталуш,
Дашочу пиллигашлахь букъ
Схьаоьхьуш бара, бIаьргийн гуо-м
Схьагора, хьаьшна гIайгIано…
Ва амма аз – цхьа инзаре,
Цхьа аьхна, тамехь – сан лере
ТIетеIаш, декадора-кхий
Къамелехь цо, ткъа цкъацкъа и –
Цхьа тамашийна лешарехь
Со Iехо даржош эшарехь.
Цо соьга бохура:
«ХIай кIант,
Висахьа соьца хьо:
Ду хьуна маттов сан кхузахь
Синтеммий, шийла хIой.

*

Хьо сайн йижаршца хелхарехь
Ас юккъе хьовзор ву:
Хьан бIаьргийн серло къагаер,
Хьан са а ойъур ду.

*

ДIатовжа, кIеда бу хьан мотт,
Ю чорда – тIетосург.
Ма аьхна Iуьллур ву-кха хьо,
Ма башха гIенаш гур!

*

Сан хьомениг! сайн дагара
Ас хьох ца лачкъадо,
Со хьаьгна цIенна даредан –
Син мехха веза хьо…»

ЛадоьгIуш вехха Iийра со,
Дашочу чIеран хабаро
ДIаваьхьна, хеташ-мотталуш:
Хи лиэша аз а чIерачух
ДIаийна, – цо шен шур-шур деш.
Сан гIора эххар кхачадеш,
Сан бIаьргийн са а дайра дIа.

24

Со иштта карийнера-кха…
Кхиндерг-м ткъа хьуна-хьайнна а
Хууш ма дуй. Со ве́ли-кха.
Хьо тешарх, я ца тешарх хьо,
Бен хеташ вац-кха хIинца со.
Кхин гIайгIа ю сан хIинца ерг:
Дайн латта дац сан докъа тIе
Тосур дерг – и талхор а дерг.
Ас текхна бала сица ла́н
Сан цIаро Iовжонверг а цхьа́
Ца ваьр кху пенаш юккъехь цкъа́.

25

Хьо марша Iойла-кха, вашá…
Схьакховдадехьа куьг а хьайн:
Хьажал хьо, догуш ду сан дерг...
Ас жимчохь дуьйна схьа и цIе,
Са дагош, кийрахь сецайи.
Ца йолуш маьрша марса, и
ДIаоьцур ю-кха юха Цо –
Шен нийса ргI еш, дика-вон
Массо а цIарца кхачочо.
ХIун ял хир суна? – деллалург
Хир синна ялсаманин нур…
Цу лаьмнийн баххьаш лекхачохь
Суо жимчохь ловзуш лелла мохк
Масех минотана цкъа ган,
Хьо маржа! – дIа-м лур дара ас
Дуьне а, ялсамани а…

26

Сада́ла гергавахча со
(Ас дукха хьевийр вац-кха хьо),
Вайн беша ваккхийта со ахь –
Цигарчу кIайчу зазашлахь
Акказийн кондарш йолчухьа.
Цу шинна юккъехь юькъа буц
Ю, хIо а унах цIена ду,
Ткъа малхехь ловзу гIа-патарш –
ТIехьаьрсинчух дашо басарш.
Цигахь ас, тIаьххьара и деш,
Са-сирла деъна сийна де
Кхин цкъа а хьоме тергалдер.
Кавказ а циггара дIа го!
ХIун хаьа, хьовха, гина со,
Шен лаьмнийн баххьашкара хIо
Доуьйтий маршаллица цо…
ДIавоьрзуш, суна гергахьа
Юха а декар хьоме аз!
Ткъа суна эццахь мотталур:
И ваша ву, я доттагI ву,
Кхин йох ца яла шеллучу
Сан юьхь тIехь куьйга хьастам беш,
Цхьа гIийла, лохха мукъам беш –
Сан хьоме Даймохк хестабеш…
ДIатуьйр ву со цу ойланехь,
Ца хьехош цхьа а сардамехь!..»

***Гочйинарг – Ахматукаев Адам***

## Юбилей

# Яричев Іумаран - 75 шо



ЯРИЧЕВ Іумар

### *Кусаев Іадизана*

Иза дагахь волу ду шовзткъе пхи шо…
Іаьржа юькъа месаш,
бІаьргийн суйнаш.
Цуьнан амалехь синан йовхо
Хааелира-кха сиха суна.

Дагахь волу иза шераш ду
Дукха, суо къанвалар ца галла…
Ткъа Іадиз ша сица къона ву,
Шо-шаре совйолуш комаьршалла.

И дагахь ву… Селхане а гІой,
Кхоллам, дагалаца мІаьрго хІора.
Нохчийчоьнан берриг яздархойн
Тептар яздан цуьнан тоьи гІора.

И ву дешан, сатийсаман лай,
Ша шен кхолларалли цІергахь вагош,
Безаман хазаллин дуцуш тай,
Байташ язъян къонаниш а Іамош.

Ткъа хан хІун ю?! Хьоьстуш кхолламо,
Мокхаллина дуьхьал серло лепош,
Ваха, Іадиз, сан доттагІа, хьо,
Нохчо, КІусин еза ден цІе лелош!

### Кхайкхам

Вовшийн маракъовла, хилий реза,
Нохчий, шаьлтанаш дІаяхкий шайн.
ЭхІ, ма дукха гІуллакхаш дан деза,
Ма кІеззиг ду кху дуьненахь вай.

Іожаллин дорцашлахь некъаш дина
Юх-юха а майра, ца сетташ.
Кхаа бІешарахь вовшийн вай лардина,
Амма вовшийн дегнех ца кхетта.

Бохамашший, емалдарший, кІадой…
Тоъал лайна дерриге а аш.
Хьовсал гондІа - хІун дисна,
мах хадо,
Кхихкинчохь
дайн лаьтта тІехь тІемаш.

Делах тешар, цхьаала, деза сий
Ларде вай тIейогIучу кханенна.
Вай рогIерчу дарсо ца Iамий,
ТIекхачаллца кху тIаьххьарчу денна.

Вайна бац-те исламан малх къегаш
Ялсаманин хин йисттера схьа?
Хьере хилар дац-ткъа, со ца кхеташ,
МостагI хилла, ваша хIоттар дIа.

ТIаьххьарчу буьрсачу новкъахь делла
Дала хьекъал вайна шегара…
Шаьлтанаш дIаяхкий, дегнаш делла,
Нохчий, кхета вовшашна мара.

## Йист

Тоьа! Бакъо яцар лац-кха!
Со сайна ю бакъо… ХIетте
МуьтIахь хила хала дац-кха,
ХIоттийча урс къамкъарг тIе.

Суна гина даарх юьзна
Стоьлаш сетташ «хьалдолчийн».
Со итт шарахь дера хьежна
БиргIанашна чу герзийн.

Деса, чуьчча дешнаш. Ханна
Цара мохк, бакъ леци дIа.
ТIаккха ун даьржича санна,
Къизаниг тIом кхечи схьа..

Дуьхьло хIоттий. Нохчо – цхьанхьа,
Вукхахьа федерал го.
Суна кIело ю массанхьа –
Бекхам хьан я хIунда бо?

ЦIийн, хьацаран тIадамашлахь
Техкара, шайн узарш деш,
Са – кеманийн угIарашкахь,
Латта – танкийн коврийн теш.

Дерригено со ву зийна…
Сатийсаман – кепек мах.
Амма кхолламо Iамийна
Бакъдерг къасто пуьташах.

Цхьаьнга-м хатта лаьа вонехь,
Амма Iа вист ца хуьлуш:
ХIун хир ду со тIамах волахь,
Машарехь Iен ца лууш?

## Айдамиров Абузарна

Лекхачу дегIехь, луьнга санна, кIайн,
Векъна, тийна… Дешнийн
жима барам.
Адам – дийна нохчийн туьйра, вайн
Къоман эхь-бехк, дозалла, сий, бахам.

Хууш воцург кхетар вац цкъа а -
И стаг волу кийча, дог Iано,
Хилар, доькъуш волу ирс а, къа а,
Вайн литературин къано.

Цуо ойла шен, и ма-ярра ша,
Гойтур ю схьа, язйина я гIийла
Цуьнан хьекъалечу бIаьргаша,
Къегачу кIайн детин гурахь сирла.

Хийцамашкахь хенийн, хиламийн,
ТIемийн цIерийн кIаррашна юккъера
Веъча санна хетта даим и
Шен романийн агIонашна тIера.

Итт шарахь а нислац цIе яйар…
Нохчийчохь карзахе алу кхирсти…
Даймохк – цIергахь…Амма Абузар
МIаьргонна а цунах дIа ца къисти.

Цунна бакъо яц кхин, доцург сий,
Тоьшалла - къоьжалла, хьекъал зийна,
ХIунда аьлча, Даймохккий, Изий
Ду дахарехь даим цхьана ийна.

## Иза хьанна оьшу?

Юх-юха а тIом бо, боцуш толам,
Кхаа бIешарахь…КIордош шу дац-те
Нохчий, къинойх буза къиза кхоллам,
Стигланашка кхойкхуш балане?

Массанхьа а
вовшийн къинош лоьхуш,

Даима а вовшийн лоьцуш бехк,
Дахаран жоьжахатан гонаш дохуш,
Шеконийн кхерамех дийла чекх?

Дикачунах, шек а доцуш, теша,
Дега ца деш гІан гуш санна вон,
Я Россехь, къинхетам боцчу шеца,
Я Нохчийчохь, дарйинчу тІамо.

Дика хаъмаш хир бу мичара,
Хилча Іожаллечу дозанехь
«200» билгалонан Іаьржа кира
ЧІогІа дагна дезна кху тІамехь.

Вала доьгІна доцуш санна, тийна,
Доьлча санна, аьзнаш лахдеш шайн,
ДІабухкуш бу нохчийн
бІаьхой хийла…
Мича хьо буобераш, жерой вай?

Бакъдо дела вайн кхолламой, замой,
Буй-те бІаьрхиша шайн ца беш там
Калугерчу, Шуьйтарчу дай-нанойн
Изза бала, изза сингаттам?

Хьийза дозанан гуш боцчу шу тІехь
Вовшах вочун и тулгІенийн къахь…
Хетарехь и цхьанна-м оьшуш ду техь,
Цабезам бахийтар дуьненахь?

## Даймохк

Чан хуьлий, бов наггахь тІулг-тарх.
Дийцаро-м бакъ схьа деъна.
МІамгалой вайн махка бахкарх,
Вайн лаьмнаш къардан лиъна.

Ца хууш – аьрзунийн махкахь
Буржалш ца дар олаллин
Баххьаша, дІадовчу стиглахь,
КІайчу хино шовданийн;

Махкана, сийна муьтІахьалла
Кавказан кІентийн хилар…
Кавказан кІетийн эхь хилла
МостагІна шайн букъ гайтар.

Декхарна цу кІентийн тешам
ТІулг-пенал онда хилла,
Цундела, шайна беш эшам,
Туменаш кхузахь лелла.

Идира хан, хьоза санна,
Тийкхира марханах хан…
Маса Іаьржа йоча лайна?
Маса хІаллакьхилла кІант?

Шераш иди, маса дой санна,
Ягийнчу йистошка дІа.
Хьан латта, дезаниг сайна
Канашка ас оьцу схьа.

Мискачу, цо суна дуьйцу
Ховха я сингаттаме
МІамгалойн тарраш мекх туьйсуш
Ду, бохуш, кІоргенехь шен.

Кегделла и акха пхерчий
Даьржина, чан хилла шайх…
Бисина мукъмаш илланчийн,
Лаьмнашкахь – бІаьвнаш дайх;

Иштта ма-хиллара хьоьхуш,
Малх базло лаьмнашна тІе,
Новкъахь кІадвелларг тІевоьхуш,
Йогуш ю жаІуьнан цІе.

Аренца кхуьуш ду ялташ,
Къегаш ду шовданийн хиш,
Сийначу стиглахь ю яьржаш,
Хиллачу генен мархаш.

Заманан махо уьш охуш
Ю, хазо генара аз…
Даймехкан латта, барт бохуш,
Схьаоьцу канашка ас.

## Хаттар

Юьзна автоматаш гонах,
Дехкарш – бІаьрг тоьхначчохь дІа…

Со хьанна сов ваьлла, ванах,
Кхайккхабал тІом суна схьа?

Кхолламо тидамза дитна
ПохІмаллий, ларарриий, сий…
Хьанна ас дегбаам бина,
ЧІир суна схьакхайккхол цІийн?

Денош, шераш уьду, ца соьцуш,
БІаьхаллин низамца шайн…
Лечкъаргех ловзий-те соьца
Кхолламан сан седа кІайн?

Дуккханех со цхьаъ ву, хетта,
Хаьржинарг, де ца дуьтуш…
Мича ду, муха ду некъаш
Бакъдолчух со дІавуьгурш?

Муьлхачу лаьттал а дехьа –
Евзина йоцчу маьІехь
Дала хІун кечдина техьа
Жоьжахатехь? Ялсаманехь?

Со бу цхьа лазамийн уьйриг,
БІаьрзечу Іуьйренан су…
Соьгахь жоьпаш дац, Со – верриг
Цхьа хаттар хилла сайх ву.

## Берала

Со юха а вайло кІеззиг ханна –
ГІорасиз со кхето Іилма ду.
Со юха а, кхин дуьненахь санна,
Бераллехь хи йисте воьдуш ву.

ТІедарчий, ирх мара болу, цІера
Сосан хІордахула воьду со
ДІо хийисте. Лекхчу берда тІера
ТІема довлуш мерцхалдигаш го.

Хьоькхурган гІа, нІаьний
бешахь даьхна,
Дадин шляпа – гайта куралла.
Со тешара – Іийр ду сайга хьаьжна
ЧІерий, со кхачаре туьйсуш са.

Пхенаш чохь цІий чехка детталора,
Бетталора тІус хин чехкаллехь.
Цуьнга хьаьжча, суна хеталора –
Даккхий чІерий ду хин к1оргаллехь.

Со цІа вогІу – дуьненахь цхьаъ лара,
БІаьрлагІе ду доза сан ирсан:
Бу хетара чІерех буьзна сара
Охьанехьа кхуьу сосан кан.

ТІох оьккху! Со бІаьстера дІа аьхке
Вуьгу сиха дагалецамо…
Сахьто туйхи зІе –
мІаьргонехь къаьхки
ГІенаш, схьауьйхина беральло.

***

Дегайовхо, мотт боцчу йийсарера
Хиллачунах паргІатваккха со…
«ДІа ма гІохьа,» - доьхуш дара пенаш,
Буьйсано дийхира: «ДІа ма гІо».

ЦІеххьана вайшинна юккъе хІоьтти
МаьІна доцу хІума – къастий цо…
Лами тІехь бен яц-кха хІинца лаьтташ
Дукха хенахь хьан куьйгийн йовхо.

***

Хилла дика, вон дахарехь суна…
Со шех кхеташ воцчу кхолламе,
Ариаднин некъан тайно санна,
Даглецамо вуьгу хьуна тІе.

Амма дохалац заманан доза.
Дуьсу дезниг… Яла къинтІера.
Хиллачуьнга со кхочур вац гІоза,
Ара ер яц хьо цунна чуьра.

***Гочйинарг Кусаев Іадиз***

# Дакаев СаIидбекан - 65 шо

## Поэзин говзаллин лакхенаш

Вевзашволчу нохчийн поэтан Дакаев СаIидбекан дахаран а, кхолларалли а некъах долу хIара йозанаш дIадоло лаьа суна цуьнан поэзин башхаллех лаьцна башхачу нохчийн яздархочо, Нохчийн Республикин халкъан яздархочо Бексултанов Мусас яздинчу хIокху дешнашца: «Цхьа могIа я цхьа васт, цхьа суртхIоттор тоьа поэт вовза я иза художник ву-вац ала... Цхьа бIе я эзар агIо йолчу книгехь поэзин шикхо жовхIар карийча а, тохало дог синкъерамна. Ткъа Дакаев СаIидбекан поэзехь дог хаддаза хелхадуьйлу, цу зовкхана доккхадерца... Кхузахь и ший а (хазалла а, синкъерам а – I.К.) цхьаьна ду: кхузахь поэзи а ю, хаддаза бека деган мукъам а, къестарш а. (Бексултанов М. «Шен могIа...»: – Дакаев С. «Сан дезнарш, сан лезнарш» Стихаш, поэмаш. Соьлжа-ГIала, 20I6-гIа шо).

Ша аьлларг чIагIдеш, Бексултанов Мусас далийна С.Дакаевн байташ тIера къеггина долу бIаьрла масалш – исбаьхьчу вастийн масалш:

... Ас, мукъамца
Ломан белшах туьйсуш,
Маьрша аьрзу
Кхузахь хелхадаьхна...

***

... Деган меже шалха кхетта,
Гуоне хьийза цIоькъалом ,
Эмалк санна, бергаш етташ,
Вота, терсаш лекхало…
Озае вайн пондар-левси,
Тоха куьйгаш, богIа бохь!
Кху дуьненан кхехка кхевси
Юьсур ю вай деллачохь!

Ткъа Дакаев СаIидбекан дахаран а, кхолларалли а некъах лаьцна долу дийцар дIахьош, суна далийча нийса хетара поэтан говзарийн а цуьнан адамаллин амалан дерриге маьIна чулоцуш а, сайна дукхадеза а, «Иштта дац и...» бохучу байта тIера хIара могIанаш:

... Жирга берзан буьйса эцна,
Со ца веъна дахар цеста.
Ас кху лаьтта Iуьйре хецна,
Маьлхан дийнахь дахар хьеста.

Со ца веъна ши куьг лаьцна,
Карахь-куьйгахь доцуш, тиэкъа
Сан, гуьйрено тIемах тесна,
Ийман-беркат веъна декъа.

Оьшучунна, чIагIо йина,
ХIитта дийна тешаш бу сан:
Бакъ ма дац и – со ца вина
Барзо кIезий динчу буса!

Суна дуьххьара Дакаев СаIидбек вевзира 45 шо гергга хьалха, со СоьлжаГIалин телевиденин студехь исбаьхьаллин программийн лакхарчу редакторан даржехь болх беш волуш. ЦхьамогIа къоначу литераторийн юкъарчу гуларийн авторшна юкъахь зорбане вийлина а, сайн араяьлла стихийн гулар а йолу со НохчГIалгIайн Яздархойн союзан правленис хьажийнера «Коммунизман байракх» цIе йолчу Шелан кIоштан газетан редакцехь йолчу къоначу литераторийн цхьаьнакхетараллина тIехь куьйгалла дан. ХIетахь цунна юкъабогIуш бара тIаьхьуо шайн цIерш а, кхолларалла а дика евзина, нохчийн литературехь йоврйоцу лар йитина болу къона яздархой: Ахмаров Рамзан, Хатуев Iабдул-Хьамид, Магомадов Мовлди, Уциев Абу, кхиберш а. Царна юкъахь шен амалца билгалволуш вара Дакаев СаIидбек. Цо шен говзаршца къеггина чIагIдора: «Хиндолу олхазар бенахь дека долало», боху нохчийн кица. ХIетахь дуьйна васт говза кхолларца, ритмикица, рифмица, цIеначу маттаца билгалйовлуш яра цуьнан цуьнан байташ. Хаалуш дара, цо царна тIехь лерина болх беш хилар. Суна тахана а дагахь лаьтта цхьаьнакхетараллин рогIерчу гуламехь СаIидбека дIаешначу байтан могIанаш:

ХIоккхул – хьуна, хIоккхул – суна,
Кхача деза бохуш, хIай.
ХIоккхул доккха долу хIара
Дуьне хIунда къуьйсу вай?
Къайлаяла къоьлла йоцуш,
ХIара-м вайна тоъал дай,
Хьуна – доцуш, суна – доцуш,
Кхана дуьтур долу вай...

ХIетахь дуьххьара Дакаев СаIидбек телевидене кхайкхина, ерриге а НохчГIалгIайчоьнна вовзийтира ас. Цунах лаьцна дуьххьара очерк а язйина ас – 2001-чу шарахь оьрсийн маттахь, поэт вина шовзткъе итт шо кхочуш. Сан дукха хилла дахарехь цуьнца цхьаьнаветтаваларш, со дуккхаза а хилла цуьнан цIахь хьошалгIахь, охашимма дукха дина литературах а, дахарх а, кхолларалла а къамелаш, со хийлазза хилла цуьнан куьйгайозанан говзарийн хьалхара ладогIархо а, хьехамча а. Цундела суна дика бевза поэтан дахаран а, кхолларалла а некъ.

Дакаев СаIидбек вина 1951-чу шеран товбецан (сентябрь) беттан 9-чу дийнахь Казахстанан Малхбален-Казахстански областерчу Соколовски кIоштан Сумное олучу юьртахь. Ша поэта тIаьхьуо ма-яздарра: «Пана махкахь нохчийн маттахь хилла сан дуьнен чу валар». КIентан 6 шо долуш, 1957-чу

шарахь, Даймахках даьхна кхойтта шо текхначул тІаьхьа, шайн дай баьхначу юьрта Сесанан (тахана Нажин-Юьртан) кІоштарчу ломан юьрта ГІоьрдала цІадирзира СаІидбекан да-нана. Поэта даима а дозаллица яздо шен дай баьхначу юьртах лаьцна, масала, хІокху «Нохчийн лаьмнаш» бохучу байта тІехь санна:

Хьан суьйренаш! –
Хьан хазаллах тардала
Гергахь, генахь
Сан хІун дара, ГІоьрдала?!
Лаьмнаш лоькхуш,
Мерзах дека юьртан зов.
Малх а, техкий,
Беснеш ягош, орцах бов.
Хьан буьйсанаш!
Лам тІе хиъна беттаса.
Седане цхьаъ-м
Дуьйцу цо шен маттаца.

ГІоьрдалахь школе воьду СаІидбек, амма дешар чекхдаккхар ца нисло кІентан, белхан меттиг лоьхуш, цуьнан да-нана кестта Устрада-Эвла (тахана Аргун-гІала) охьакхалхар бахьанехь. ХІетахь цхьамогІа тайп-тайпана заводаш, фабрикаш, совхозаш йохкуш, промышленни сиха кхуьуш йолу гІала яра Аргун – белхалойн куьйгаш дукха оьшура цигахь. Школехь дешна ваьлча, чекхйоккху Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан университетан филологин факультетан къоман отделени. СаІидбека тайп-тайпанчу меттигашкахь белхаш бира: школехь берашна нохчийн мотт а, литература а хьийхира, гІишлошъяран индустрин а, гІишлошъяран материалийн а Аргун-гІаларчу комбинатехь гІишлошъяран коьчалш йира, дахар а, адамаш а, къинхьегаман чам а бевзаш. Цул тІаьхьа, 1990-чу шерашкахь, СССР йоха а йоьхна, ерриге а Россехь санна, Нохчийчохь революционни боламаш марсабовллалц СаІидбека къахьийгира «Сельхозтехникин» Аргунски декъехь (агрегатийн машинист), Аргунерчу №29 йолчу корматаллин-техникин училищехь (хьехархо, производство Іаморан мастер), зІенан системехь (зІенан оператор). ТІаьххьара, 1990-чу шерашкахь Нохчийн телевиденин журналист хилира СаІидбек, Нохчийчохь, иштта шех олу, «Контртеррористически операци» дІайолаяллалц. ТІаккха цІахь сецира, ерриге а шен ойланаш поэзина тІе а яхийтина.

Нохчийчохь кхихкинчу шина тІамах а шатайпа яздо поэта:

Нохчийчоь, къематан къизаллин кхерчахь,
Дукъделла сакъуьйлуш, йогучу дийнахь,
ГІо доццу орцанца хьан дегІах хьерчаш,
Коган лар ца херъеш, со хьоьца Іийна.

Цхьа дехар дар-кха сан, Нохчийчоь, деккъа:
Хьайн некхах векхна со ца хеташ хийра,
ТІамо сан са эцахь, хадабахь некъ а,
Со – миска тарвелахь хьайн деган кийра. («Цхьа дехар»...)

Стихаш язъян, шена нохчий мотт дика хааре а, литература кІорггера йовзаре а, езаре а терра, школехь доьшуш волуш дуьйна волавелира С.Дакаев хІора а

хинволу бакъ поэт санна. ТIаьхьа, дахаран боккхачу новкъа ваьлча, уьш язъяран говзалла цо лаккхайоккхура литературни цхьаьнакхетараллашкахь а, къоначу яздархойн семинарашкахь а нохчийн гIарабевллачу яздархойн хьехамех пайдаоьцуш, цаьргара Iемаш. Цундела къоначу поэтан байташ зорбане йийла юьйлаелира цкъа хьалха Шелан кIоштан «Коммунизман байракх» газетан агIонаш тIехь, цул тIаьхьа – республикин «Ленинан некъ» газетан а, «Орга» альманахан а, Нажин-Юьртан кIоштан «Коммунизман маяк» газетан агIонаш тIехь. Кестта СаIидбекан говзарш зорбане евлира Нохчийчоьнан къоначу литераторийн юкъарчу гуларашкахь: «Къоналлин кхайкхамца» (1976 шо), «Iуьйренан аьзнаш» (1981 шо), «Даймехкан мукъамаш» (1985 шо), «ТIоман лакхе» (1988 шо), «Шерийн гунан когашкахь» (1989 шо).

Поэтан шен байтийн хьалхара гулар араелира 1981-чу шарахь «Дегнийн йовшйоцу цIе», шолгIаниг «Дог дуьйлина мерзаш» – 2005-чу шарахь. Цуьнан поэзи гIеметтахIоьттина, яздаран говзалла лакхаяьлла а, дуьнен чу валарца Везачу Дала делла похIма чIагIделла а хиларан къеггина долу тоьшала дара уьш арайовлар.

Шовзткъе пхеа шарахь сов Дакаев СаIидбека кхолларалле хь бинчу некъан шатайпа жамI хилла дIахIоьттира Поэтан кхузткъе пхи шо кхачарна лерина Нохчийн Республикин Яздархойн союзо 2016-чу шарахь арахецна «Сан дезнарш, сан лезнарш» боху йоккха а, чулацаме а книга. Цунна юкъаяхана, поэта язйинчу 380 байтал сов, дуьххьара зорбане яьлла ялх поэма: «…Юьхь ца гучу геналлера» (шен чолхечу дахарх лаьцна); «Генара аьзнаш» (нохчийн барта кхолларалли н дийцар тIехь); «Къонахчух дош» (нохчийн гIараваьлла вевзаш хиллачу поэтах Мамакаев Мохьмадах лаьцна). «Шина тобанан монологаш» (диканах-вуонах, оьзданга ллах-акхараллах лаьцна); «Ненан узам» (ненан безамна); «Йоьхна Iуьйре» (1944-чу шарахь чиллин беттан (февраль) 23-чу дийнахь нохчийн халкъ махках даккхарх лаьцна). Оцу къизачу а, буьрсачу а Iуьйренан суртхIоттош, поэта яздо:

Меттара гIовттийна
ЭгIаза бераш
Дерзинчу догIмашца
Шайн нанойх хьерча.
Эндаже кадетташ
Ирсан цинц церан
Кхоамза лестабо
Харцонан кхерча…
Ца вуьтуш схьаэца
Ахьаран кана,
Букъ берзош, ма-хуьллу
Сихо е, бах-кха.
Лахьийна, цхьа инса
Ца дуьтуш, кхана
Нохчийн бу кечбина
Махкара лахка.

«Сан дезнарш, сан лезнарш» бохучу книгин дешхьалхенехь иштта яздо Нохчийн Республикин Яздархойн союзан председателя, Нохчийн Республикин халкъан яздархочо Ибрагимов Кантас:

«Лараме дешархо! Тахана Яздархойн союзо, 65 шо кхачарна лерина, арахоьцу вевзашволчу поэтан Дакаев СаIидбекан рогIера гулар. Гуларан чулацамехь кIезиг яц исбаьхьчу нохчийн дашехь, поэзин говзаллин бакъонаш ца талхош, язйина чулацаме говзарш. Цундела теша лаьа, хIара говзарш дешархоша езаш тIеоьцург хиларх».

Поэтан боккха кхиам лара беза «Доьналло г1аттийна ц1е» поэма, Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентана, Россин Федерацин Турпалхочунна Кадыров Ахьмад-Хьаьжина лерина язйина йолу.

Дакаев СаIидбеках лаьцна дийца сан дукха ду. Иза дерриге а дуьйцуш, суо дукха вахваларна кхоьру дела, хIара дийцар дерзош, суна яло лаьара нохчаллех даима а дог дуьзна волчу поэтан поэзин а, дахаран а дуьззина маьIна гойтуш йолу цуьнан сайна дукхаеза байт:

ВорхI ломал тIехьахь а,
Дуьненал дехьахь а
Суо воллу нохчо ву со.
Дакъаза валахь а,
Самалхадалахь а,
И суна диц ма ца ло.

Наб кхетча, гIенах а,
Хан йоцчу хенахь а –
Байттамал! – Нохчо ву со.
Стигла бохь кхачахь а,
Буйннал бен вацахь а,
Тешаме нохчо ву со.

Хьолан да велахь а,
Къен-миска велахь а,
Со воллу нохчо ву со.
Дахаран гуонехь а,
Диканехь, вуонехь а
Ас кхин цIе ца лелайо.

ЦIелетта багахь а,
Малх кхетта къагахь а,
Нохчийчоь – Даймохк бу сан.
Хьан хIуъу бахахь а,
Со лахь, со вахахь а,
Ду иза сан дегIан са.

***КУСАЕВ Iадиз***

# Даймохк «даго лоькху зурма» яра поэтан

## Дикаев Мохьмадан – 75 шо

Дикаев Мохьмад 1941-чу шеран І-чу сентябрехь Соьлжа-гІалахь вина. БердкІелара цІеяххана вевза пондарча Джунайд ву цуьнан да. Бераллехь дуьйна нохчийн мукъамаша лерса хьистинчу Мохьмада шен «Бекалахь, сан мерз-пондар» стихотворенехь хІара дешнаш алар цундела ларамза дацара:

Ас хьоьга къайленаш юьйцу:
Тешаме хьан мерзаш,
Генарчу бераллехь дуьйна
Ойланаш ю хьоьца ийна;
Бекалахь, сан мерз-пондар,
Вайшиннан безаман сийнна.

Бераллехь дуьйна нохчийн иллеша, эшарша, мукъамаша лерса, дог а хьоьстуш, Даймахкана генахь хиларна сингаттамехь, гІайгІанехь кхиъначу кІентан дог-ойла нохчийн меттан дашна тІе ерзар, оцу дешнашца цо исбаьхьа васташ кхоллар дукхе-дукха хьалхе хилира. Шен кхо шо бен доцчу хенахь ден а, ненан а марахь-карахь, Даймахках а ваьккхина, Талды-Кургане дІавигар иэсехь дисначу кІанта гІайгІанечу мукъамехь далхадора тІаьхьо:

Хьуна генаваьлча,
Херехь зама яьлча,
Даго лоькху зурма
Суна хьо хетара.

Поэто буьйцург Даймохк бу, «малх бицбина, нур къагийна, суна хьо лепара», - бохуш. Нохчийн къомо Даймахкана генахь хан токхуш, сахьийзо а, сагатдан а къайлах бен мегаш дацара. Сагатдар, сахьийзор дешнашца ала а, мукъамца далхо а дихкинера Іедало. Дихкинехь а, халкъо иллеш, эшарш, назманаш йохура, уьш дІаолура шаьш вовшахкхетча, суьйренашка, Іуьйренашка шайн гІайгІа-бала балхош. И гІайгІа-бала шайн дуткъаделлачу синошца Даймахка беара халкъах дийна бисначара. ДІадаханчу бІешеран 60-чу шерашкахь Даймахка цІабирзинчарлахь наггахь а поэт, прозаик вацара шаьш Даймахке тийсина са стихашкахь, прозехь дийцаза, далхоза. Церан хІораннан а произведенехь къаьхьа къурд, гІорасизалла, сатийсам, сатийсар, цкъа а

Даймахках дог а диллина цхьа минот цара яьккхина цахилар а ду. Къаьсттина дика хаало, дешало иза М.Мамакаевн, І.Мамакаевн, М-С.Гадаевн, С.Гацаевн, Ш.Рашидовн, М.Дикаевн стихашкахь. Цундела церан дешнашна тІехь даьхна иллеш, эшарш халкъан хилла дІахІиттина, халкъан даггара аьлла, яздина церан дешнаш долу дела. М.Дикаевс шен синна гергарчуьнга, доттагІчуьнга къамелдечу кепехь боху:

ХІора йогІу кхане
Хьоьца йоккхур, бохуш,
Винчу махка кхача
Ас сатийсинера,
Сан дай баьхна латта,
Сан ирс долу Даймохк,
Хьох къаьстина,
Догдиллина,
Іалург ца хиллера.

Цуьнан са, ойланаш, дерриге а халкъан санна, Даймахкаца доьзна дара. Даймахках догдиллина ца веха поэт, хІора дийнахь а чІагІлучу дегайовхонца веха, «малх бицбина, нур къагийна, суна а хьо лепара», - бохуш. Шен дайн махках шен са Іаьбча бен ца хьахабо, ца бовзуьйту цо шен йоІе болу безам.

Вайн дайша дуьйцуш хезна вайна: «Вай цІа маца дохуьйту боху? Даймахка цІакхаьчча адам доьлхуш дара… Лаьттах барташ бохуш дара адамаш…» Нохчий Сибрехара цІабаьхкинчу муьрехь кхиъначу интеллигенцин могІаршкара ву Мохьмад. Тамашийниг кхин цхьа хІума а ду: оцу интеллигенцех цхьа а цхьаъ вац школехь нохчийн мотт Іамийна, хьехархоша матте, халкъе, Даймахке безам кхоьллина. Церан цаьрга безам кхиийнарг баккхийчара, дай-наноша Даймахках дийцар, Даймохк хестор дара: «Генарчу Кавказехь, ДегІастанехь, Нохчийчохь хІинца малх хир бу, йовха хир ю, стоьмаш ношделла хир ду. Мел шийла дара шовданаш. Ма исбаьхьа дара бохь лекха лаьмнаш», - бохуш. ТІаьхьо ша язйинчу стихашкахь бовзийтира Мохьмада шен Даймахке болу безам, ша цунна сагатдар а.

Хьуна генаваьлча,
Херехь зама яьлча,
Даго лоькху зурма
Суна хьо хетара,
Сан дай баьхна латта,
Сан ирс долу Даймохк,
Малх бицбина,
Нур къагийна,
Суна хьо лепара.

«Даго лоькху зурма» Даймохк а хеташ ваьхначу поэтан хІора а дашехь сингаттам, гІайгІа, ша цІа кхаьчча а цІерадаьлла, дайн кхерчахь шен меттиг ца карош, карзахе са хаало. Шайн дайн махкахь а болуш, цІахь бацара нохчий. НеІсагІехь бара нохчийн мотт, гІиллакх-оьздангалла. Ярташкахь буьйцуш,

гIаланашкахь бийца, школашкахь хьеха а дихкинера нохчийн мотт. И гIело шайн ойланашкахь, сица къуьйлура интеллигенцин векалша. Оцу садеттарх, харцонех цамгар хилларш бацара кIезиг. Оцу цамгарша царех цхьаберш хеназа дахарх хедийра. Бераллехь Даймахках къастийначу Мохьмадан синна йина чов ю цуьнан поэзехь хаалуш, гIайгIанечу мукъаме йирзина. Мохьмадан нийсархой шайн уьйрех, маттах, халкъах... Даймахках дIакъастийнера. Даймахках дIакъастийначуьн гIайгIа ю цуьнан хIора а дашехь.

Мохьмадан чкъурах болчара нохчийн мотт школехь ца Iамийнера, делахь а церан цIийх, тIамарх иза болийтинарш дай а, наной а бара, къоман диканах, вонах, гIиллакх-оьздангаллах уьш дIахадарна кхоьруш, уьш кхиийна болу. Иштта кхиийна волу Мохьмад Соьлжа-гIаларчу хьехархойн институте деша воьду филологин факультете, ша шен Даймахка юхавирзича. ТIехдика институт чекхъяькхинчул тIаьхьа оццу институтехь литература хьоьхуш болх бо, стихаш язъярал совнаха Iилман болх а беш. Мохьмад вайнехан студенташлахь тIехдика дешарна дуьххьара Ленински стипенди оьцуш хилла. Тахана а мехала бу цо нохчийн фольклор толлуш бина болх. ТIаьхьо оьрсийн поэташа гочйина араелира Мохьмада вовшахтоьхна «Песни вайнахов» цIе йолу гулар. I963-чу шарахь, шен ткъе ши шо долуш, Мохьмада дакъалоцу Ерригроссин къоначу литераторийн кхеташонехь. Оцу кхеташонехь цуьнан стихийн лаккхара маххадийра оьрсийн цIеяххана бевзачу поэташа: Н.Тихоновс, А.Твардовскийс, Н.Прокофьевс и.дI.кх.

Цул тIаьхьа Мохьмадан стихаш зорбанехь арайийлира Москвахь, Ленинградехь, Къилбаседа Кавказан республикашкахь а. Уггаре а коьртаниг дара – цуьнан стихаш халкъо шен йолуш санна тIеэцар, цуьнан иллеш, эшарш а адамийн дегнаш гIайгIанца а, самуъенца а лекхадолуьйтуш хилар. Мохьмадан дешнашна тIехь даьхна иллеш: «Сан Даймохк», «Кавказан Iуьйре», «Вежарийн илли», «Ас лоьхург мила ю?», «Хьол хаза йоI суна ца гина», «Ленинградехь кхиъна йоI», «Хьан дагара хиъна», «Нохчо ву со» и.дI.кх. А.Ганаевс, М.Буркаевс, С.Магомедовс, В.Дагаевс, М.Айдамировас дIаолуш, лоькхуш а яра, ткъа тахана къоначара лоькхуш ю, уьш муьлххачу а хенахь лекха чулацам дика болуш хиларна. ЦIеяххана бевзачу композиторша: I.Шахбулатовс, А.Хлебскийс, А.Розенберга, халкъо а мукъамаш бехира цуьнан дешнашна.

Нохчийн эстрадина бухбиллина поэт лара вогIу Мохьмад. Цуьнан стихашна тIехь мукъамаш баьхна иллеш, эшарш а яра эстрадин хотIехь дIалекхнарш. Оцу хенахь вайн культурехь кхиаме керланиг дара иза, массара а къобал ца динехь а. Дикачу, хазачу нохчийн маттахь, шовкъехь, говза исбаьхьа васташ а кхуллуш Мохьмада язйина стихаш, царна тIехь даьхна иллеш, эшарш а халкъо шен а дина тIеийцира. Иза бара поэтан кхолларалли халкъо лаккхара хадийна мах. ЦIеначу даггара хIара дешнаш аьлла волу поэт халкъо шен ца лара йиш а яцара:

Нохчо ву со,
Кху дуьненчохь са лаьттачу
ирсе кхочуш,
Барттий, безам,
яххьий, тешам
байна, цкъа а вехар воцуш!

Нохчо ву со,
Цхьана а къоман
  къонахчуьнца гамо йоцуш,
Махках ваьлла,
  халкъах хаьдда,
декъалхила амал доцуш!

Шен махкахь шен халкъаца цхьаьна вехарг бен ирсе а, декъал а ца хуьлий дика хаара Мохьмадна. Нохчийн мотт, цуьнан сица шовкъехь лекхалора. Нохчийн мукъам бу цуьнан хIора а байтехь. «Нохчий» - бохург, дуьззина цуьнан маьIна а девзаш, лакхадаккха лиънарг, лакхадаькхинарг, цуьнан хьакъйоллучу метте и дош хIоттош, цул хьалха цхьа а вацара.

Цундела жимчо а, воккхачо а езаш тIеоьцура Мохьмадан поэзи, цуьнан иллеш, эшарш а радиохула, телевиденехула нохчийн хIусамашка дIакхочура. М.Дикаев халкъан истори, фольклор, литература, мотт а дика хиъна ца Iаш, дуккха а халкъийн литература а дика хууш, шен хаарш НГПУ-н студенташна дIалуш а вара. Филологин факультетехь хьехархо вара Мохьмад. Цуьнан хилла студенташ тахана а болх беш бу газетийн, журналийн редакцешкахь, школашкахь, хьехархойн институтехь, университетехь. Царех цхьаъ хIокху статьян автор а ву. Доккха похIма долу М.Дикаев дукха ца вехира. Хеназа дIавахара иза вайна юкъара, ша аьлла а, шех аьлла а хаза дош а, "Нохчийн хIусам" (I965 шо), "Догу сан дог" (I967 шо), "Деган мерзаш" (I97I шо), "Вайнехан иллеш" (I972 шо), "Стеган цIе" (I990 шо) - стихийн гуларш а йитина. Делан Iожалла ца лелча ца ялахь а, иштта са цIена, доккха похIма долу стаг юкъара дIавахча, дагахьбаллам буьссу. Шен дагахьбаллам бу халкъан поэто А.Сулейманов вайна бовзийтинарг: «Дикаев Мохьмад, мурйоьлла дечиг санна, кхерчахь сийсачех вацара. Иза чоь серла а оьккхуьйтуш, вогучех вара. Вай и лар а ца вира». Мохьмад ваьхна зама, Мохьмадан амал, цуьнан синна кхетта, цхьаболчара кхетийтина, цамгар евзачу Ахьмада аьлла и дешнаш бакъ ду. Доккха похIма долу Мохьмад лар ца вира, ткъа хьагI йолчара мелхо а новкъарло йира синмаршонехь ваха.

«Нохчийн хIусамехь», «Деган мерзашца», «Вайнехан иллеш» а олуш «Догу сан дог» а бохуш, «Стеган цIе» ларйинчу М.Дикаевн поэзи ехар ю нохчийн мотт мел бу.

***СУМБУЛАТОВ Дени***

ДIахьош ду 20I7-чу шеран I-чу эханна «Орга» журналана язвалар.

«Россин почтан» дакъошкахь журналана язваларан мах 425 соммий 76 кепеккий бу.

Журналана язвала йиш ю редакцехь а, хIора номер шаьшша схьа а оьцуш.

Эхашарна мах 330 сом бу.

Безий шуна нохчийн мотт, езий нохчийн литература? Езахь, «Орга» журналана язло, шун тешаме доттагI а хилла, дIахIуттур ду иза!

«Орга» журналан редакци.

Нохчийн Республикин къоман политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан а, хаамийн а Министерствон пачхьалкхан бюджетан учреждени «Литературно-исбаьхьаллин журнал «Орга».

Арадолу нохчийн маттахь.

Журналана регистраци йина 2014 шеран 29-чу январехь Нохчийн Республикехула йолчу зIенан а, хаамийн технологийн а, шуьйрачу коммуникацийн а декъехь тергояран Федеральни службин Урхаллехь.

Регистрацин хьокъехь тоьшалла ПИ № ТУ 20-00088.

Журнал зорбатоьхна «Грозненский рабочий» цIе йолчу пачхьалкхан унитарни предприятехь.
364021 НР, Соьлжа-гIала, Интернациональни урам, 12/35

Тираж - 1000 экземпляр. Заказ № 0380 Бинна Мах